74.00
D-76

A-PDF Merger DEMO : Purchase from www.A-PDF.com to r

A.DOSXODJAEVA

# SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİ

Tashkent – 2021

Книга должна быть
возвращена не позже
не указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдан ______________

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASİ
JOQARİ HÁM ORTA ARNAWLİ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

ÁJINIYAZ ATİNDAĞİ
NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALİQ INSTITUTİ

A.DOSXODJAEVA

# SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİ

5110900 - Pedagogika hám psixologiya bakalavr tálim bağdarı
talabaları ushın

Tashkent
«Yosh avlod matbaa»
2021

UO'K: 378
KBK: 74.00
D-76

A.Dosxodjaeva
**Shańaraq pedagogikası** [Matn]: Qollanba / A.Dosxodjaeva. – Toshkent: «Yosh avlod matbaa», 2021. – 128 b.

Qollanbada shańaraq pedagogikasınıń hár tárepleme ózine tán ózgeshelikleri, shańaraqta bala tárbiyasına baylanıslı ilimiy kóz-qaraslardan, tájiriybeden kelip shıǵıp jámiyetimizde shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıw baǵdarınıń áhmiyeti ashıp berilgen.

Qollanbada búgingi kún bilimlendiriw sistemasınıń aldına qoyılıp atırgan juwapgershilikli wazıypalarǵa, onıń sıpatına sáykes shańaraq pedagogikasında perzent tárbiyası mashqalaları hár tárepleme qamtıp alınǵan.

Joqarı oqıw orınlarınıń 5110900 - Pedagogika hám psixologiya bakalavr tálim baǵdarı talabaları ushın tayarlanǵan Shańaraq pedagogikası páni boyınsha bul oqıw qollanba pedagog xizmetkerlerge, shańaraq pedagogikası menen qızıǵıwshı keń jámiyetshilikke usınıladı.

**Juwaplı redaktor:**

***T. Utebaev*** – Ájiniyaz atındaǵı NMPI, Ulıwma pedagogika hám psixologiya kafedrası baslıǵı, pedagogika ilimleri doktorı

**Pikir bildiriwshiler:**

***A. Pazilov*** – Ájiniyaz atındaǵı NMPI, Ulıwma pedagogika hám psixologiya kafedrası docenti, pedagogika ilimleri kandidatı

***A. Tilegenov*** – T. N. Qariy Niyaziy atındaǵı Ózbekstan pedagogikalıq ilimleri ilim-izertlew institutı J. Orinbaev atındaǵı Qaraqalpaqstan filialı direktorı, pedagogika ilimleri kandidati, úlken ilimiy xızmetker.

Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi janındaǵı Muwapıqlastırıwshı keńesi tárepinen 2021-jıl «1» mart kúngi 110-154-sanlı buyrıǵına muwapıq sabaqlıq sıpatında baspaǵa usınılǵan.

ISBN 978-9943-7690-7-6

© A.Dosxodjaeva
©«Yosh avlod matbaa», 2021

## KIRISIW

Turmısımızdıń barlıq salalarında ámelge asırılıp atırǵan reformalardıń nátiyjeliligi, xalqımızdıń milliy sana-sezimi, ruwxıy dúnyasınıń tikleniwi, bay tariyxıy miyraslarımızdıń hár tárepleme úyreniliwi, dástúr hám úrp-ádetlerimizdiń saqlanıwı, mádeniyatımızdıń, ilim hám tálimniń rawajlanıwı, jámiyet oy-pikiriniń ózgeriwi hám joqarılawı menen ajıralmas baylanıslı. Ósip atırǵan jas áwladqa, onıń ruwxıy tárbiyasına, jámiyettiń birinshi buwını bolǵan shańaraǵına, shańaraq tárbiyasına oǵada úlken juwapkershilik sezimi menen qatnas jasaw – hár bir oqıtıwshınıń minnetli wazıypası. Millet hám xalıqtıń ruwxı, kóz-qarası hám turmıs qálpin kórsetetuǵın milliy mánawiyatqa qatnas, onı zaman talapları tiykarında rawajlandırıw, adamlardıń kóz-qarasın hám oy-pikirlerin inabatqa alıp unamlı ózgerislerge alıp keliw búgingi kúnniń eń aktual máseleleriniń biri bolıp tabıladı.

Xalqımızdıń turmıs tárizi, milliy dástúr hám qádriyatlarımızdı, xalıqtıń ruxı hám keypiyatın da hár tárepleme esapqa alınǵan hár qanday reformanıń aqırǵı nátiyjesi, eń dáslep, onıń zárúrligin xalıqtıń keń qatlamları qanday dárejede túsiniwi hám qollap-quwatlawı, bul ózgerislerdiń insan turmısına, onıń abadanlıǵın arttırıwǵa kórsetetuǵın ámeliy tásiri menen ólshenedi. Keń kólemdegi úyreniw hám hár tárepleme izleniwler nátiyjesinde biz búgingi kúni pútkil dúnya ózbek modeli sıpatında tán alınǵan rawajlanıw modelin qabıl etkenbiz. Ózbekstan xalqı xalıq xojalıǵınıń barlıq tarawların, sonıń ishinde, tálim tarawında da aldıńǵı texnologiyalardı engiziwge hám sol arqalı tálim mazmunın jáhán standartları dárejesine alıp shıǵıwǵa háreket etpekte.

Tálim-tárbiyanı sapalı shólkemlestiriwdi ámelge asırıwdıń tiykarǵı baǵdarlamalarınan bolǵan tálim standartı, oqıw jobalar, baǵdarlamalar, sabaqlıqlar, oqıw qollanbalar hám basqa da qurallar ilimniń eń sońǵı jetiskenlikleri tiykarında qanshelli jetilistirilmesin, kútiletuǵın tiykarǵı nátiyjege erisiw, puqta bilim beriw, joqarǵı sapalıq ózlestiriwge erisiw tikkeley tálim hám tárbiyanı alıp barıwshı oqıtıwshınıń tájiriybesine, dóretiwshiligine, pedagogikalıq sheberligine, oqıtıw sistemasındaǵı innovaciyalardı meńgeriwine baylanıslı bolıp esaplanadı.

Ájiniyaz atındaǵı NMPI
Máliwmat-resurs orayı
INVENTAR №151602

Shańaraq pedagogikasın úyreniw boyınsha usınılıp atırǵan oqıw qollanba óz ishine qaǵıydalar, teoriyalıq derekler (tiykarǵı tekst) túsindirmeler, shınıǵıwlar, kórsetpeler, qosımshalar, sózlikler (túsindiriwshi hám glossariy), tapsırmalar, tekstler, maǵlıwmatlar, testler hám qadaǵalaw sorawların (didaktikalıq bólim) qamtıydı. Sonday-aq shańaraq pedagogikası boyınsha tallaw úlgileri illyustrativlik materiallar túrinde, al óz betinshe jumısları jobalastırılıp berildi.

Talabalardıń keleshekte shańaraq pedagogikasın rawajlandırıp ilimiy jumıslar alıp barıwına tiykar jaratıw maqsetinde shańaraq pedagogikasına baylanıslı aytılǵan hikmetli sózlerden, ilimiy dereklerden toplandı hám oqıw qollanbaǵa óz ornı menen jaylastırıldı.

Bul oqıw qollanbada shańaraq pedagogikasın oqıtıw procesinde innovaciyalıq bilimlendiriw texnologiyaların qollanıp, teoriyalıq jaqtan tiykarlanıp islep shıǵıldı.

Qaraqalpaq xalqınıń shańaraq pedagogikası az úyrenilgen. Qaraqalpaqlardıń shańaraq pedagogikası boyınsha elede tereń ilimiy izertlewler júrgiziw menen kóp qırlı xalıqlıq pedagogikasın ashıp beriw zárúrligi keleshek aldındaǵı wazıypalardıń biri.

Shańaraq pedagogikasın hár tárepleme qamtıp rawajlandırıw boyınsha jas óspirimler, jaslar hátteki úlken áwladlarǵa arnap kitaplar dóretiw joǵalıw aldında tur. Shańaraq pedagogikasınıń jámiyettegi ornı girewli. Zamanagóy kóz-qaraslardı milliy qadriyatlar menen qarıstırıp, ilimiy tallawǵa tartıw búgingi kúnniń eń áhmiyetli máselelerinen esaplanadı.

Shańaraq pedagogikasın múmkinshiligi barınsha barlıq tárepleri jaǵınan bir sistemaǵa keltiriw boyınsha islengen dáslepki tájiriybelerdiń biri bolǵanlıqtan jumısta kemshilikler ushırawı da tábiyiy degen pikirdemiz. Sonlıqtan, avtor oqıw qollanbaǵa bildiretuǵın pikirler bolsa, olardı minnetdarshılıq penen qabıl etedi.

**Elektron pochta:**
Amangul1572@mail.ru
**Dosxodjaeva Amangul**



## 1-TEMA
## SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİ PÁN SİPATİNDA

**Joba:**

1. Shańaraq pedagogikasınıń pán sıpatında qáliplesiwi hám rawajlanıwı.
2. Shańaraq pedagogikasınıń maqseti hám wazıypaları.
3. Shańaraq pedagogikasınıń ilimiy metodları.
4. Shańaraq pedagogikasınıń basqa pánler menen baylanısı.

**Temanıń oqıw maqseti:** Ózbekstanda, Oraylıq Aziyada shańaraq pedagogikasınıń pán sıpatında ulıwma pedagogikadan ajıralıp oqıtılıwı, rawajlanıwı, negizlerin ashıp beriw.

**Bilim beriwshi:** Shańaraq pedagogikasınıń pán sıpatında oqıtılıwı, ózbek, qaraqalpaq hám basqa da turkiy xalıqlardıń ózlerine tán bolǵan shańaraq pedagogikasınıń ózgeshelikleri, uqsaslıqları hám olardıń shańaraqlıq tárbiya basqıshlarınıń rawajlanıwların ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshi:** Shańaraq pedagogikasınıń áhmiyeti, jámiyet ushın bekkem qorǵan salıwdaǵı shańaraqtıń roli hám ornı usı sheshimlerge analiz beriw.

**Rawajlandırıwshı:** Talabalardı shańaraq pedagogikası páni menen onıń maqset hám wazıypaları, milliy qadriyatlar tiykarında qáliplesken milliy ózgesheliklerge bay pán sıpatında ulıwma pedagogika tarmaqlarınıń biri ekenligin tallaw.

**Ádebiyatlar.**

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009-j.
2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006 y.
3. Munavvarov A. K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994 y.
4. Ibragimov X. I., Abdullaeva Sh. A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007 y.
5. Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010 j.

6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası, 1993 j.
7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyasi" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.
8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis – 1996 j.
9. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.
10. Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. "Bilim" baspası, Nókis – 1996 j.
11. Avtorlar jámááti: ÓzIAQB. Ilimiy xızmetkerleri. I-tom. Qaraqalpaqstan ASSRı tariyxı. Nókis-1975.
12. Avtorlar jámááti: ÓzIAQB. Ilimiy xızmetkerleri. Qaraqalpaqstannıń jańa tariyxı. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2003j.
13. Ibaku Masaru. Úshten keyin kesh boladı/ Aud. M.Ótepbergenov. Nókis, "Qaraqalpaqstan" 2015 j.

Qaraqalpaq xalqı da ázel bastan xalıq, millet bolıp qáliplesip, óziniń bay tariyxına, milliy ózgeshelik sıpatlarına iye bolıp, dúnya xalıqları ishinde óz ornı bar ullı xalıqlardıń biri. Xalıqtıń xalıq, millet bolıp qáliplesiwinde, rawajlanıwında hár bir shańaraqtıń tutqan ornı girewli. Hár bir shańaraqtıń ómiri,hár bir shańaraq ağzaları jámiyet ağzası bolıp tabıladı. Adamzat jámiyeti usılayınsha tığız baylanısta júzege kelgen. Adamlar shańaraqtı qáliplestirip dúzgende, jámáátke jám bolıp, jámiyetlik, xalıqlıq, milliylik tárbiyalardı qáliplestirip rawajlandırğanında da shańaraqtan baslanğan ómir ağısı, hár bir adamnıń dúnyağa kelgen óz shańarağı ortalığı, násili, tárbiyasınıń ornı hám áhmiyeti oğada kúshli bolğan. Biz ulıwma pedagogika tariyxınan bilemiz tárbiya haqqındağı ilimniń pedagogika dep atalıwı bunnan kóp ásir burın payda bolğan.

"Pedagogika" sózi grek sózinen kelip shıqqan bolıp **"paydo"**- bala hám

**"gogos"**- jeteklewshi degen mánili sózlerden kelip quralğan. Bul dúnya xalıqları kóleminde dástúrge enip bala jeteklewshi yağnıy oğan quramalı tárbiya beriwshi ilim sistemasın pedagogika dep



ataydı. Áyyemgi Greciyada dáslepki waqıtları qul iyeleriniń balalarına qaraytuğın qullardı pedagoglar dep atağan.

Xázirgi dáwirimizge shekem kelip "Pedagogika" sóziniń mazmunı ulıwma ózgerdi, bayıdı, rawajlandırıldı.

Pedagogika-ilim, pán sıpatında óz obyektine, maqset hám wazıypalarına, kóplegen tarmaqlarına iye bolıp, keń kólemde rawajlanbaqta.

Pedagogikanıń bir tarmağı - shańaraq pedagogikası da pán sıpatında óz aldına qaliplesken, maqsetine, wazıypalarına, izertlew ob'ektine iye.

"Tárbiya barlıq waqıtta anıq maqsetke qaratılğan process. Tárbiya maqsetsiz bolmaydı, al adam balası maqsetsiz jasay almaydı. Maqset adam balasınıń ózinin materiallıq mútájliklerin qandırıwğa, ruwxıy talapların qanaatlandırıwğa jollaydı"[1].

Tárbiya maqseti haqqında pedagog alımlardıń aytqan bul pikiri oğada ullı, durıs aytılğan. Sebebi maqsetsiz istiń nasırğa shabarı sózsiz. Al tárbiya bolsa tek belgili bir maqsetler tiykarında ámelge asırılğan. Máselen: Shańaraqta ata-ananıń ósip óniwi tábiyğıy instinkt. Barlıq janlı- jániwarlar sıyaqlı adamda biologiyalıq tirishilik iyesi. Biraq adamzattıń basqa tirishilik iyelerinen túpkilikli ayırmashılığı onıń biosociallıqqa iye ekenligi. Adam oylaydı, sóylesedi, pikirlesedi, jámlesip adamzat jámiyetin payda etken, usılay jaratılğan. Bul jolda alğashqı qáwimlik dáwirlerden baslap-aq shańaraq dúziwdiń áhmiyetin bilip, onı qáliplestirgen, rawajlandırğan. Shańaraqta bala payda bolğannan baslap, onı tek materiallıq emes, ruwxıy jaqtan da jetilistiriw maqset hám wazıypalardı keltirip shığarğan.

**Shańaraq pedagogikasınıń maqseti:** Shańaraqta qáliplesken tárbiya ortalığı – ata-ana, perzentlerdiń shańaraqta jám bolıp keleshektegi párawan turmıs, insanıylıq pazıyletlerdi jetilistiriwde nelerge umtılıw kerekligin, nelerdi ámelge asırıw kerekligin maqset etedi.

**Shańaraq pedagogikasınıń wazıypası:**

Shańaraqta perzent tárbiyasına tikkeley juwapker ekenligi wazıypası;

[1] Коснազаров К. Пазылов А. Тилегенов А Педагогика. "Билим" баспасы Нөкис 2009. 8 бет.

Shańaraq tárbiyası jámiyetlik tárbiya menen uyǵınlasıwı;

Shańaraq tárbiyası wazıypasınıń milliy hám ulıwma insanıylıq pazıyletlerdi óz boyına jámlengenligi.

Insan balası "Shańaraq"-dep atalǵan muqaddes jayda kámalǵa keler eken, onda jámiyetimizde birinshi náwbette shańaraqqa, onıń sociallıq jaǵdayına úlken áhmiyet beriliwi shárt. Shańaraq ápiwayı hám qúdiretli. Shańaraq oǵada quramalı tárbiyalardı talap etetuǵın máskan. Pedagogika ilimi rawajlanǵan sayın, keń tarmaqlarǵa iye bolıp, sonıń ishinde "shańaraq pedagogikası" da pán sıpatında qáliplesti. Shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıwı tárbiyanıń ulıwma bas maqsetlerinen kelip shıǵıp, jámiyettegi oqıw-tárbiya orınlarınıń, jámiyetlik tárbiya mekemeleriniń, orınlarınıń, tálim-tárbiya jumıslarınıń mazmunın belgileydi. Jámiyettiń rawajlanıwı shańaraq pedagogikasınıń tásiri hám nátiyjesine baylanıslı ámelge asırıladı.

Shańaraq tárbiyası - milliy tárbiya, xalıq pedagogikası menen tamırlasıp ketedi. Adamzat jámiyetiniń rawajlanıw dáwirinde etnikalıq toparlar, urıwlar hám qáwimlerdiń birigiwi negizinde xalıqlar payda boldı. Olar belgili dárejede ózleriniń ámeliy turmıs tájiriybeleri tiykarında xalıq pedagogikasın payda etti. Xalıq pedagogikası xalıq awızeki kórkem dóretpeleriniń kóplegen túrleri arqalı ámelge asırıldı. Máselen: Hár bir jeke insannan baslap, hár bir shańaraqtıń, hár bir xalıqtıń tuwma erkinlik, ǵárezsizlikke umtılıw ideyaların mına qatarlardan kóriwimizge boladı:

Qáyin jurtı Tayshıxannıń qolında tutqinliqqa túsip qalǵanın esitken Alpamıs, qolına er turmanın ala-sala Bayshubarǵa qarata:

"Shuw, shuw deymen, shuw deymen,
Ushqan qustı quw deymen....
Tayshıxannıń qolınan
"Altın tuw" dı alayıq
Xalıq iygiligi jolında
Kúsh-ǵayrattı salayıq"[2] dep juwırıp baradı

Dástannan keltirilgen bul mısalda Alpamıs Baybóri baydıń shańaraǵında batır, márt, opalı xalıq ushın janın pidá ete alatuǵın

[2] "Алпамыс"дәстаны Қарақалпақ фольклоры.Көп томлық 1-8 томлар Нөкис-2007 жыл (Қыяс жыраў варианты 564).



xalıqshıl perzent bolıp tárbiyalanǵan. Alpamıs hámme waqıtta eli-xalqınıń azatlıǵı, ar-namısı ushın gúreske tayar.

Alpamıs batır shańaraqta jaqsı tárbiya alǵan. Oǵan shańaraǵında násillik, ortalıq tárbiya tiykarları jaqsı berilgen. Ol tek óz shańaraǵı perzenti emes, pútkil xalıq perzenti dárejesine kóterilgen tulǵa.

Qaraqalpaq xalqında shańaraqta eń dáslepten-aq tárbiyanı "Atańnıń balası bolma, adamnıń balası bol" dep baslaydı. Tek shańaraǵı ushın kerekli, shańaraǵı kóleminde qalıp ketetuǵın kimse emes, pútkil el mápine kerekli insan bolıwın shańaraq tárbiyası ázelden óziniń aldına maqset etip qoyadı. Xalıq ármanınan, xalıq pedagogikası tiykarında payda bolǵan Alpamıs obrazınıń kelip shıǵıwı da shańaraqtıń tırnaǵınan baslanǵan. Xalıq naqıl-maqallarında da "Uyada neni kórseń, ushqanda sonı qıladı", "Watan - óz shańaraǵıńnan baslanadı", "Tárbiya besikten baslanadı", "Jaqsı perzent súyinish, jaman perzent kúyinish", "Qız balanı tárbiyalaw - bir elattı tárbiyalaw" dep shańaraqta perzent tárbiyasınıń kóplegen mashqalalarına juwap bergen.

Xalıq pedagogikası menen birgelikte shańaraq tárbiyasınıń maqset hám wazıypaları tariyxtaǵı ullı pedagog oyshıllarınıń da bay pedagogikalıq kóz-qarasları menen bayıp, anıq túrde belgili bir tárbiya túrlerin, metodların, qralların hám jolların izlestirdi "Enciklopedist alım Ibn Sino jetik insandı tárbiyalaw bala tuwılǵannan baslanadı, dene tárbiyası jetik insandı tárbiyalawdıń negizgi shártleriniń biri dep esapladı. Tárbiya mazmunına aqıl, ádep-ikramlılıq, dene hám estetikalıq tárbiyanı kiritti"[3] dep, insannıń tárbiya qralların atap kórsetken.

Ibn Sino menen zamanlas Abu Rayxan Beruniydıń ilimli-hikmetli insan bolıp jetilisiwinde onıń násillik tásiri kúshli bolǵanlıǵın, xan sarayı ortalıǵı, alıp saqlaǵan shańaraqtıń tásiri haqqında xalıq ishinde mınanday ápsana aytıladı: "Erte tańda qorǵannıń ústinde turǵan bir qarawıl kishkene nárésteniń jılap atırǵan dawısın esitedi. Tıń-tıńlap dawıs shıǵıp atırǵan jerge barıp qarasa jańa tuwılǵan náresteni taslap ketilgenin kóredi. Qorǵannıń ústinen túsip, náresteni ishkerige alıp kiredi.Xanǵa bala haqqında

[3] Қосназаров Қ. Пазылов А. Тилегенов А Педагогика. "Билим" баспасы Нөкис 2009. 376бет.

xabar beriledi. Xan; - Ǵayıptan tabılǵan olja xanǵa, xanlıqqa tiyisli. Bala xan sarayında xızmetkerler tárepinen baǵıla bersin; - deydi. Aradan 5-6 jıl ótedi. Balaǵa Berum dep at beredi. Bul sózdiń mánisi "qorǵannan tısqarı" degen mánini ańlatqan. Berum 5-6 jaslarında ózi qatarlı balalar menen oynap júrip hawa-rayı erteń yaki keshqurın qanday bolatuǵının, ózgeretuǵının aldın-ala bilip ayta beretuǵın boladı. Bul jaǵday dáslep balalar arasında, soń úlkenlerge de belgili bolıp, xanǵa taǵıda xabar jetedi. Xan saraydaǵı xızmetkerlerdiń shańaraǵında tárbiyalanıp atırǵan bul balanıń násili tegin emes ekenligin ańlaydı. Balanı mektepke berip jaqsılap oqıtıwǵa párman beredi. Berum xannıń oylaǵanınday qatarınıń aldı bolıp, ilimge, hikmetke qızıǵadı. 15-16 jaslarınan baslap astronomiya ilimi menen shuǵıllanadı. IX ásirde Orta Aziyanı basıp alıwshı Avganistannıń xanı Ǵaznaviy Berumdı qolǵa tutqınǵa túsiredi. Berum haqqında esitken Ǵaznaviy onı sınaydı. Úlken sarayda kóplegen saray hámeldarları menen alımları otıradı. Ǵaznaviy Berumǵa: - Mına saraydıń tórt esigi bar, men qaysısınan shıǵıp ketemen, - deydi. Sonda Berum: - Men Siziń qaysı esikten shıǵıp ketetuǵınıńızdı qaǵazǵa jazıp, edenge teris awdarıp qoyayın, Siz shıǵıp ketiń hám aylanıp kelip meniń jazǵanımdı oqıp kóriń deydi. Xan saraydıń tórt esiginen de shıqpaydı. Besinshi esik ashılıp, sol esikten shıǵadı. Aylanıp kelip Berumnıń jazǵanların oqıp kórse, olda; - Siz tórt esikten de shıqpaysız, besinshi esigińizden shıǵıp ketesiz degen jazıwlardı oqıydı. Sonda xan Berumnan bunday kóregenlikti qaydan úyrendińiz degeninde Berum bılay juwap beredi: "Shańaraǵımda ata-anamnan, birge oynaǵan balalardan, ádiwli ustazlarımnıń hikmetlerinen jıynaǵanlarımdı oy-eleginen ótkeremen"- degen.

Ataqlı alım Abu Rayxan Beruniydıń jetik insan bolıp jetilisiwindegi faktorlardıń hár biriniń óz tásiri bar. Aytayıq shańaraq - Berumdı saqladı, tárbiyaladı. "Berum" degen sóz waqıtlar ótip "m" nıń ornına "n" háribine ózgeriske ushıraǵan. "Berun" iy- qosımtası házirgi *lı, li, shı, shi* qosımtasınıń ornında qollanılǵan.

Beruniydi alıp saqlaǵan shańaraq oǵan haqıyqıy ata-ana bola alǵan. Onıń ústine mektepke berip óz dáwirine say bilim-ilim alıwına jaǵday jaratılǵan. Tuwma qabiletli, násilinde hasıllıq bar, talantlı alımdı tárbiyalaw arqalı dúnyaǵa belgili insan etti. Shańaraqtıń xızmeti, roli insandı tárbiyalawda, qáliplestiriwde,



rawajlandırıwda birinshi orında turadı. Tálim-tárbiyanıń insanıylıq sıpatta bolıwı nátiyjesinde adamzat jámiyetinde biyik shoqqılarǵa kóterilgen Abu Rayxan Beruniydey insanlardı jetilistirip shıǵarǵanın kóriwimizge boladı.

Pedagogikanıń ilim-izertlew metodların basshılıqqa alǵan halda, shańaraq pedagogikasınıń da ilim-izertlew metodları bar:

Pedagogikalıq mashqalalardı izertlewde, sonıń ishinde shańaraq pedagogikasın izertlewde, úyreniwde pedagogikalıq, psixologiyalıq, filosofiyalıq, xalıq awızeki kórkem dóretpelerin h.t. basqa da ádebiyatlardı úyreniw zárúrliginen **ádebiyatlardı úyreniw metodı** payda boladı.

**Baqlaw metodı.** Bul metod pedagogikalıq processti úyreniwde eń kóp qollanılatuǵın metod. Shańaraq pedagogikasında baqlaw metodı tálim-tárbiyanıń sapasın asırıwda arnawlı túrde, belgili bir maqsette, izbe-izlikte alıp barılatuǵın usıl- baqlaw metodı boladı.

Shańaraqta baqlaw metodın ápiwayı usıllarda ámelge asırıladı. Máselen shańaraqta 3-4 bala bar bolsa, olardıń minez-qulqı, qızıǵıwshılıǵı, qarım-qatnasları hár túrli bolıp, baqlaw arqalı salıstırmalı túrde anıqlanadı. Yamasa shańaraqta balanıń oqıwǵa intasızlıǵın anıqlaw maqsetinde, ózine bildirmey muǵallimi menen birgelikte baqlaw jumısı júrgiziledi. Shańaraqta balanıń qızıǵıwshılıǵın payda etiw ushın, dáslep hár qıylı faktorlardı baqlaw arqalı anıqlap hámme tárepten sistemalı jumıslar alıp barıladı. Baqlaw metodınıń áhmiyeti kúshli. Shańaraqta balanıń bos waqıtların qalay ótkeriwin baqlaw, shańaraq aǵzalarına qarım-qatnasları, úlkenlerge ádep-ikramlı, kishkenelerge mehir-muxabbatı máselelerin baqlaw nelerge qızıǵıwın baqlaw hám t.b.



**Gúrrińlesiw metodı.** Shańaraqta gúrrińlesiw metodı, ásirese shańaraqtaǵı balalar menen gúrrińlesiw olardıń ómirinde úlken tásirler menen alǵa ilgerilewde áhmiyetke iye. Balanıń psixologiyasın biliw arqalı onı belgili maqsetlerde gúrrińniń mazmunın maqsettiń ideyasına baǵdarlap alıp barılsa, balada qızıǵıwshılıq, isenim, batırlıq, patriotizm, etika, estetikalıq kóz-qaraslardı, sezimlerdi payda etedi. Gurrińlesiw metodınıń ishine kiretuǵın balaǵa uyqı aldınan aytıp beriletuǵın ertekler, ápsanalar, gúrrińler olardıń ruwxıyatın bayıtıp, dúnyaǵa kóz-qarasların keńeytip, dúnyanı, álemdi, ulıwma jaratılıstı túsinip alıwına áste-áste hám tereń mazmunlı tásiri ilimde tastıyıqlanǵan.




Tábiyǵıy túrde shańaraq pedagogikası, pedagogika ilimimiń bir tarmaǵı bolıp, basqa pánler menen de tıǵız baylanıslıqqa iye bolıp keledi. Shańaraqta balaǵa bir kóldiń hám onıń átirapındaǵı tábiyat baylıqlarınıń payda bolıwı haqqındaǵı xalıq ápsanasın aytıp bersek, onda biz jasap turǵan geografiyalıq ortalıq penen tanıstırıp qoymastan, geografiya páni menen baylanısamız. Sol sebepli jámiyet turmısınıń hár túrli qubılısların úyrenetuǵın ilimlerde óz-ara jaqınlıq, baylanıslar boladı. Joqarıda aytıp ótkenimizdey shańaraq pedagogikasında balaǵa ertek, naqıl-maqallar, jańıltpash, jumbaqlar aytıw arqalı folklor menen sanaq sanlardı úyretetuǵın, balalar qosıqların úyretiw arqalı arifmetika, matematika menen hám t.b. pánler menen baylanısta bolıp keledi. Shańaraq pedagogikası ilimi oqıtıw hám tárbiya mashqalaların ilimiy-ámeliy jaqtan óziniń



tájiriybe obyektinde, islewinde basqa ilimlerdiń jańalıqlarınan keń paydalanadı, usı usıllar arqalı tıǵız baylanısadı.




### Qadaǵalaw sorawlar, tapsırmalar hám óz betinshe jumıs boyınsha kórsetpeler.

#### Qadaǵalaw sorawları.

1. Shańaraq pedagogikasınıń páni haqqında túsinik?
2. Shańaraq pedagogikasınıń maqseti haqqında aytıp beriń?
3. Shańaraq pedagogikasında qanday wazıypalar qoyılǵan?
4. Shańaraq pedagogikasınıń qanday ilimiy-izertlew metodları bar?
5. Shańaraq pedagogikasınıń basqa pánler menen baylanısı?

## Tapsırmalar

1. Shańaraq pedagogikasınıń maqseti hám wazıypaları túsiniklerin tallań?
2. Xalıq pedagogikası menen shańaraq pedagogikasınıń qanday ayırmashılıǵı bar?
3. Milliy tárbiyanıń ulıwma insanıylıq tárbiyadan ózgesheligi hám uqsaslıǵı qanday?
4. Shańaraqtı kim basqarǵanı durıs?
5. Milliy tárbiya menen milliy ideyanı baylanıstırıń?
6. "Uyada neni kórseń" temasında dóńgelek stol sáwbetin shólkemlestirip, shańaraq haqqında, onıń tárbiyalıq negizi oshaq bası ekenligin turmıstan mısallar keltirip baylanıstırıń?
7. Shańaraqta kópshilik bolıp jasaǵan jaqsıma yaki kerisinshe?
8. Shańaraqta miynet tárbiyası haqqında neler ayta alasız?
9. Aqıl miyneti mádeniyatı túsinigine neler kiredi?
10. Jámiyetlik tárbiya menen shańaraq tárbiyasınıń ayırmashılıǵı hám birdeyiligi?
11. Pedagogika pániniń maqseti hám wazıypaları.
12. Pedagogika pániniń ózine táń ózgeshelikleri.
13. Pedagogika pániniń tarmaqları, bóliniwi?
14. Ulıwma pedagogika neni úyretedi?
15. Pedagogika tariyxı neni úyretedi?
16. Xalıq pedagogikası neni úyretedi?
17. Pedagogika teoriyası neni úyretedi?
18. Social pedagogika neni úyretedi?
19. Etnopedagogika neni úyretedi?
20. Shańaraq pedagogikası neni úyretedi?

## Tapsırmalar

1-shınıǵıw

Tómende berilgen kesteni tolıqtırıń

| Shańaraq pedagogikası páni | Anıqlaması |
|---|---|
| Shańaraq pedagogikası | |
| Shańaraq pedagogikasınıń izertlew obyekti | |
| Shańaraq pedagogikasınıń maqseti | |
| Shańaraq pedagogikasinin wazıypaları | |



**"Klaster" metodı.**




"Klaster" metodı arqalı shańaraq pedagogikasınıń qanday tarmaqlar menen baylanıslılıǵı túsindiriledi.

## Test tapsırmaları

**1. Shańaraq pedagogikasınıń maqseti ne?**

- Shańaraqta tárbiya beriw usılların oqıtıw*.
- Shańaraq pedagogikası pánin oqıtıw
- Shańaraq hám jámiyettiń máplerin birlestiriw.

**2. Shańaraq degen ne?**

- Eki jınıstıń nekelesiwı.Tuwǵan-tuwısqanlardıń tuwısqanlıqqa tiykarlanǵan birgelesip jasaw ortalıǵı*.
- Ata-analardıń qurǵan imaratı.
- Hár bir insannıń tuwılǵan úyi.

**3. Shańaraqta baqlaw metodı tálim-tárbiyaǵa kireme?**

- Awa*
- Yaq
- Baqlaw metodı tek izertlewlerde alıp barıladı.

**4. Xalıq pedagogikasınıń jaratıwshısı kim?**

- Xalıq*
- Áwladlar
- Jazıwshılar

**5. Xalıq pedagogikası qashan payda bolǵan?**

- Xalıq payda bolǵan kúnnen baslap*
- Ǵárezsizlikten aldın
- Feodalizm dáwirinde.



## 2-tema: SHET ELLERDE SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİNİŃ RAWAJLANİWİ.

**Jobası:**

1. Shet ellerde shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıw tariyxı.
2. Áyyemgi grek danıshpanlarınıń shańaraq tárbiyası haqqındaǵı táliymatları.
3. Evropa oyanıw dáwiri danıshpanlarınıń shańaraq tárbiyasın shıǵarmalarında sáwlelendiriwi.

**Temanıń oqıw maqseti:** Pedagogikanıń ilim-pán sıpatında payda bolıw negizlerin, xalıq pedagogikası, shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıw bagdarları menen tanıstırıw.

**Bilim beriwshilik:** Qádimgi grek, rim danıshpanlarınıń shańaraq tárbiyası haqqındaǵı kóz-qarasların úyrene otırıp, olardıń danalıq násiyatlarınıń áhmiyetin, búgingi kún ushında zárúrli xızmetlerin ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshi:** Shańaraq pedagogikasınıń dúnya xalıqlarındaǵı, tariyxtaǵı ózgeshelikleri hám uqsaslıqları, shańaraq pedagogikasınıń milliyligi hám ózine táń ózgeshelikleri menen tanıstırıw.

**Rawajlandırıwshı:** Talabalardı dúnya ellerindegi shańaraq tárbiyası, shańaraq pedagogikası tariyxı, danıshpanlardıń shańaraq pedagogikası haqqındaǵı táliymatlarınıń áhmiyetin ashıw.

**Ádebiyatlar**

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.
2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006y
3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.
4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.
5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.



INVENTAR № 151602

6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.

7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.

8. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.

9. Ibaku Masaru. Úshten keyin kesh boladı. Aud. M.Ótepbergenov. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2015 j.

Insaniyat jámiyeti rawajlanıwı menen ilim, bilim, oqıtıw barısı da rawajlanıp bardı. Insanlar ómiri dawamında toplaǵan tájiriybelerin shańaraqta perzentlerine úyretip bardı. Olar jámiyetlik kólemde insan qálpiniń zárúrligi nátiyjesinde júzege kelip, rawajlanıp bardı.

"Arnawlı oqıtıw orınları - mektepler záruriyatı kelip shıqtı, mektepler ashıldı. Mekteplerde jas áwlad aldın ala dúzilgen baǵdarlamalarǵa muwapıq maqsetli ráwishte oqıtıla basladı. Nátiyjede oqıtıw xızmetin hám oqıtıw protcesinde qollanılatuǵın materiallar, qurallar, ádisler, metodlardı ilimiy tiykarlap beriw mútájligi kelip shıqtı. Bunıń sebebinen grektiń "didasko"oqıtaman, úyretemen degen sózinen pedagogika iliminiń quramlı bólimi payda boldı".[4]

Pedagogikada didaktika túsinigi XVII ásirde nemec pedagogı V.Ratke (1571-1635)tárepinen qollanılǵan bolsa ullı Chex pedagogı Ya.A.Komenskiy (1592-1670) tárepinen qollanıldı. Ullı alımlar didaktikanı oqıtıw óneri dep sanap ózleriniń eń jaqsı pedagogikalıq oyların sáwlelendirdi. Nemec alımı V.Ratke kóbirek iskusstvoǵa hám tilge baylanıslı óner dep bahalap úyretiwge háreket etti. Al Chex alımı Ya.A.Komenskiy tikkeley barlıq tárbiya qurallarındı, mazmunın ózinde jámlegen "Ullı didaktika"(1632) miynetinde "Hámmeni barlıq nársege úyretiwdiń ulıwma óneri" dep didaktika iliminiń mazmun hám mánisin ashıp berip, joqarı shoqqılarǵa kótere aldı. Oqıtıw barısı hám oqıtıw mazmunı didaktikanıń úyreniw obyektine aylandı. Bilim beriw, belgili waqıt aralıǵı - sabaq beriw,

[4] Қосназаров Қ. Пазылов А. Тилегенов А Педагогика. "Билим" баспасы Нөкис 2009. 122бет.



oqıwdıń baylanısı, birligi, óz-ara háreket baylanısı didaktika páni bolıp qáliplesti.

Solay etip didaktika oqıtıw hám maǵlıwmat teoriyası bolıp dástúrge kirdi. Usı dáwirlerge shekem pedagogika ilimi de basqa ilimler sıyaqlı ulıwmalıq kóriniste filosofiyanıń ishinde sáwlelenip kelindi. Anıq óz obyektine, anıq óz maqset hám wazıypalarına ele belgili bir anıqlamaǵa iye emes edi. Biraq insaniyat jámiyeti óz ómirine, turmısına biyparq qaramadı. Áyyemgi dáwirlerden baslap-aq jaqsı hám jaman kategoriyaları normaların, gózzallıqqa, etika, estetikaǵa, ádep-ikram normaları qaǵıydaların danalıq penen ayttı hám tariyxta qaldırıp, biziń dáwirimizge shekem jetip keldi.

Áyyemgi grek alımı Demokrit (b.á.sh) (460-370) "Jaman isti sulıw sózler menen jabıw múmkin bolmaǵanınday, jaqsı isti jamanlaǵan menen báribir onı bılǵaw múmkin emes[5].

Kúnshillik adamlar arasındaǵı barlıq urıs-qaǵıstıń baslaması "Nápsiqaw, qızǵanshaq adam jaǵınıń etin jep, tiykarında dushpanına emes, ózine jábir qıladı"[6]

Áyyemgi dáwirlerde-aq aytılǵan bul hikmetli danalıq sózler, búgingi kún ushında adamlardıń tárbiyasına xızmet etip tur. Házirgi kúnimizde de jaman islerdi qalayınsha jaqsı yaki sulıw sózler menen jetkeriw múmkin. Qansha dárejede tapqırlıq, sesheńlik sózlerinen paydalanǵanda da haslı jaman istiń mazmunı ayan bolıp turadı. Xalıq ishinde usınday bir jaǵdaydıń, waqıyanıń bayanı mınanday; "Bir patsha túsinde barlıq tisleriniń túsip qalǵanın kóripti. Tús jorıǵısh, palshı danıshpanların shaqırıp, túsin aytıp beripti hám onıń ne bolatuǵının jorıp beriwin talap etipti. Tús jorıǵısh patshaǵa:

- Siziń barlıq bala-shaǵańız, tuwısqanlarıńız qırılıp ketip bir ózińiz qalasız! - depti. Sonda patsha qattı qáhárlenip, tús jorıǵıshtıń gellesin shawıp taslatıptı. Gezek ekinshi tús jorıǵıshqa kelipti. Ol danıshpan adam eken.

- Húrmetli patshamız, Siz barlıq tuwısqanlarıńızdan kóbirek jasaysız" –dep ekinshi bir usıl menen túsiniń mánisin jorıp beripti. Patsha bul jorımanǵa kewli pitip, danıshpanǵa sawǵalar beripti". Haqıyqatlıǵına kelgende gáp mánisin tereń uǵınǵanda ekewi de bir

[5] Ж.Базарбаев К.Дәўлетова Әдептаныў."Билим" баспасы Нөкис 1992 жыл 36-бет

[6] Сонда 58-бет

gáp. Tek jumsartıw, astarlap gáp mánisin basqasha usıl menen jetkergeninde. Nápsiqawlıq, qızǵanshaqlıq illetlerin joq etiwde álımsaqtan baslap-aq kóplegen ańizlar, hikmetli sózler, naqıl-maqallar aytıp tárbiyalap keledi. Biraq bul tuwma qásiyetti birotala joq etiw qıyın, tek ǵana azaytıw, irkiw múmkin shıǵar. Adamnıń ruwxıy kelbeti ádep-ikramlılıǵı menen sáwlelenedi. Ádepli insan hesh qashan nápsiqawlıq, qızǵanshaqlıq etpeydi. Ádep-ikramlılıqtıń áhmiyeti tek shańaraqta emes, jámiyette de sociallıq roli júdá joqarı turadı. Ádep-ikramnıń qaǵıydaların kózge ilmegen jámiyet, jámiyet emes, al kerisinshe jámáátlik jámlesiwdi buzıwshı illet. Ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw – insannıń insanıylıǵın jetilistirip, jámiyette mehir-muxabbat sezimlerin payda etip, rawajlandıradı. Solay etip ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw jámiyette hár bir adamda tıyanaqlı, sapalı tárbiyanı qáliplestiredi.

Áyyemgi rim filosof alımı Seneka Luciy (b.e.sh. 4-6-5) "Ózgelerdi úyretip júrip, ózimizde úyrenemiz" degen[7].

Danıshpannıń bul pikirleri xalqımızdıń " Insanǵa besikten – qábirge shekem tárbiya kerek" degen hikmetli sózleri menen únlesedi. Durısında da áyyemgi dáwirde aytılǵan bul pikirlerdiń búgingi kúnde de adamzatqa kún nurınday jaltıldap xızmet etiwi, onıń haslı mazmunınıń tereń shınlıǵında bolıp esaplanadı. Aytayıq shańaraqta óz balańa bir isti úyretip atırǵanıńda, ózińdi jańasha dóretiwshilik qatnaslar payda bolıp ketedi hám siz onı dárhal ámelde paydalanıp kóresiz.Bul úyretip atırıp úyrengeniń. Turmıs shınlıǵındaǵı bunıńday jaǵdaylardı danalıq penen, sózdiń qudireti menen tariyxta qaldıra otırıp, bizge shekemgi pedagogika ilimi de óz dáwiri talaplarına juwap berip otırǵan.

Joqarıda pedagog alımlardıń didaktikanı óner, úyretiwshi óner dep bahalawı da tosınnan shıqqan ideyalar emes.Adamzat ózleri jasap turǵan dúnyanı tanıwda, jámiyetlik turmıstıń jaǵdayların jaqsılawda, insanlarda insanıylıq pazıyletlerdi qáliplestiriwde tınbay miynet etip kiyatır. Adamzat dúnyasın tanıw jolında pedagogikalıq, filosofiyalıq tálim hám bilimlerden basqa, dúnyanı tanıwdıń kórkem forması, kórkem óner, sonıń ishinde kórkem ádebiyattıń da xızmeti ullı bolıp kelmekte.

---

[7] Ж.Базарбаев К.Дәўлетова Әдептаныў. "Билим" баспасы Нөкис 1992 жыл 145-бет



Áyyemgi grek tımsalshısı Ezop (b.e.sh. VI ásir)tıń, Esxildiń(b.e.sh. 525-456j) shıǵarmaları, shayır Ovidiy Publiy (b.e.sh. IV-III) Tacit Publiy (55-117) tariyxshı Dante Aliǵeri (1265-1321) ital'yan shayırı Mol'ver Jan Batist(1622-1673) fransuz dramaturgi hám t.b. Mısal ushın keltirilgen bul jazıwshı, tariyxshı, shayırlardıń dóretpeleri belgili dárejede adamzattıń dúnyasın, insanıylıq pazıyletlerin tárbiyalawda, dúnyanı kórkemlep tanıtıwda xızmetleri mol boldı. Dúnyanı tanıwdıń, kórkemlep tanıwdıń, tásirli, mazmunlı, obrazlı etip tanıtıwdıń áhmiyeti oǵada kúshli. Máselen "Danko adamlardı qarańǵılıqtan alıp shıǵıwı ushın janıp-soǵıp turǵan óz júregin suwırıp alıp, alǵa baslap juwıradı. Adamlardı qarańǵılıqtan jol jawıp, jaqtılıqqa shekem jetkeredi" – Danko xaliq ármanınan tuwılgan ápsanawiy qáhárman eli-xalqın jaqsı turmısta, jaqtılı dúnyada baxıtlı jasawı ushın janın pidá etken qaharman obrazı. Bunıńday obraz biziń xalqımızda da bar. Shıraq obrazı. Ertedegi dáwirlerde dalada, el sırtında mal baǵıp júrgen shopan jigit Shıraq, óz eline bastırıp kiyatırǵan jawlar menen júzbe-júz duslasıp qaladı. Shıraqtan kiyatırǵan jawlar elatına baratuǵın joldı kórsetip júreseń dep aldına saladı.

Aqıllı Shıraq shopan olardan qorıqqanday bolıp, aldına túsip, joldı eli-xalqı jasap atırǵan mákanǵa qaray emes, kerisinshe shólistannıń ishine qaray jol baslaydı. Uzaq jol basıp sharshaǵan dushpanlar gúmanlanıp Shıraqtı ortaǵa alıp qısadı. Sonda Shıraq olarǵa;- Awa, men sizlerdi eli-xalqım jasap atırǵan mákannan kóp jer alıslatıp adastırdım. Endi izge qaytqanıńız benen shóldiń ortasında qalıp, qırılıp ketesiz. Izge qaytıp meniń elimdi jawlap ala almaysız!- dep mártlershe juwap beredi. Sonda dushpanlar aqıllı Shıraqtıń bir ózi-aq sonsha láshkerdi jeńip eli-xalqın jawgershilikten azat etip turǵanın túsinip jetedi. Biraq endi kesh edi. Dushpanlar Shıraqtı óltirgeni menen jeńe almaydı. Ozleride qumnıń ortasında ólip ketedi. Bunıńday waqıya tariyxta shın bolǵan bolıp, adamlar Shıraqtıń aqıllılıǵın, mártligin, eli-xalqın, shańaraǵın saqlap qalǵanlıǵın ápsana qılıp aytıwı arqalı, Shıraq obrazın mángilestirgen. Usı obraz arqalı jas áwladlardı Watanın súyiwge, eli-xalqın qorǵawǵa, keleshek ushın usınday gúreslerdiń bolǵanın aytıp patriotlıq tárbiya negizlerin aytıp tárbiyalap keledi.

Dúnyada barlıq xalıqlar óz áwladlarına baxıtlı turmıs qalpin dúzetiw jolında tınbay gúresedi. Bul jolda kóplegen usıllardan paydalanıp oǵada quramalı bolǵan tárbiya qırların ashadı, rawajlandırıp keledi.

Qaraqalpaq xalqı da áyyemgi dáwirlerden baslap, tap usı búgingi kúnge shekemgi dáwirler ishinde usınday dańqlı joldı basıp kelmekte. Bunıń ayqın mısalı retinde qaraqalpaq xalqınıń kórkem awızeki ádebiyatın atap ótsek boladı.

Xalqımız ázelden-aq shańaraqta bala tárbiyasına, shańaraqtıń bekkem dúzilisine úlken dıqqat awdarıp kelgen. "Adamzattıń úsh jurtı boladı;1)Tuwǵan jurtı; 2) dayı jurtı; 3) qáyin jurtı" dep biziń xalqımız shańaraqta dúnyaǵa kelgen perzentin keleshegi menen qosa aldaǵı ómirde sınalatuǵın, súyenetuǵın, tirek bolatuǵın jurtların atap ayta otırıp ortalıqtıń, násildiń tárbiyaǵa tásirlerin, úlesin názerde tutqan. "Er dayısına usaydı", "Alp anadan tuwadı", "Bolar bala bes jasınan belgili" degen naqıl sózlerdi de shańaraqta jańa tuwılǵan, kamalǵa keltirip atırǵan bala tárbiyası tájiriybelerine súyenip aytqan. Bala atalıqtan bolǵanı menen, ol anasınıń qarnında qanı menen azıqlanıp, janınıń ishinde jasaydı. Sonıń ushında analıqtıń qanı tásirinde jeti atadan soń qan ózgeriwine baylanıslı "jek-jat" basqa tuwısqan emes alıs adamlarǵa aylanadı. Dúnyanıń kópshilik xalıqları usı jeti atadan assa nekelesip juplasadı. Al biziń xalqımızda, tuwısqan qazaq xalqında qan aralastırıw motivi yaǵnıy nekelesiw dástúri ruwlarǵa bólinedi. Bul nekelesiw dástúri dúnya xalıqları ishinde júdá az sanda bolıp keledi. Biziń xalqımızda balanıń jaratılıwınan baslap, ata-tekke de baylanıslı bolǵan násillikke de úlken dıqqat awdarıp kelgen. Keleshek áwladınıń hasıl urpaqlar bolıp jetilisiwinde tek ata jurt emes, onıń analıq tárepine de úlken itibar bergen. Bul jóninde xalıq ishinde taǵı da bir mınanday áńiz-ápsana bar. "Qaraqalpaqlardıń Xiywa xanı eziwshiligine qarsı qayta-qayta xalıq kóterilisi bolıp, milliy azatlıq gúresiniń basında turǵan Aydos biydi, Begis hám Mırjıq biydi, sońınan Ernazar biydi xan óltirip kóterilisshilerdi qırıp taslap, Ernazar biydiń anası Qumar analıqtı xan sarayına aldırıp altın tabaqqa Ernazar biydıń basın salıp, ákelip aldına qoydıradı. Sonda Qumar analıq altın tabaqtıń ústindegi jabıwlı gezlemeni alıp, balasınıń basın kóredi. Aqıllı Qumar analıq xan aldında sır bermey, ózin tutıp tabaqtaǵı balasınıń basınan,



murtlarınan sıypap; -Áy balam, saǵan razıman, ólseńde qádirli basıń altın tabaqta, xan aldında abıroylı bolıp tur!-depti. Sonda xan Ernazar biydiń jigerli-mártliginiń bir jaǵı Qumar analıqtay anaǵa baylanıslı ekenligin kórip tásiyn qalıptı" deydi. Jaqın tariyxtan bizge málim Ernazar biy ákesi Mırjıq ólgende segiz aylıq bala bolıp anasınıń tárbiyasın alǵan.Tárbiyanıń kópshilik tárepi balaǵa anası tárepinen beriledi. Máselen shańaraqta jańa dúnyaǵa kelgen nárešteniń kútimi, ananıń wazıypası. Ana toǵız ay boyında kóteredi, dúnyaǵa kelgen soń emizedi, háyyiwleydi, qolına kóterip júrip úlkeytedi. Ákeler shańaraqta ana hám balaǵa ǵamqorshı bolıp, materiallıq, ruwxıy jaqtan qollap-quwatlaydı. Bala esi engennen soń, tili shıǵıp átirapın tanıy baslaǵannan soń ákeside oǵan júdá jaqınlasıwı shárt. Ata óz gezeginde shańaraqta balanıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın sáwbetlesip, birge islesip, birge bolıp tásir jasap baradı. Sonda ǵana shańaraqta bala tárbiyasınıń pútinligi támiynlenedi. Bul usıl barlıq xalıqlar, hár bir shańaraq ushın tiyisli. Shańaraqta ata-ana tárbiyalı, bilimli, ádep-ikramlı bolsa, balanıń jasap turǵan ortalıǵı misli gúlzarǵa megzeydi. Balanıń ruwxıyatı tetik, sezimi gózzal, adamgershilik pazıyletleri joqarı bolıp jámiyettiń jetilisken bir aǵzası boladı. Áyyemgi dáwirlerden baslap-aq pútkil dúnya xalıqları shańaraqta bala tárbiyasına usınday kóz-qaraslarda ideyaların sińdirip kelgen.

**Qadaǵalaw sorawları**

1. Dúnyalıq kólemde shańaraq tárbiyasına baylanıslı hikmetli sózler aytqan qanday danıshpanlardı bilesiz?
2. "Ullı didaktika"degen miynettiń avtorı kim?
3. "Adam tárbiya predmeti sıpatında" miynetiniń avtorı kim?
4. "Tárbiya" sóziniń maǵanasın keń hám bir neshshe mısallar menen túsindiriń?
5. Insandı, insan etip jetilistiretuǵın nárse-?

**Tapsırmalar**

**1-shınıǵıw.** Siz dúnya xalıqlarında shańaraqqa baylanıslı qanday dástúrlerdi bilesiz? Mısallar keltireyik.

**2-shınıǵıw.** Siz kóz aldıńızǵa shańaraqtıń jańa formasın qalayınsha kóz aldıńızǵa keltire alasız?



**3-shınıǵıw**

Alımlarlardıń oy-pikirlerin úyrenip shıǵıń hám kestege túsiriń.



| Ya.A.Komenskiy | A.I.Gercen | I.G.Pestalocci | A.S.Makarenko |
|---|---|---|---|
| ...................... | ...................... | ...................... | ...................... |
| ...................... | ...................... | ...................... | ...................... |
| ...................... | ...................... | ...................... | ...................... |
| ...................... | ...................... | ...................... | ...................... |

**4-shınıǵıw**

**Qaraqalpaq xalqı menen qálegen bir xalıqtıń bala tárbiyasındaǵı uqsaslıqları hám ayırmashalıqların Venn diagrammasına jazıń.**





## Test tapsırmaları

**1. "Ullı didaktika" miynetiniń avtorı kim?**
- Ya.A.Komenskiy*
- V. Ratke
- Demokrit

**2. Shańaqlardıń sociallıq sharayatlardan kelip shıǵıp jaqsı hám jaman bolıwı neden?**
- Materiallıq sharayatlardan*
- Uqıpsızlıqtan
- Tárbiyadan

**3. Balaǵa ádep-ikramlılıq tárbiyası qaysı waqıtlardan baslap beriledi?**
- Úy tárbiyasınan*
- Baqsha jasınan
- Mektepte baslawısh klasstan

**4. Xalıq pedagogikasında da, ilimiy pedagogikada da eń baslı mashqalalardıń biri tárbiyanıń ................belgilew bolıp esaplanadı.**
- Maqsetin*
- Wazıypaların
- Metodların

**5. Tárbiya degenimiz ne?**
- Bir adamnıń ekinshi bir adamǵa tásiri*
- Hár tárepleme jas áwladtı mengeriwshilik
- Kommunikativlik process

**2-shınıǵıw.** Siz kóz aldıńızǵa shańaraqtıń jańa formasın qalayınsha kóz aldıńızǵa keltire alasız?



**3-shınıǵıw**

Alımlarlardıń oy-pikirlerin úyrenip shıǵıń hám kestege túsiriń.



| Ya.A.Komenskiy | A.I.Gercen | I.G.Pestalocci | A.S.Makarenko |
|---|---|---|---|
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |

**4-shınıǵıw**

**Qaraqalpaq xalqı menen qálegen bir xalıqtıń bala tárbiyasındaǵı uqsaslıqları hám ayırmashalıqların Venn diagrammasına jazıń.**





## Test tapsırmaları

**1. "Ullı didaktika" miynetiniń avtorı kim?**
- Ya.A.Komenskiy*
- V. Ratke
- Demokrit

**2. Shańaqlardıń sociallıq sharayatlardan kelip shıǵıp jaqsı hám jaman bolıwı neden?**
- Materiallıq sharayatlardan*
- Uqıpsızlıqtan
- Tárbiyadan

**3. Balaǵa ádep-ikramlılıq tárbiyası qaysı waqıtlardan baslap beriledi?**
- Úy tárbiyasınan*
- Baqsha jasınan
- Mektepte baslawısh klasstan

**4. Xalıq pedagogikasında da, ilimiy pedagogikada da eń baslı mashqalalardıń biri tárbiyanıń ...............belgilew bolıp esaplanadı.**
- Maqsetin*
- Wazıypaların
- Metodların

**5. Tárbiya degenimiz ne?**
- Bir adamnıń ekinshi bir adamǵa tásiri*
- Hár tárepleme jas áwladtı mengeriwshilik
- Kommunikativlik process

# 3-TEMA. ÓZBEKSTANDA SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİNİŃ RAWAJLANİW TARIYXİ

**Joba:**

1. Erte dáwirlerde Orta Aziyada shańaraq tárbiyasına kóz-qaraslar.
2. "Quran" hám "Hádis" lerdegi shańaraq tárbiyasına baylanıslı áhmiyetli koz-qaraslar deregi.
3. Orta ásirlerdegi shańaraq tárbiyasına baylanıslı pikirler.
4. Aǵartıwshı ózbek pedagog alımlarınıń shańaraq tárbiyası haqqındaǵı pikirleri.
5. XX ásirde shańaraq tárbiyasına baylanıslı kóz-qaraslar hám onıń rawajlandırılıwı.
6. Ǵárezsizlik jıllarında shańaraq tárbiyası máseleleri.

**Temanıń oqıw maqseti:** Ózbekstanda, Oraylıq Aziyada shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıw negizlerin ashıp beriw.

**Bilim beriwshilik:** Shańaraq pedagogikasında ózbek xalıq pedagogikası hám dástúrleri, ózbek xalqınıń belgili pedagoglarınıń shańaraq tárbiyasındaǵı aytqan hikmetli sózleri, rawajlanıw basqıshları.

**Tárbiya beriwshi:** Pedagogika teoriyası hám ámeliyatındaǵı shańaraq tárbiyası mashqalaları hám onıń sheshimlerin analizlew, baǵdar alıw.

**Rawajlandırıwshı:** Talabalardı shańaraq pedagogikası menen tanıstırıw, milliy qádriyatlar, milliy ózinsheliklerdiń áhmiyeti, zamagóy shańaraqtıń qáliplesiw ózgeshelikleri menen baylanıstırıw.

**Ádebiyatlar**

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.
2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" - 2006y
3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.
4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.



5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.
6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.
7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.
8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.
9. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.

Adamlar áyyemgi dáwirlerden baslap-aq urıw, qáwim, etnikalıq toparlar bolıp jasaǵan. Dáwirler ótiwi menen olarda jámáátlik, jámiyetlik talap hám zárúrlikler payda bolıp bul - tárbiyanıń kelip shıǵıwına sebep boladı. Adamzat jámiyetiniń payda bolıwı menen adamlardıń kúndelikli turmıs sharayatı negizinde, miynet etiw procesindegi birge islesiw, qarım-qatnaslardıń sebeplerinen tárbiya payda boladı. Tárbiyanıń jámiyetlik qubılısınan góre shańaraqlıq túri birinshi qáliplesken. Sebebi adamlar óz balaların ómirge tirishilik etiwge tayarlawdan-aq tárbiya óz-ózinen kelip shıǵadı. Miynet tárbiyası, miynetke tárbiyalaw, miynet etiw ushın aqıldı júritiw, aqıl tárbiyası, tınısh-tatıw turmıs keshiriw ushın ádep-ikramlılıq tárbiyası, ózin-ózi qorǵaw ushın áskeriy shınıǵıw tárbiyası, hátteki áyyemgi dáwir adamları salamat ortalıqtı saqlaw máselesinde júdá aqıllılıq penen tábiyatqa, ondaǵı ózleri menen tirishilik etetuǵın janzatlarǵa itibarlı qatnasta bolǵan. Adamzat jámiyetiniń hár bir dáwirinde turmıslıq tájiriybeleriniń toplanıwı nátiyjesinde, áwladtan-áwladqa násiyat hám tárbiya arqalı ótkerilip búgingi kúnge shekem pedagogika ilimi jetilisip rawajlanıp kiyatır. Xat, jazıw, sawat bolmaǵan dáwirlerde de adamlar ózleri bilgen, turmıstan túygen keleshek ushın zárúrlik turmıslıq bilimlerin awızeki, yadıy formalarda dóretip qaldırdı. Bul jaǵday xalıq pedagogikasın payda etti. Xalıq pedagogikasınıń negizin quraytuǵın awızeki ádebiyat miyrasları hár bir xalıqtıń mádeniy tariyxında oǵada áhmiyetli orın tutadı.

Shańaraqta besikten baslanǵan insan tárbiyasına názer taslasaq bul dástúr pútkil Orta Aziya, hátteki dúnya xalıqlarınıń bala tárbiyalaw islerinde tiykarǵı orındı iyeleydi. Besik jırlarınıń, háyyiwdiń bala tárbiyasındaǵı áhmiyeti haqqında ataqlı alım Ábu - Ali Ibn Sina da mınanday deydi "Bóbektiń tilegin qanaatlandırıp rawajlandırıw ushın oǵan eki nárseni qollanıw kerek: birinshi balanı áste terbetiw, ekinshisi uyıqlaw ushın dástúrge aylanıp ketken nama ırǵaǵı menen oǵan háyyiw aytıw. Sol ekewin qabıl etiw muǵdarına qarap, balanıń denesi menen dene tárbiyaǵa hám ruwxı menen sazǵa bolǵan uqıbın payda etedi" degen.[8]

Besik jırları áyyem dáwirlerden-aq payda bolǵan. Ana muhabbatınan, mehrinen, óz perzentine bolǵan súyispenshiliginen tábiyǵıy túrde onıń nama ırǵaǵı erkeletiwshi, álpeshlewshi, geyde úlken árman-tilekleride qosılıp ketken, mehirdiń partlanıwı menen payda bolǵan, ritmge, ırǵaqqa bay mánili sózlerdiń jıyındısınan háyyiwler payda bolǵan. Balanı insan ómiriniń jemisi deydi. "Adamzattıń jemisi, bóbekler súygen ókinbes"- degen dana xalqımız. Háyyiw aytqan analar perzentiniń jaqsı bala bolıp shıǵıwın, jaqsılarǵa joldas bolıp, eli súygen azamat bolıwın bóbek waqtınan baslap háyyiwlep aytadı.

"Xalqımız óziniń bala tárbiyalaw kóz-qarasları menen ármanların besik jırlarınan tısqarı olardıń jasına hám psixologiyalıq ózgesheliklerine sáykes balalar qosıqların dóretip, awız ádebiyatınıń bul túri boyınsha pedagogikalıq principlerin júzege shıǵarıp, jaslardı súykimli azamat bolıwǵa tárbiyalawda bul balalar qosıqlarınan keń paydalanıp keliwde"[9] dep atap kórsetti belgili alım Á.Tajimuratov. Bul dástúr elege shekem dawam ettirilip kiyatır. Balalarǵa arnalǵan folklordaǵı qosıqlar dúrkimi onsha kóp bolmasada xalıqtıń kúndelikli turmısınan shańaraǵında balalardı belgili bir maqsetlerde tárbiyalawda aytıladı.

Máselen folklorda balalar qosıqları "Bas barmaq, balan úyrek", "Áwelemen - dúwelemen" degen sanaq sanlardı úyretiwge, miynet etiwge tárbiyalawǵa baylanıslı qosıqlar bar. Bul qosıqtı balaǵa sózlerin aytıp berip, háreketlerin kórsetip úyretiledi. Belgili dárejede

[8] Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ халық педагогикасы. "Билим" баспасы, Нөкис, 1992 ж, 6-7б.

[9]Сонда- 10б.



bul qosıqlarda awızbirshilikke, bir-birewge sıylasıq, miynet etiwge tárbiyalaw sıyaqlı ideyalar sińdirilgen. Shańaraqta bala dúnyaǵa keliwden usılay tárbiyalay otırıp, shańaraq pedagogikasınıń tiykarları salınǵan. Xalqımız tárepinen danalıq penen dóretilgen bunday shıǵarmalardı, ásirese balalar qosıqların búgingi kúnde de, baqshalarda, jámiyetlik orınlarda da jańa metodlardı, usıllardı qollanılıp úyretiw maqsetke muwapıq keledi. Bul jóninde folklorist izertlewshi S.Bawatdinova "Bas barmaq, balan úyrek" qosıǵınıń mazmunına tereńirek úńilip qarasaq shańaraqtaǵı balalardıń ózlerin atap atır: bas barmaq - úlken balası, balan úyrek-onnan kishkenesi, ortan terek - ortanshısı, shúldir shúmek - 2-3 jasar shúldirlep júrgen bala, kishkene bóbek - besiktegi bala. Olardı obrazlı túrde usılay atay otırıp, sizler bir shańaraqtıń balalarısız, jámlengende bir qolǵa uqsaysız, bir-birińiz benen bes barmaqtay ajıralmas, tatıw bolıp, birgelesip háreket etińler degen ideyanı alǵa súredi. Sebebi mehir-muxabbat sezimleri birinshi shańaraqtan, tuwısqanshılıq bir-birewge degen mehirden baslanadı" dep atap kórsetedi. Házirgi dáwirde de bul qosıqlardı úyretiwdiń metod hám usılların kórsetip ótken:

"Pánje" shınıǵıwı –arqalı "Bas barmaq, balan úyrekti", "Jıl sheńberi"- shınıǵıwı arqalı "Áwelemen -dúwelemen" qosıǵın ótiw usılı judá tapqirliliq penen balalarǵa usinilǵan.[10]

Shańaraqta balanı tárbiyalawda erteklerdiń, jańıltpashlardıń, naqıl-maqallardıń da áhmiyeti oǵada kúshli bolıp, shańaraq pedagogikası xızmetin áyyemgi dáwirlerden baslap atqarıp keledi.

### «Jıl sheńberi» shınıǵıwı

Dóńgelek sheńber sızıladı. Sheńberdi sızıqlar menen tórtke bólemiz. Bul tórt máwsimdi ańlatadı. Sızıqlardıń basına máwsim atamaları jazıladı. Tórtke bólingen sheńberdiń hár bir bólimin taǵı da sızıqlar járdeminde úshke bólemiz. Bólingen bóleksheler sanı on ekige teń boldı. «Áwelemen-duwelemen» qosıǵınıń qatarların ishine jazamız. Bunnan on eki ay túsinigin keltirip shıǵaramız.

[10] Баўатдинова С. Қарақалпақ балалар фольклорының лирикалық түрлери. "Тафаккур бўстони" баспаханасы. Ташкент 2019ж 40-45бетлер.






## «Pánje» shınıǵıwı



**Tapsırma:** *Hár bir student berilgen tapsırmaǵa qaray otırıp yarım bet kóleminde oy-pikirlerin jazadı.*

Rushkanı uslaw ushın bas barmaq, balan úyrek, ortan terek úshewi birigip qısıp uslaydı. Shúldir shúmek, kishkene bóbeklerde olarǵa demew bolıp turadı. Bes barmaqta birge háreket etti. Neni ańlatadı?



Jaslar tárbiyasınıń hár tárepleme jetilisiwinde xalqımız óziniń tálim-tárbiyalıq oyları menen árman hám tileklerinen awız ádebiyatınıń barlıq túrleri arqalı júzege asırıp otırǵan.

Ertekler shańaraqta, xalıq pedagogikasında oǵada áyyemgi dáwirlerden berli tárbiyalıq is júrgiziwdiń bir quralı sıpatında xızmet etip kiyatır. Xalıq erteklerdi shańaraǵında balalarǵa qarata ayta otırıp, dúnyaǵa kóz-qarasların, isenimlerin, qıyalların tábiyatta, adam ómirinde ushırasatuǵın hár qıylı qubılıs hám hádiyselerdi sáwlelendirip, kórkem obrazlarda dúnyanı tanıta otırıp insanıylıq pazıyletlerdi, adamgershilikti, doslıqtı, Watandı súyiwdi, ata-ananı qádirlewdi, jası úlkenge húrmetti, jası kishige izzetti, mehir-muhabbattı qáliplestiredi, rawajlandıradı. Erteklerde keń sáwlelengen turmıslıq waqıyalar arqalı tárbiyanıń da keń imkaniyatları bar ekenligi óz-ózinen málim.

Xalıq awızeki kórkem ádebiyatı durdanaları bolǵan naqıl-maqallar, jańıltpash, jumbaqlar, ápsanalar, ráwiyatlar, dástanlardıń da shańaraq pedagogikasında tutqan ornı girewli.

Biz adamzat tariyxınıń uzaq ótmishlerine qarasaq, insanlar barlıq dáwirlerde de keleshek áwladlar tárbiyası jolında bir qansha miynet etip, olardı qadriyat sıpatında qaldırǵan.

"Quran"- arab mádeniyatınıń eń muqaddes estelikleriniń biri.

"Quran" islam qaǵıydalarınıń tolıq jıynaǵı bolıp, diniy isenimlerdi, huqıqlardı ádalat hám tárbiya máseleleriniń jıynaǵı. Quranda adamlardıń dúnya tanıwı, jasaw sharayatı, ómirge kóz-qarasları, ómirde tutqan ornı islam dininiń qaǵıydaları tiykarında sheshiledi. Hár bir isti Alla taala ózi basqaradı, ózi qollaydı. Sonıń ushın hár bir adam ıqtıyarın Allaǵa tapsırıw uqtırıladı. Quran súreleri belgili qiráátke, ırǵaqqa salıp oqılıwına baylanıslı, olardı tek arab tilinde ǵana oqıw talap etiledi. Biraq Quran súrelerin túsiniw talaplarınıń kelip shıǵıwına baylanıslı kitap anglichan, nemec, rus, ózbek, qazaq, qırǵız hám t.b. tillerge awdarıldı. Sonıń ishinde qaraqalpaq tiline belgili alımlar K.Mambetov hám X.Xamidovlar tárepinen awdarıldı. Bul awdarmalar erkin awdarma emes, tek sózbe-sóz awdarma. Quran súrelerine qosımsha sóz qosıw múmkin emes. Quran Muxammed payǵambar dáwirinde tas hám taxtalarǵa, keyinirek qaǵazǵa túsirilgen, sońınan barlıǵı jámlenip Xalifalar Ábu Bakir hám Ospan dáwirinde xatqa túsken.



"Quran táliymatınıń tiykarı heshkimge kórinbesten adamlar arasında jaqsılıq hám jamanlıqlardı baqlap turǵan ullı hám jalǵız Alla taala haqqındaǵı taǵlıymatınan ibarat. Ol óz taǵlıymatlarına boysınǵan hár qanday millettegi, taypadaǵı adamdı óziniń haqıyqıy bendesi sıpatında qabıl aladı hám alǵıslaydı. Quran islamnıń tiykarǵı máresimleri sıpatında (namaz, oraza, zákat) hám taǵı basqaların belgilep beredi. Ondaǵı huqıq hám ádep qádeleri shariyatqa tiykar etip alınǵan"[11].

Quran táliymatınıń eń ájayıp úlgileri xalıq awzında hikayat, ráwiyat, hádis bolıp awızsha ómir súredi. Elege shekem bul dástúr dawam ettirilip, shańaraqta, ulıwma insan tárbiyasında júdá áhmiyetli orın tutadı. Aytayıq adamlardı gúná islemewge, jamanlıq islemewge tárbiyalaytuǵın, az sózli mınanday hádis sózler aytıladı: "Eki iynińde eki perishte turadı, birewi seniń islegen sawap hám jaqsılıqlarıńdı jazıp tursa, ekinshisi islegen gúnálarıńdı, jamanlıqlarıńdı jazadı. Ol dúnyaǵa barǵanıńda eki perishteniń usı jazǵanları esaplanadı"- dep aytadı. Kórinip turǵanınday bul tikkeley tárbiyalaw quralı. Quranda taǵı da adamlar birin-biri aldamawdı, birewdiń haqısın jemewdi, jetimlerdi sıylawdı, qástelerden xabar alıwdı, qánáát etip biliwdi, óner úyreniwdi, bilim alıwdı, hayal-qızlardı uzaq jolǵa saparǵa jibermewdi, tazalıqtı, páklikti saqlawdı hám taǵı basqada kóplegen adam ushın kerekli turmıslıq táliymatlardı sáwlelendiredi.

"Hádis" - "Quran" nan bir ásir keyin payda bolǵan, yaǵnıy VII ásirde. "Hádis"ler Quran negizinde payda bolıp, onıń súrelerin kórkemlep hár qıylı ráwiyatlar, hikayatlar arqalı tálim-tárbiyalıq islerdi ámelge asıradı. Bul shıǵarmanıń ózgesheligi ol Quran súrelerindey yadlap, ózgertilmey, qiráátlenip aytılmay-aq tálim hám tárbiya maqsetleri menen baylanıstırıp xalıq ishinde awızsha, keyinirek jazba nusqaları kóbeydi.

"Hádis" bir neshe bólimlerden ibarat: Iyman kitabı, Namaz kitabı, Juma kitabı, Hayt kitabı, Haj kitabı, Kúnniń tutılıwı haqqında kitap, Oraza kitabı hám t.b. Biziń jerlesimiz Imam Buxariy "Hadis"lerdi jıynap "Saxix" baǵdarındaǵı hadislerdi jıynadı. Yaǵnıy "Saxix" "saylandı" degen mazmundı berip, xalıq ishinde maǵanasız

[11] Мәмбетов К. "Шығыс" әдебияты тарийхы. "Билим" баспасы, Нөкис, 1993 ж. 34 б

sózlerdi de óz mápi ushın "mınaw hádiste aytılǵan" dep awızsha paydalanıwshılar kóbeyip ketti. Ullı tálim-tárbiyalıq mazmundı boyına jámlegen hádislerdiń bılay etip mazmunın tómenletiwge bolmaytuǵının túsingen hádis ilimin tereń mengergen ulama Imam Buxariy "Al-Jami as Saxix"- Hádis dep atalǵan 4-tomlıq kitap tayarlaǵan. Bul kitap ózbek tiline awdarılıp 1991-jılı Tashkentte "Enciklopediya" baspasınan shıǵarıldı.

### Hádisten mısallar

1. Táwbe etseń Táńri keshiredi.
2. Joldan tikendi alıp taslaǵan adamdı Alla keshiredi.
3. Esitken hár bir sózdi ayta bergen adam gúnákar esaplanadı.
4. Adamlarǵa jamanlıq islemeseń sadaqa bergen menen barabar.
5. Óziń atıp óltirgen awdı je, ózi ólgendi jeme.
6. Shaqırǵan jerge bar.
7. Hesh bir ata óz balasına ádeplilikten zıyatıraq miyras bere almaydı.
8. Hesh kim hesh kimnen artıq emes, artıqlıǵı adamzattıń hadal tárbiya alıwında.
9. Haramlıq penen ósip óngen hár bir dene dozaqqa ılayıq.
10. Awırǵanıńda seni kórmege kelmegen adamdı sen barıp kóre ber. Birewdiń qayır kórsetpegeni ushın pesh qılma[12].

Pútkil dúnyada málim bolǵan bul muqaddes kitaplar musılman xalıqlardıń eń tiykarǵı tálim-tárbiya derekleriniń biri bolıp esaplanadı.

"Yusup Has Hajib tálim-tárbiya haqqındaǵı kóz-qarasların jámiyetlik turmıs, qorshap turǵan dúnya menen bir pútin óz-ara baylanıslılıqta alıp tallaw jasaǵan. Oyshıldıń dúnyaǵa qatnası onıń tálim-tárbiyalıq oylarınıń deregi bolǵan"[13] dep kórsetedi kórnekli pedagog alım Yusup Has Hajibtiń dúnyaǵa, tálim-tárbiyaǵa kóz-qaraslarında. Yusup Has Hajib insanlardı jaqsılıqqa tárbiyalaw jámiyetti abadanlastırıwdıń tiykarǵı jollarınıń biri ekenligin aytadı.

[12] Исмоил Ал-Бухарий Ҳадис 3- Ал-Жомиъ Ас-Саҳиҳ. Қомуслар бош таҳририяти. Тошкент.1995й.

[13] Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда талим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис "Билим"баспасы 1993ж. 186б.



Biziń jerlesimiz, aǵartıwshı Sulayman Baqırǵaniydiń mına pikirleri:

"Sáhár turmay isiń pitpes,
Adam maqsetine jetpes,
Sáhár uyqısı - payda bermes,
Sáhár turmaqtı ádet qıl.
Sáhár turmaq – ibadatdur,
Sáhár turmaq – saodatdur,
Sáhár turmaq – inayatdur,
Sáhár turmaqtı ádet qıl.
Sáhárde - táhriy raxmet,
Ayaw basıńa hám húrmet,
Saña kerek bolsa bul dáwlet,
Sáhár turmaqtı ádet qıl".[14]

dep shańaraqtan baslanǵan turmıs táshwishlerine tań erteden turıp miynet etiw, háreket etiw arqalı mal dúnyalı, húrmetli, dáwletli, saodatlı bolarsań dep násiyat etilgen.

Abduraxman Jámiy "Altın tappasa da óner, óneriń aldında pásdur zer"[15]- dep jaslayınnan ónerge, ilim-bilimge qızıǵıwdı násiyat etken:

"Birew jábir etse,
Sen sabır et.
Sabırlı-shıdar,
Sabırsız-janar
Sabır ómir ǵáziynesi.
Sabın - kirdi ashadı,
Sabırsız sırdı ashadı,
Jaqsılıqtan úmitlenseń, sabır et"[16]

(Axmed Yugnakiy)

"Dúnya pedagogikası ilimine biybaha úles qosqan danqlı alım pedagoglarımız didaktika principleriniń teoriyalıq hám ámeliy máselelerin islep shıǵıwda da zor miynet isledi. Olar ózleriniń

[14] Ж.Базарбаев К.Дәўлетова Әдептаныў. "Билим" баспасы Нөкис 1992 жыл 171б.

[15] Сонда-150б

[16] Ж.Базарбаев К.Дәўлетова Әдептаныў. "Билим" баспасы Нөкис 1992 жыл 78-79бетлер

pedagogikalıq xızmetinde oqıtıw principlerin basshılıqqa aldı, sınap kórdi hám tálim-tárbiya processinde iske asırdı. Alǵan nátiyjelerin jazǵan shıǵarmalarında birme-bir bayan etip pútkil dúnya pedagogikalıq jámiyetshiligine miyras qaldırdı".[17] dep kórsetedi.

Olar Xorezmiy, Farabiy, Beruniylar bolıp dúnyalıq kólemdegi pedagogika iliminde iz qaldırıp ózbek xalqınıń, pedagogika ilimin rawajlandırdı.

Pedagogika ilimi jámiyet rawajlanǵan sayın, olda quramalı túrde rawajlanıp baradı. XX ásirde ózbek, qaraqalpaq hám basqa da turkiy tilles xalıqlarda pedagogika iliminde tálimde milliy miyraslarǵa, milliy ózgesheliklerge itibar az boldı. Shańaraqlarda tárbiya mektepte beriletuǵınday boldı. Lekin xalqımız Ǵárezsizlikke eriskennen keyin óz xalqının milliy sıpatların, milliy qadriyatların qayta tiklewge, tálim hám tárbiya processlerinde tiykarǵı ózek etip alıp keńnen paydalanbaqta.

### Qadaǵalaw sorawları.

1. "Quran" qanday táliymat?
2. "Hádis" qanday táliymat?
3. Shıǵıstıń, Oraylıq Aziyanıń tariyxtaǵı ullı oyshılları haqqında neler bilesiz?
4. Ózbekstanda pedagogika ilimine kimler kúshli tásir jasadı, úles qostı?
5. "Donishnoma" shıǵarmasın kim dóretken?
6. "Áwladlarǵa ótmishten estelikler" shıǵarmasın kim dóretken?
7. Xamza Hakimzoda Niyoziydiń pedagogikalıq kóz-qarasları ózgesheliklerin túsindiriń?
8. Axmed Donish "Perzentlerge násiyat" shıǵarmasında ayrıqsha nelerge toqtaydı?

[17] Коснazaров К. Пазылов А. Тилегенов А. Педагогика "Билим" Нөкис 2009ж. 149б.



### Tapsırma.

Belgili oyshıllardılardı shańaraq tárbiyasında shaxstı qáliplestiriw tuwralı ideyaların tómendegi kestege túsiriń

| Al-Farabiy (IX-X á) | Yu.X.Xajib (XI á) | M.Qashǵariy (XI á) | Yassawiy (XII á) |
|---|---|---|---|
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |
| .................... | .................... | .................... | .................... |

3-shınıǵıw

Alımlardıń oy-pikirlerine úyrenip shıǵıń hám kestege túsiriń.

|  |  |  |  |
|---|---|---|---|
| ***Abu Ali Ibn Sino*** | ***Alisher Navoiy*** | ***Ajiniyaz Qosıbay ulı*** | ***Berdaq Ǵarǵabay ulı*** |
| .................. | .................. | .................. | .................. |
| .................. | .......... | .......... | .......... |
| .................. | .................. | .................. | .................. |
| .................. | .......... | .......... | .......... |
| .......... | .................. | .................. | .................. |
| | .......... | .......... | .......... |
| | .................. | .................. | .................. |
| | .......... | .......... | .......... |

## Test taprsırmaları

**1. "Hadis" qanday táliymat?**

- Quran súrelerin túsindiriwshi kórkem awdarma*.
- Qurannıń awdarması
- Xalıq awızeki dóretpesi úlgileri.

**2. "Áwladlarǵa ótmishten estelikler" shıǵarmasınıń avtorı kim?**

- Abu Rayxan Beruniy*
- Abu Ali ibn Sino
- Ahmed Donish

**3. Kórgizbeli oqıtıw principiniń ilimiy- metodikalıq negizin islegen alım kim?**

- Al Xorezmiy*
- Al Beruniy
- Ulıǵbek

**4. Balanıń jeke ózgesheligin biliw arqalı tálim-tárbiyanıń insanıylıq sıpatın asırıwdı násiyat etken pedagog?**

- Al Farabiy*
- Al Xorezmiy
- Al Beruniy

**5. Islamda qaysı pázıylet insannıń ruwxıy tayanshı dep esaplanadı?**

- Sabır*
- Qánáát
- Mehir-shápáát



# 4-TEMA: ÓZBEKSTANDA SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİ PÁNINIŃ RAWAJLANİWİNİŃ SOCIAL-EKONOMIKALİQ HUQİQİY-NORMATIV TIYKARLARİ.

**Joba:**

1. Ózbekstanda shańaraq pedagogikası pániniń rawajlanıwı, social-ekonomikalıq, huqıqıy-normativ tiykarları.
2. Jaslardı ǵárezsiz shańaraq qurıwǵa tayarlaw.
3. Shańaraq hám jámiyetshiliktiń birge islesiwi.

**Temanıń oqıw maqseti:** Ózbekstanda shańaraq pedagogikası pániniń rawajlanıwınıń social-ekonomikalıq huqıqıy-normativ tiykarların túsindiriw, ashıp beriw.

**Bilim beriwshilik:** Ózbekstanda shańaraq pedagogikası pániniń Ǵárezsizlikke eriskennen keyingi jıllarda milliy ózgesheliklerge qadriyat sıpatında qarap ózinshellik, ata-babalar dásturli jolların rawajlandırıw baǵdarın ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshi:** Ózbekstanda jaslardı shańaraqta mámleketlik siyasat ústinligi tiykarında qollap-quwatlaw, ǵárezsiz shańaraq qurıwǵa tayarlaw.

**Rawalandırıwshı:** Jas áwladlardı shańaraqta, jámiyette birge islesiwge, shańaraqtıń kishkene mashqalasın sheshe otırıp, jámiyet kólemindegi mashqalalardı sheshiwge qatnastırıw, milliy tárbiyalar deregin biliwge umtıldırıw.

**Ádebiyatlar**

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.

2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006y

3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.

4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.

5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.

6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.
7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.
8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.
9. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.
10. Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. "Bilim" baspası, Nókis – 1996j.

"Oraylıq Aziyada Zardushtlıq dininiń payda bolıwı menen (biziń eramızdan aldın VII ásir) huqıqıy tárbiya hám huqıqıy mádeniyatta jańa dáwir baslandı, insannıń huqıqı hám wazıypaları belgilendi"[18] dep kórsetedi pedagogika iliminiń jetekshi wákilleri.

Adamzat jámiyetinde algashqı dáwirlerde de belgili dárejede huqıq normaları bolgan. Olar urıw, qáwim aqsaqalları, basshılarınıń kóregenligi, tájiriybeleri hám abıroyı menen retlestirilip barılgan. Orta Aziyada, sonıń ishinde Ózbekstanda shańaraq pedagogikası VIII ásirlerde islam dininiń qabıl etiwi arqalı "Quran" hám "Hádis" sıyaqlı muqaddes kitaplarındağı shariyat nızamlılıqların basshılıqqa algan. Jámiyet turmısındağı barlıq máseleler de sháriyat nızam qağıydaları arqalı tártipke túsirilgen.

Shańaraqta jaslarğa huquq tárbiyasın beriw, puqaralardıń huqıqları, erkinlikleri, mápleri islam táliymatı tiykarında belgilengen. Quran islam diniń negizgi qağıydaların belgilep berdi. Orta Aziyanıń arablar tásirinde bolıwı, bul jerde arab tili, dini, mádeniyatının rawajlanıwına sebepshi boldı. Bul jerdegi mektep, medreselerde sabaqlar arab tilinde oqıtıldı. Xalıqtıń sawatlı bólegi arab tilin ózlestirgen. Kóplegen arabsha qol jazbalar, klassikalıq ádebiyat wákilleriniń shığarmaları, rásmiy hújjetler arab grafikasında jazılğan. Shańaraqlarda náreste dúnyaga kelse túp mánisi arabsha ism atları balalarğa qoyıwıda háwij alıp rawajlanğan. Quran Islam mádeniyatı tariyxındağı eń úlken estelik. Islam dininde

[18] Қосназаров Қ. Пазылов А. Тилегенов А. Педагогика "Билим" баспасы Нөкис 2009ж.51б.



birewdiń haqına qıyanet etiw, urlaw, ótirik sóylew, aldaw, buzaqılıq awır gúná esaplanadı.

Bul dúnyada adamlar jaqsı, jaman, ádalatlı, ádalatsız, aqıllı, aqılsız, qanáátshil, biyqánáát, sútxor, saqıy, rasgóy, ótirikshi hám tağıda basqa taypalarda jaratılğan. Olardıń barlığı da birdey háreket etedi, jaratılısı boyınsha. Ekinshi dúnyada adamlar bul dúnyadağı islegen háreketlerine juwap beredi.

Alla taala adamlardıń jağımsız háreketlerin azaytıw ushın, ol dúnyağa gúnadan pák bolıp barılıwı ushın, táwbege keltiriw ushın Qurandı inam etken deydi danalar. Geypara adamlar ayırım jamanlıq islep júrgen adamlardıń bul dúnyada baxtiyar jasap atırganlığın kórip hayran qaladı. Quranda bulardıń tek waqtınsha ekenligi bılayınsha bayan etiledi: "Jamanlıq jolın tutqan kimseler ushın bul jasawshı dúnya gózzal qılındı. Olar iyman iyeleriniń ústinen kúledi. Biraq qıyamet kúninde bul iymanlı adamlar olardan bálentdur. Alla ózi qálegen adamlarğa esapsız ırısqı beredi".[19]

"Bul dúnyada meniń isim júristi, mağan baxıt kúlip baqtı" –dep kisi haqısın jew, aldaw, ústemlik etip urıp-soğıwlarğa islam dini qağıydaları qarsı, oğan jol qoymaydı.

Dana xalqımız Qurandı ózleriniń ruwxıy azığı dep bilip onıń qağıydalarına, nızam huqıqlarına boysınadı, jas áwladlar tárbiyasında da usı bağdardı basshılıqqa alıp kiyatır. Ózbekstanda júzden aslam hár túrli millet wákilleri jasaydı, hár qıylı dinlerge isenetuğın xalıqlar bar. Olardıń erkinlikleri, huqıqları Konstitutciyada Nızamlar tiykarında belgilengen. Bul "Ózbekstan Respublikasınıń administrativlik juwapkerlik haqqındağı kodeksi"nde, "Hújdan erkinligi hám diniy shólkemler haqqında"ğı Nızamlarında basqada hújjetlerde kórsetilgen. Ózbekstannıń hár bir puqarası, hár bir shańaraqtağı jas óspirimler, oqıwshılar bul hújjetlerdi úyrenedi. Óz huquqların Nızam boyınsha meńgeredi, Nızam boyınsha hámme teńdey huqıq iyeleri ekenligin biledi.

Ózbekstanda hár bir shańaraqtıń jas áwladı oqıwğa, bilim alıwğa huqıqlı. Bul Nızamda: "Mámleket hám huquq tiykarları" nda kórsetilgen.

[19] Қ.Мәмбетов. Шығыс әдебияты тарийхы"Билим" баспасы Нөкис.1993ж 38бет.

Ózbekstannıń dúnya kólemindegi rawajlanǵan mámleketler ekenligin tastıyıqlawshı Konstitutciyası, Gimni, Gerbi, Bayraǵı bar. Olardıń qanday mazmunnan kelip shıqqanın úyreniw huquqıy tárbiya negizlerine kiredi. Huquq tárbiyası shańaraqta, mektepte, basqada oqıw orınlarında, jumıs orınlarında bárhá úyrenilip barıladı. Huquq hám Nızamlardıń haslı kelip shıǵıw tariyxı da adamzattıń ótmishinde turmıs jaǵdaylarına baylanıslı zárúrlikten kelip shıǵıp, adamzat jámiyetinde ádep-ikramlılıq, adamgershilik, ilim-bilimli, ónerli bolıp tınısh-tatıw jasaw ushın kelip shıǵıp, rawjlandırıldı.

Shańaraq pedagogikasındaǵı huquqlarda Nızam tiykarında ámelge asırıladı. Máselen dáslepki shańaraqtıń dúzilisi- eki jastıń hújjetli nekelesıwinen baslanadı. Shańaraqta dúnyaǵa kelgen nárestege ism hám sháriypi jazılıp metrika hújjeti beriledi. Mektepte tálim-tárbiya alsa attestat-hújjeti beriledi. Búgingi kúnde Ózbekstanda shańaraqta óz huquqların biletuǵın zamagóy sawatlı jas áwladtı tárbiyalaw mashqalası bir neshe wazıypalardı óz ishine aladı:

1. Shańaraqta jas áwladlardıń huqıqıy bilimlerin asırıw, úyretiw.
2. Konstitutciyanı úyreniw, Nızam hám qaǵıydalarına ámel qılıw.
3. Nızamlardıń haslı negizlerin túsiniw, sanalı túrde orınlawǵa úyretiw.
4.Huqıq normalarına, qaǵıydalarına túsinbegen, huquqbuzarshılarǵa túsindiriw jumısların alıp barıw, olardıń tásirlerine berilmewge úyretiw.

Jámiyettiń social-ekonomikalıq jaǵdaylarınıń ósiwi tálim-tárbiya processinde de social-ekonomikalıq huquqıy-normativ hújjetlerdiń kelip shıǵıwına, kóbeyiwine tásir etedi. Sol ushında hár mámlekette shańaraqlardıń sociallıq jaǵdayların esapqa alıp, shańaraq pedagogikası, social pedagogika, xalıq pedagogikasınıń dástúrli qaǵıydalarına, ilim pánniń jetiskenliklerin esapqa alıp, ekonomikalıq jaǵdaylardan kelip shıǵıp huquqıy-normativ hújjetlerin jaratıp baradı.

## Qadaǵalaw sorawları.

1. Siz qanday huquqlardı bilesiz?
2. Siziń qanday huquqlarıńız bar?



3. Shańaraqta ata-anańızdan nelerdi kútesiz?
4. Biziń milliy úrp-ádetlerge baylanıslı tárbiyalar sizge unayma?
5. "Quran" haqqında qanday dárejede bilesiz?
6. "Hádis"lerden kórkemlep hikayatlar aytıp beriń?
7. Xalıq bilimlendiriw sisteması degenimiz ne?
8. Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlamasınıń maqseti hám wazıypaları nelerden turadı?
9. Siz nızamdı bilesizbe?

## Test tapsırmaları

**1. Mámleketlik bilimlendiriw standartı qashan tastıyıqlandı?**

- ☐ 1999*
- ☐ 1997
- ☐ 1996

**2. Mámleketlik bilimlendiriw standartı kim tárepinen maqullandı?**

- ☐ Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti*.
- ☐ Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw Ministrligi.
- ☐ Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw Ministrligi.

**3. Bilim hám turmıs tájiriybeleri tiykarında sanalı orınlanǵan is-háreket ne dep ataladı?**

- ☐ Kónlikpe*
- ☐ Túsinik
- ☐ Oqıtıw
- ☐ Maǵlıwmat

## 5-TEMA: SHAŃARAQ HÁM ONIŃ WAZIYPALARI.

**Jobası:**

1. Shańaraq túsinigi wazıypaları.
a) Ata-ana parızı.
b) Perzenttiń kámalǵa keliwinde shańaraq ortalıǵı hám ornı.
2. Jámiyetke múnásibeti boyınsha shańaraq wazıypaları.
a) Shańaraq, máhálle birligi, qatnasıqları.
b) Shańaraq hám jámiyet.

**Temanıń oqıw maqseti:** Shańaraq, shańaraq pedagogikası hám wazıypaları haqqında tanısıw.

**Bilim beriwshilik:** Xalıq pedagogikası menen baylanıslı túrde shańaraq pedagogikası haqqında maǵlıwmatlar beriw, shańaraq pedagogikasınıń basqa túrlerinen ózgeshelikleri, óz-ara qatnasıq hám uqsaslıqların ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshilik:** Shańaraq pedagogikasıń milliy hám ózine tán ózgeshelikleri menen tanıstırıw.

**Rawajlandırıwshılıq:** Talabalardı shańaraq pedagogikası menen tanıstırıw, milliy qadriyatlar, milliy ózinsheliklerdiń áhmiyeti, zamanagoy shańaraqtıń qáliplesiw ózgeshelikleri menen baylanıstırıw.

**Ádebiyatlar.**

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis Bilim 2010.

2. Álewov O. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" 1993j.

3. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. "Bilim" Nókis 1992j.

4.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" 2010j.

5. Munavvarov Q.A. "Oila pedagogikasi". Tashkent "Óqituvchi" 1994y.

6.Ibuka Masaru. Awdarmashı: Utepbergenov M. Úshten keyin kesh boladı. Nókis. "Qaraqalpaqstan" 2015j.



Shańaraqtı kishkene bir mámleketke megzetiw, esaplaw oǵada durıs. Sebebi hár bir shańaraq jámiyette ómirde jasawı ushın belgili bir reje, maqset , wazıypalardı tábiyǵıy túrde ámelge asıradı.

Shańaraqtı basqarıwshı – ata-analar shańaraqtıń hár bir aǵzasınıń talabın qanaatlandırıp, óndirilgen materiallıq baylıqlardı teń bólistirip, ruwxıy jaqtan qollap-quwatlawshı kúsh, ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawshı tiykarǵı oshaq bası bolıp esaplanadı. Al mámleket bolsa pútkil xalıq bolıp otırǵan usınday shańaraqlardıń barlıq mashqalaların meńgerip, biriktirip, ózine tán óndiriwshi kúshleri, nızamlar tiykarında óz xalqın basqarıwı, qorǵawı, ishki hám sırtqı siyasatı, ekonomikası boladı. Jámiyettiń sociallıq jaǵdayı qansha jaqsılansa, hár bir shańaraqtıń da jaǵdayı jaqsılanıp turmısı abat boladı.

Eli-xalqı qurǵan turmıslı mámleket álbette bay-dáwletli mámleket boladı. Mine bul shańaraqtıń qurılısı menen mámleket qurılısı hám uqsaslıqlarınıń mısalı.

Shańaraqtıń qáliplesiwi, dúziliwi tariyxı uzaq ótmishlerdi óz ishine aladı. Shańaraq degen ullı hám muqaddes jayımızdıń, házir biz jasap turǵan óz shańaraǵımız haqqında túsinikler analizin júrgizsek;

1) Shańaraq – bul altın uya.
2) Shańaraq – bul ata-babalar dástúrin dawam ettiriwshi ómir.
3) Shańaraq– bul ullı, muqaddes dárgay.
4) Shańaraq – bul seniń ibrat mektebiń.
5) Shańaraq – bul mehrge bólewshi, sezimler tuyǵısın oyatıwshı tábiyǵıy kúsh.

Mine shańaraqtıń qúdiretli kúshi. Usınday shańaraqlarda hár bir insan dúnyaǵa kelip, kámalǵa jetedi. Bul jolda shańaraqtıń atqaratuǵın wazıypaları oǵada quramalı bolıp, shańaraqtaǵı hár bir aǵza ata-ana, perzentler birgelikte túsinisip háreketler etiliwi lazım. Shańaraqtıń tiykarǵı wazıypası ózi jasap turǵan ortalıqqa, xalıq dástúrlerine, mámleket nızamlarına tiykarlanıp dúziliwi kerek. Shańaraq pedagogikası xalıq pedagogikasınıń eń tiykarǵı ózegi, tiykarı bolıp tabıladı. Shańaraqtan baslanǵan insan ómiri jámiyetlik ómirge kelip qosıladı. Bay xalıqlıq ómirge qosılıp, ózindegi tárbiya tiykarları menen jámiyetlik birliktiń mazmunın bayıtadı. Bul fakt adamzat tariyxında sınalǵan qubılıslar. Sonıń ushında tariyxta ata-

babalarımız shańaraq tárbiyasına úlken itibar menen qarap, turmıs tájiriybelerinde túygenlerin hár qıylı usıllar hám dástúrlerinde sáwlelendirip bizge miyras etip qaldırǵan. Xalıqtın hikmetli sózlerinde, naqıl hám maqallarında ayqın kózge taslanadı. Máselen "Jeti atańdı bil"- ótmishti, ata-babalarıńdı, eli xalqıńnıń kim ekenligin biliwge, basıp ótken jolı, miyras etip qaldırǵan qádriyatların biliw arqalı aldaǵı ómir jolıńdı dawam ettirseń sarras adaspay danqlı ómir jolın dawam etseń degen mazmunlı ideyalar jatırǵanın kóreseń.

"Úyleniw ańsat, úy bolıw qıyın", "Anasın kórip qızın al", "Ata kórgen oq jonar" sıyaqlı naqıl-maqallarda shańaraq qurıw mashqalasına baylanıslı aytılǵan. Shańaraq qurıw hár bir adamnıń wazıypası. Hár bir ata-ana shańaraǵında ul hám qızlardı ósirip, tárbiyalap ata-babalar dástúrindegidey bolıp, olardıń er jetip shańaraq qurıp ósiwin, úlken, biyǵárez shańaraq bolıwların árman etedi. Bul dástúriy jolda ata-ana ózleri shańaraq qurıp, perzentli bolǵannan baslap kerekli bolǵan wazıypalardı meńgeredi. Shańaraqtıń bekkem bolıwı ushın, onda tárbiya intizamlı bolıp, ádalatlıq, ádep-ikramlıq, óz-ara izzet-húrmet, isenim, miynetkeshlikke tárbiyalap barıw kerek. Jas hám jańa shańaraq ata-anasınan alǵan tárbiyalar tiykarında óz bilgenlerine súyenip, bir-birine isenip kóplegen qıyınshılıqlardı jeńiwine tuwra keledi. Ata-ana perzentlerinen hesh nárseni ayamaydı.Ata-ana qushaǵında mehirge bólengen bala, endi ózi ata-ana bolǵanda, óz perzentine mehri tógilip, endi óz ata-anasınıń mehrin taǵıda sezinedi. Ata-anaǵa húrmet, mehribanshılıq, tuwısqanlıq sezimleri taǵı da kúsheyedi. Ata-ana shańaraqtaǵı sonsha balaǵa bir uyada jıllı lep berip, kámalǵa keltiredi. Bala tárbiyası olardıń den-sawlıǵına qaraw wazıypası ata hám ananıń tikkeley wazıypası. Perzentleriniń jámiyet aǵzası, ádepli, bilim alıwı da shańaraqtaǵı ata-ana wazıypaları. Shańaraqtıń eki tiregi bolǵan ana-analar óz wazıypaların bilip durıs háreket etiwi bala tárbiyasında úlken nátiyjelerdi beredi. Erli-zayıplılar arasındaǵı jaqsı múnásibet, qarım-qatnas shańaraqta júdá unamlı, hátteki ájayıp ortalıqtı jaratadı. Shańaraqtaǵı kishkene bala ushın bul jaǵday ájayıp keleshek ómir basqıshların payda etedi. Eger kerisinshe jaǵday júz berse balanıń bet álpetinen-aq kórinip turadı- bul shańaraqtaǵı múnásibetler kórinip turatuǵın ayna esaplanadı.



"Qaraqalpaq xalqı bala tuwılǵannan baslap aqıl-oyın pákize etip qáliplestiriwdi oylap, dáslep - háyyiw aytıw menen bala sezimin oyatıp, keyin oylaw, sóylewin rawajlandırıw ushın hár qıylı usıllar qollanǵan. Onıń ushın jumbaq, jańıltpash, sanamaq, ertek, ańız-ápsanalardı keńnen utımlı paydalanǵan. Olar ilimdi, bilimdi húrmetlep, onı ot bası, oshaq qasında otırıp túsindirgen hám aqıllı bolıwdıń tiykarı oylaw hám pámlew ekenligin uǵındırıp otırǵan.[20] Qarasańız keltirilgen bul pikirde bala tárbiyası besikten baslanǵan. Hátteki besiktende ilgerirek shańaraq dúzilgende jas erli-zayıplılar ata-ana bolıwǵa tayar bolǵan bolıwı kerekli mınanday bir hikayatta bayan etiledi. "Jas erli-zayıplı balası dúnyaǵa kelgennen keyin, qırqınan shıǵarıp, bir danıshpannıń aldına barıptı. Olar balasın kemshiliksiz, aqıllı, ádepli, bilimli etip tárbiyalaw ushın neler islew kerekligin soraptı. Danıshpan olarǵa qırıq kún keshikkenligin aytıptı. Ekinshi balasın dúnyaǵa keltirip, tuwılıwdan taǵıda danıshpannıń aldına alıp barıptı. Danıshpan olarǵa balanı tuwıp, dúnyaǵa keltirip bolıp tárbiya beremen deseń taǵı da kesh. Sebebi balanı dúnyaǵa keltirmey turıp ózińdi tárbiyala, tayarla hám bala tárbiyası qanıńda, janıńda bolsa, izi oylaǵanıńday boladı deydi". Bu hikayatta tereń mazmun bar. Shańaraq hám shańaraq tárbiyası ázelden usı shańaraqtı dúzip atırǵan ata-analardıń ózleriniń shıǵısı, tárbiyası menen tıǵız baylanıslı, sabaqlas bolıp keledi. Shańaraqta bala tuwılmastan aldın ata-ana perzent tárbiyasına úlken juwapkershilikler menen qaray otırıp bir qansha wazıypalardı meńgeriwi lazım boladı.

Shańaraq pedagogikası shańaraq dúzilgennen baslanıp, ol xalıq pedagogikasınıń ajıralmas bir bólegi bolıp, xalıq táliymatınan nárlenedi. Máselen xalıq ishinde "Eki jaqsı bas qossa, birin-biri sıylaydı, Eki jaman bas qossa bir elatqa sıymaydı" dep shańaraq qurılǵannan baslap, sol shańaraqtıń el-xalıq ishinde tuw kóterip, belgili shańaraq bolıp jetilisiwinde erli-zayıplardıń aqıllılıǵı, ádep-ikramlılıǵı, perzent tárbiyasındaǵı jetiskenlikleri kózde tutılǵan.

Shańaraqta bala kútimine baylanıslı payda bolǵan besik jırlarınıń bala ruwhıyatına, tárbiyasına tásiri tuwralı kópshilik alımlar, tájiriybeli ata-analar, xalqımız júdá jaqsı pikirde. Jańa

[20] Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ халық педагогикасы. "Билим" баспасы. Нөкис 1996ж. 18-25б.

dúnyaǵa kelgen bala óz anasın iyisin hám jaǵımlı hawazın sezim menen qabıl etedi delinedi. Analıq baxtına miyasar bolǵan hayaldıń háyyiw aytıwı - bul tábiyǵıy. Náreste sóz mánislerin túsinbewi múmkin. Terbelisti, dawıs tonınıń jaǵımlılıǵın sezinip uyıqlawı múmkin. Sonıń menen birge ana mehriniń tógiliwi, partlanıwı nátiyjesinde mánili-mánissiz sózlerdiń uyqasıqları menen baxıtlı ana háyyiwler aytadı. Ádette hámme ana birdey emes. Háyyiwlerdiń tilek ármanları mazmunına sińdirilgen, baxıtqa bólengen, el-xalıq ármanınan tuwılǵan jetik bilimdan, batır, óz zamanına say ilgir, ata-ana, eli-xalqına mehriban perzentler bolıwın árman etip bay mazmunlı, obrazlı túrleri de kóp:

Aynalayin appaǵım,
Qozı júnli qalpaǵım,
Qozım menin gúl bolǵay,
Jiynaǵanim toy bolǵay,
Toyım-toyga ulasqay,
Dáwlet qonip ornasqay.[21]

Keltirilgen mısallar júdá erte dáwirlerden-aq payda bolǵan háyyiwler. Ele besikte jatırǵan balasın kóz aldına keleshekte el-xalıq mápine jaraytuǵın, beline sadaq baylap, sırtqı dushpanlardan elin qorǵaytuǵın márt, bahadır jigit bolıwın ármanlap atırǵan ananıń obrazı hám besiktegi balanıń keleshek obrazı. "Jaqsı niyet, yarım ırıs". Niyetti durıs etip, jaqsılamay turıp, jaqsı nárselerge erisiw qıyın. "Jalǵız attıń shańı shıqpas" depte xalqımız júdá erte dáwirlerde aytqan. Sebebi shańaraq pedagogikası mısalında-aq alıp qarasańız; tek bir shańaraqtıń tárbiyası jaqsı bolsa, qasındaǵı qońsı shańaraqtıń tárbiyası kerisinshe qolaysızlaw bolsa, eki shańaraqtıń bir-birine tásiri boladı. Shańaraǵında tárbiyası tómen balalardıń tek qońsıları emes, pútkil máhállegede, pútkil eli-xalıqqa da jaman boladı. Sonıń ushın tek "Meniń balam, meniń shańaraǵım" dep emes máhálle, qońsı-qobalar menen de qızıqsınıp, jaqsı qarım-qatnasta bolıwımız kerek. Sonda ǵana biz shańaraǵımız benen perzentlerimizdi jaqsı ortalıqta qáliplesip tárbiyalanıwına jetisemiz.

[21] Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ халық педагогикасы. "Билим" баспасы. Нөкис 1996ж. 76



Shańaraqtıń wazıypaları sonshama kóp, onı rejim etip dúzip qoya almaysań. Tosınnan bolǵan jaǵdaylarǵa da ata-ana tayın turıp, mashqalanı sheshe alıwı kerek. Bunıń ushın endi zamanagóy ilim-bilimlerdi meńgergen, óz pikiri hám túsiniklerge iye bolsa, shańaraq hesh waqıtta shaypatılmaydı. Shańaraqta bala tárbiyası máselesi hár bir jámiyette eń tiykarǵı, eń áhmiyetli másele. Sebebi hár shańaraqtaǵı jas áwlad erteńgi kúnimizdiń, jámiyetimizdiń ullı keleshegi. Bul jolda shańaraqtan baslap jámiyetshilik, mámleketshilik kóleminde jas áwladtı bilimli, ilimli, qayırlı, ádep-ikramlı etip tárbiyalaw ushın miynet etedi."XIX ásirde orıs alımı F.Sh.Sherbin "Киргизская народность в листах крестьянских поселений" degen kitabinda onda sol dáwirdegi xalıqlardıń, sonıń ishinde qaraqalpaq xalqına da tiyisli sıpatlardı jazıp qaldırǵan.

Ol,

"1.Din jaǵınan qaraǵanda olar fonatik emes, biraq dindar.

2. Sawda hám ekonomikalıq qatnaslar salasında hadal hám sózine berik.

3. Aqıl-parasat jaǵınan alǵır, taǵı da biliwge qushtar.

4. Olar denelik ılayıqlılıǵı menen, ásirese keń jawırınlılıǵı menen ayrıqsha.

5. Araq, atı-zatı menen joq. Basqa ishimlik suwsınlarına qumar emes.

6. Balalardı jaqsı kóredi.

7. Qarım-qatnası ápiwayı.

8. Úlkenlerdi, aqsaqallardı, xalıqtıń eń tańlawlı wákilleri retinde sıylaydı.

9. Olar tábiyat qushaǵında udayı bolǵanlıqtan ba óz tábiyatında shayırlar.

10. Dene pitiminde olar saw, shımır keledi".[22]

Bul faktlı mısalda kórip turǵanımızday qaraqalpaq xalqı xalıq pedagogikasına oǵada bay bolıp, jámiyette, ámelde bul tárbiyalar qollanılǵan. Xalıq pedagogikası tábiyǵıy túrde shańaraq pedagogikası menen únlesip tur. Shańaraqtıń jámiyette ornı úlken. Shańaraqtıń bekkemliligi, baylıǵı, ádep-ikramı - bul jámiyettiń

[22] Мамбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. "Билим" баспасы. 1993ж.

bekkem tiregi. Shańaraqtıń wazıypası kewildegidey bolıp atqarılsa, jámiyetlik normaǵa sáykes kelip, mashqalalar azayadı.

Biziń xalqımız Ǵárezsizlikke eriskennen keyin ózligin ańlawǵa, milliy tikleniwge hám rawajlanıwdıń zaman talabına say, muwapıq keletuǵın tálim-tárbiya sistemasın jaratıwǵa hám oǵan xalqımızdıń bay tálim-tárbiyalıq miyrasların paydalanıwǵa dáwir talabı hám milliy rawajlanıw baǵdarında jemisli miynet etpekte. Milliy tárbiya hám bilim ózegin xalıq pedagogikası tiykarlarınan tabamız. Bul jolda biziń xalqımızdıń bay ótmish tariyxı, ómir tájiriybelerinde túygen ózinshelik dástúrleri mol tárbiya orayı bolıp xızmet etedi. Jámiyetimizdegi bunıńday ózgerisler alǵa umtılıwlar shańaraq pedagogikasına da belgili baǵdar, tiykar boladı.

### Ózin-ózi tekseriw hám qadaǵalaw sorawları:
### Sorawlar

1) soraw: – Siziń shańaraq aǵzalarıńızdıń sanı neshew?

2) soraw: – Ata-anańız, milletińiz, jasaytuǵın jerińiz?

3) soraw: – Siz shańaraqta neshinshi perzentsiz?

4) soraw: – Siz shańaraqta atańız, kempir apańız bolıwın qáleysizbe?

5) soraw: – Siziń shańaraǵıńızda hámme nárse jetkiliklime?

6) soraw: – Siziń ismińiz, atıńız ózińizge unayma?

7) soraw: – Siz shańaraǵıńızda kóbirek kimdi jaqsı kóresiz?

8) soraw: – Siz úyde, shańaraqta qanday isler menen shuǵıllanǵandı unatasız?

9) soraw: – Siz úyde, shańaraqta bos waqıtlarıńızdı qalay ótkeresiz?

10) soraw: – Siziń shańaraǵıńız qońsı úyge uqsayma? Máhálledegi úylergeshe?

### Ámeliy shınıǵıwlar:

**1-Shınıǵıw:** Ótken dáwirlerde bir adam Kabaǵa zıyaratqa barmaqshı, musılmanshı-lıq parızın ótemekshi bolıp danıshpan qariyadan jol jorıq soraptı. Sonda danıshpan oǵan; "Birinshi anańdı zıyarat et, ekinshi anańdı zıyarat et, úshinshi ret hám anańdı zıyarat et, Kabatulla analardıń qádem jayı" degen eken deydi.

Bul hikayattıń mazmunın ózlerińiz túsindiriń!?



**2-Shınıǵıw:** Ertede bir bala biy bolıptı. Onıń bala biy degen laqabın júdá jas, balalıq dáwirinen el kózine túsip, sol elattı basqarıp ketiwine baylanıslı aladı. El awızına elek tutıp bolmaydı. Sırtınan birewler gáp tarqatıp júredi. Bala biy ataqlı Erejep tentekti shaqırıp alıp, bir tún miyman qıladı. Erejep tentek atqosshıları menen bala biydıń úyine keledi. Úydiń tórinde bala biydıń anası otırǵanın kóredi. Analıq kelgen biylerdiń sálemin alıp, sının buzbay otıradı. Keshte ımırıt túskende úyge bir qariya ǵarrı kirip keledi. Ana ornınan turıp kútip aladı. Ózi shay-payların qoyıp tayarlaydı. Úydegi biylerde qonaq asın jep, túneydi. Azanda qonaqların atlandırıp atırǵan bala biy, ataqlı biyge bir awız bir nárse deń dep onnan pikir kútedi. Sonda Erejep tentek "Sen óz ata-tegińe tartqansań, bul jóninde anańnan anıǵın bilip alaǵoyıń"- depti. Bala biy anasınan soraǵanında olda sırdı ashıp; "Awa balam, meni tutqın etip jawlap alıp kelgeninde, men saǵan hámledar edim. Atań úlken elattı basqaratuǵın biylerden edi. Sen qanıńa tartqansań. Biraq mına ákeńdi jaw qolında jábir shegip jaltańlap turǵanımda ózim taptım. Hesh kimge zıyanı joq, jawızlarǵa bende bolǵanlarǵa mehir kózi menen qıynalıp qarap turǵanın bayqap qaldım. Hám jawızlar ákelgen oljaların"- bizlerdi hárkimge bólistirip atırǵanda, men oǵan jaqınlasıp, meni ózi alıwın ótindim. Meniń jalınıshlı isharamdı sezip, dárhal meni ózi kelip aldı. Sonnan baslap men oǵan ómirlik qostar boldım. Sen tuwıldıń, saǵan ata boldı. Sol ushında men onı húrmetlep, ádep-ikram menen oǵan xızmet etemen. Birgelikte shańaraq dúzip, seni kámalǵa keltirip, el ishinde jaqsı xojalıqlar qatarında jasap atırmız"- dep juwap beripti.

Bul hikayattıń mazmunın násillik, genetika ilimi menen baylanıstırıp qalay talqılaysız? Sizlerdiń pikirlerińiz...?

**3-Shınıǵıw:**

1. "Qız ósse eldiń kórki"!

2. "Ataǵa tartpay ul tuwmas, anaǵa tartpay qız tuwmas"- naqıllarınıń mazmunın talqılań, túsindiriń.

3. "Bala seniń balań emes, duyım jurttıń balası bolsın"- degen gáptiń mánisin qalay túsinesiz?

## Test tapsırmaları

**1. Sociallıq dúzimniń birinshi buwını?**

- ☐ Shańaraq*
- ☐ Balalar baqshası
- ☐ Mektep

**2. Bala shaxs sıpatında qay jerde qáliplesedi?**

- ☐ Shańaraqta*
- ☐ Joqarı oqıw orınında
- ☐ Balalar baqshasında

**3. Ekonomikalıq tárbiya negizleri qay jerden baslanadı?**

- ☐ Ekonomika teoriyası sabaǵınan
- ☐ Shańaraqtan*
- ☐ Ózi jumıs islep, dáramat tapqannan soń.



# 6-TEMA: QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ SHAŃARAQ DÚZIWDEGI SALT-SANASÍ, SHAŃARAQ TÚRLERI.

### Jobası

1. Shańaraqtıń túrleri: tariyxıy túrleri.
2. Házirgi waqıtta shańaraqtıń hár túrli formaları.
3. Shańaraqtıń óz-ara múnásibetleri boyınsha túrleri.

**Temanıń oqıw maqseti:** Qaraqalpaq xalqınıń shańaraq dúziwdegi salt-sanasınıń kelip shıǵıwın, shańaraq túrleri menen tanıstırıw, bilimlerin tereńlestiriw.

**Bilim beriwshilik:** Shańaraq dúziwdiń áhmiyeti, salt-dástúrlerdiń shańaraqtı bekkemlewdegi áhmiyeti hám ornın, tiyisli bolǵan rawajlandırıwshı faktorlardı ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshi:** Shańaraqtıń insan balası ushın áhmiyetli uya-ortalıq ekenligin, shańaraqtan baslanǵan ómirdiń, máhálle, xalıq ortasındaǵı qáliplesken salt-sana menen baylanısı hám ornınıń áhmiyetin analiz etiw.

**Rawajlandırıw:** Talabalardı shańaraq dúziwdiń milliy úrp-ádetleri, salt-sanası, ulıwma insanıylıq hújdanǵa qurılǵan nekelesiw, shańaraq haqqındaǵı bilimlerin rawajlandırıw.

### Ádebiyatlar

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.

2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006y

3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.

4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.

5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.

6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.

7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.

8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.

9. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.

10. Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.

11.Paxratdinov A. Berdaq shayırdıń dástanlıq shıǵarmaları. Nókis "Qaraqalpaqstan" 1982. 45b.

Hár bir xalıqtıń xalıq bolıp, millet bolıp qáliplesiwinde onıń ózine say jasaw tárizi, basqa xalıqlardan ózine say milliy ózgeshelikleri úlken orın tutadı. Qaraqalpaq xalqıda ázel bastan xalıq bolıp, ásirese eń jaqın tuwısqan túrkiy xalıqlar ishinen óz aldına xalıq bolıp bólinip shıǵıwında onıń salt-dástúrleri, úrp-ádetleri, milliy ózgeshelikleri, tili, mádeniyatı úlken orın tuttı.

Qaraqalpaq xalqı da kóp sanlı túrkiy xalıqları yaki dúnyadaǵı basqa xalıqlar sıyaqlı eń dáslep shańaraq dúziwdiń salt-sanasın dástúrlerine engizdi.

Qaraqalpaq xalqında dúnya xalıqları qızıqsıngan nekelesiw motiviniń eń jetilisken dástúri bar. Qaraqalpaq xalqı kóplegen ruwlardan quralǵan. Ruwlar eki arısqa bólinip, olardıń shejirede kelip shıǵıw tariyxı aytıladı. Xalıq ishinde "Shejire"niń xalıq shejiresi hám ataqlı klassik shayır Berdaq Ǵarǵabay ulınıń "Shejiresi" saqlanǵan.

"Shejire" dástanı bul tariyxıy shıǵarma bolıp belgili dárejede qaraqalpaq xalqınıń kelip shıǵıw tariyxı menen baylanısadı. Bul jóninde Berdaqtanıwshı alım A.Paxratdinov "Qaraqalpaqlardıń dáslepki qáwimlik belgilerin, urıwlıq dúzilislerin, olardıń kem-kemnen urıwlıq, uranlıq atamalarǵa ósip jetisip ketkenliklerin isenimli kórsetedi".[23]

"Shejire" de qaraqalpaq xalqınıń kelip shıǵıw tariyxın bılayınsha bayanlaydı:

[23] Пахратдинов А. Бердақ шайырдың дәстанлық шығармалары. Нөкис "Қарақалпақстан" 1982. 19,24 бетлер.



Ánes-Málik eki kisi,
Payǵambardıń sahabası,
Ánes qazaqtıń babası,
Sonnan Alash bolǵan eken.

Máliktıń ulı Razı haq,
Jaslıǵında qoydı qulpaq
Kiygen eken qaraqalpaq,
Sonnan qalpaq bolǵan eken

Sahra xalqı kóship gezbek
Kántli jerden Watan dúzbek
Qalpaqtıń uǵlıdur Ózbek,
Ózbek jekke bolǵan eken

Ózbek jasında úylendi
On besinde ullı boldı
Onıń atın Jiyen qoydı
Jiyen bahadır bolǵan eken[24]

"Berdaq shayırdıń «Shejire» de aytıwı boyınsha Qalpaq óziniń jalǵız balası ózbekti jaslayınan úylendirgen. Ol on bes jasında balalı bolǵan, onıń atın Jiyen qoyǵan. Sol Jiyen qaraqalpaqlardıń túp babası bolıp esaplanǵan. Hámme qaraqalpaqlar Jiyennen órbigen. Jiyen mal dúnyalı bolǵan jáne úsh hayal alǵan. Onıń úlken hayalınan Mayqı tuwılǵan. Ol qátquda adam, biy bolǵan. Mayqıdan Jayılǵan, Seyilxan degen balalar bolıp onıń úrim putaqları kobeyip "Jayılǵan "uranı atın alǵan. Keyin óz aldına urıw bolıp bólinip shıqqan. Jiyenniń ekinshi hayalı Qıtay-Qotannıń qızı bolǵan. Ol júdá sulıw bolǵan. Onnan da Qıtaybek, Shaq degen eki bala bolıp olardıń úrim putaqları kóbeyip Qıtay, Qıpshaq degen óz aldına urıwlıq ataqqa erisken... Jiyenniń úshinshi hayalınan da eki ul tuwılǵan. Onıń birewi Qıyat, ekinshisi Múyten dep atalǵan. Bularda kóbeyip óz aldılarına urıwlıq dárejesine jetisip ketken"[25]

[24] Сонда... 37-44б.

[25] Пахратдинов А. Бердақ шайырдың дәстанлық шығармалары. Нөкис "Қарақалпақстан" 1982. 45-47б.

Xalıq "Shejire"sinde, Berdaqtıń "Shejire" sindegi ruwlardıń kelip shıǵıw negizleri, tariyxı bir qansha turmıs shınlıǵına jaqın.

**Qaraqalpaq ruwları** –



Qaraqalpaq xalqı bir adamnan taralǵan, onıń úrim-putaqları kóbeyip, óz aldına ruw-ruw bolıp bóline baslaǵan. Usı jerde xalıqtıń danalıq penen qan aralastırıw motivi dásturi de, shańaraq dúziwdiń salt-sanasın da qáliplestirgen. Jaqın qanlıq, tuwısqan adamlardıń ata-tegi alıslasıwın, sonıń nátiyjesinde nekelesse, úrim-putaqlardıń saw-salamat bolatuǵınlıǵın xalıq pedagogikası tájiriybesinde bilgen. Usı salt sananı shańaraq qurıw dásturinde bekkem saqlap, búgingi kúnge shekem jetkergen. Biz bilemiz dúnyanıń kóplegen xalıqları familiya menen jeti ata-tegine shekem barıp, sonnan ózleriniń jaqınlıq-tuwısqanlıǵın biledi hám nekelespeydı. Qaraqalpaq xalqında bolsa ruwlıq dáwirden salt-sana ele saqlanılıp, sol tiykarda shańaraq dúziledi. Ruwlardıń kelip shıǵıwı haqqında, ata-tekles, bir enshi alǵan jaqın ruwlar haqqında xalıq ishinde qızıq ápsanalar bar; "Táńke shaldıń Anna, Quyın, Áyteke, Sheriwshi degen balaları bolıptı. Táńke shal Anna menen Quyınǵa bir enshi, Áyteke menen Sheriwshige bir enshi beripti. Sonnan keyin Anna menen Quyın, Áyteke menen Sheriwshi bir-birinen qız alıspaytuǵın bolǵan" deydi. Sebebi Biraq házir usı tórt ruwda bir-biri menen qız alısadı.



jámiyettiń rawajlanıwı, ruwlarda adam sanınıń kóbeyiwi nátiyjesinde salt-sana, dásturler áste-aqırın rawajlanıp, ózgerip baradı.

Qaraqalpaq xalqı da shańaraq dúziwdey ullı islerdi qádirleydi. Jaslarǵa úlgi kórsetedi, shańaraqtıń bekkemligi ushın úrp-ádet, salt-sana dásturlerin isleydi. Shańaraq dúziwdiń salt-sanası, yaǵnıy eki jastıń nekelesiwi tábiyǵıy túrde olardıń júrek sezimlerine, hújdanına baylanıslı ámelge asırıladı. Biz joqarıda besiktegi balalardı atastırıw dásturin, aqlay quda bolıw dásturinen mısallar keltirdik.

Xalıqtıń massalıq barlıq bólegi bárha bulay bola bermegen. Hátteki usı dásturler menen atastırılǵan barlıq jaslar bir-birin unatıp, shańaraq dúzip kete bermegen. Sol ushın da "atastırıw" dásturi shańaraq dúziwdiń salt-sanasınan házirgi waqıtta dásturden shıǵıp qaldı. Bunıń da sebepleri jámiyettiń social-ekonomikalıq rawajlanıwına baylanıslı. Aytayıq, bayaǵı ruw-ruw, qáwim, bolıp jasap turǵan dáwirlerde, yamasa onnan keyingi XIX-ásirdiń bas gezlerindegi dáwirlerde jasaǵan xalıqtıń turmıs jaǵdayı házirgi turmısımızdan pútkilley parq qıladı. Milliy tárbiyanıń quram bólekleri sıpatında jınısıy tárbiyası haqqında mınanday delingen "Adamzat jámiyetiniń áyyemgi dáwirlerinde de kóp nekelikke jol qoyılǵan. Jámáát turmısına ana basshılıq etken, jınısıy tárbiyası ananıń kórsetpesi tiykarında alıp barılǵan. Jeke nekelik qáliplesip, shańaraq payda bolıp, shańaraqta ákeniń basshılıq etiwi turmıs nızamına aylanǵan. Jınısıy tárbiyası menen ata-ana teńdey shuǵıllanatuǵın bolǵan".[26]

"Avesta" da awızbirshilikli shańaraq qurıw, hadal perzent kóriw, erli-zayıplılardıń taza júriwi, pák bolıwı, balalı ananı húrmetlew joqarı adamgershilikke qaratılǵan. Buzaqıshılıq, hayal-qızlardıń "namısına tiyiw jaramas qásiyet sıpatında qaralǵan. Urıw hám qáwimlerdiń qanın taza saqlawǵa, tuwılatuǵın perzenttiń biynuqsan dúnyaǵa keliwine úlken áhmiyet berilgen. Tuwǵan-tuwısqanlardıń bir-birine úyleniwi, bir shańaraq qurıwı qattı qadaǵan etilgen. Qaraqalpaqlardıń bir ruwdan qız almaw dásturi sol

[26] Қосназаров Қ. Пазылов А. Тилегенов А. Педагогика "Билим" баспасы Нөкис 2009. 44-45б.

Xalıq "Shejire"sinde, Berdaqtıń "Shejire" sindegi ruwlardıń kelip shıǵıw negizleri, tariyxı bir qansha turmıs shınlıǵına jaqın.

**Qaraqalpaq ruwları** —



Qaraqalpaq xalqı bir adamnan taralǵan, onıń úrim-putaqları kóbeyip, óz aldına ruw-ruw bolıp bóline baslaǵan. Usı jerde xalıqtıń danalıq penen qan aralastırıw motivi dástúri de, shańaraq dúziwdiń salt-sanasın da qáliplestirgen. Jaqın qanlıq, tuwısqan adamlardıń ata-tegi alıslasıwın, sonıń nátiyjesinde nekelesse, úrim-putaqlardıń saw-salamat bolatuǵınlıǵın xalıq pedagogikası tájiriybesinde bilgen. Usı salt sananı shańaraq qurıw dástúrinde bekkem saqlap, búgingi kúnge shekem jetkergen. Biz bilemiz dúnyanıń kóplegen xalıqları familiya menen jeti ata-tegine shekem barıp, sonnan ózleriniń jaqınlıq-tuwısqanlıǵın biledi hám nekelespeydı. Qaraqalpaq xalqında bolsa ruwlıq dáwirden salt-sana ele saqlanılıp, sol tiykarda shańaraq dúziledi. Ruwlardıń kelip shıǵıwı haqqında, ata-tekles, bir enshi alǵan jaqın ruwlar haqqında xalıq ishinde qızıq ápsanalar bar. "Táńke shaldıń Anna, Quyın, Áyteke, Sheriwshi degen balaları bolıptı. Táńke shal Anna menen Quyınǵa bir enshi, Áyteke menen Sheriwshige bir enshi beripti. Sonnan keyin Anna menen Quyın, Áyteke menen Sheriwshi bir-birinen qız alıspaytuǵın bolǵan" deydi. Biraq házir usı tórt ruwda bir-biri menen qız alısadı. Sebebi



jámiyettiń rawajlanıwı, ruwlarda adam sanınıń kóbeyiwi nátiyjesinde salt-sana, dástúrler áste-aqırın rawajlanıp, ózgerip baradı.

Qaraqalpaq xalqı da shańaraq dúziwdey ullı islerdi qádirleydi. Jaslarǵa úlgi kórsetedi, shańaraqtıń bekkemligi ushın úrp-ádet, salt-sana dástúrlerin isleydi. Shańaraq dúziwdiń salt-sanası, yaǵnıy eki jastıń nekelesiwi tábiyǵıy túrde olardıń júrek sezimlerine, hújdanına baylanıslı ámelge asırıladı. Biz joqarıda besiktegi balalardı atastırıw dástúrin, aqlay quda bolıw dástúrinen mısallar keltirdik.

Xalıqtıń massalıq barlıq bólegi bárha bulay bola bermegen. Hátteki usı dástúrler menen atastırılǵan barlıq jaslar bir-birin unatıp, shańaraq dúzip kete bermegen. Sol ushın da "atastırıw" dástúri shańaraq dúziwdiń salt-sanasınan házirgi waqıtta dástúrden shıǵıp qaldı. Bunıń da sebepleri jámiyettiń social-ekonomikalıq rawajlanıwına baylanıslı. Aytayıq, bayaǵı ruw-ruw, qáwim, bolıp jasap turǵan dáwirlerde, yamasa onnan keyingi XIX-ásirdiń bas gezlerindegi dáwirlerde jasaǵan xalıqtıń turmıs jaǵdayı házirgi turmısımızdan pútkilley parq qıladı. Milliy tárbiyanıń quram bólekleri sıpatında jınısıy tárbiyası haqqında mınanday delingen "Adamzat jámiyetiniń áyyemgi dáwirlerinde de kóp nekelikke jol qoyılǵan. Jámáát turmısına ana basshılıq etken, jınısıy tárbiyası ananıń kórsetpesi tiykarında alıp barılǵan. Jeke nekelik qáliplesip, shańaraq payda bolıp, shańaraqta ákeniń basshılıq etiwi turmıs nızamına aylanǵan. Jınısıy tárbiyası menen ata-ana teńdey shuǵıllanatuǵın bolǵan".[26]

"Avesta" da awızbirshilikli shańaraq qurıw, hadal perzent kóriw, erli-zayıplılardıń taza júriwi, pák bolıwı, balalı ananı húrmetlew joqarı adamgershilikke qaratılǵan. Buzaqıshılıq, hayal-qızlardıń "namısına tiyiw jaramas qásiyet sıpatında qaralǵan. Urıw hám qáwimlerdiń qanın taza saqlawǵa, tuwılatuǵın perzenttiń biynuqsan dúnyaǵa keliwine úlken áhmiyet berilgen. Tuwǵan-tuwısqanlardıń bir-birine úyleniwi, bir shańaraq qurıwı qattı qadaǵan etilgen. Qaraqalpaqlardıń bir ruwdan qız almaw dásturi sol

[26] Қосназаров Қ. Пазылов А. Тилегенов А. Педагогика "Билим" баспасы Нөкис 2009. 44-45б.

dáwirlerden baslanıp, atadan balaǵa ótip, biziń dáwirimizge jetip milliy qadriyatqa aylanǵan".[27]

"Islam táliymatında hadal perzent dóretken, onı durıs tárbiyalap kámalǵa keltirgen ata-ana joqarı húrmetke ılayıq dep tabılǵan. Ul balalardı úlgili áke bolıwǵa, qız balalardı ardaqlı ana bolıwǵa tárbiyalaw sawap is bolıp, hár bir musılmannıń insanıy minneti dep belgilengen".[28]

Shańaraq, dúziwdey muqaddes isler xalqımızdıń ótmishinen baslap, búgingi kúnge shekem dawam ettirilip kiyatır. Nızam boyınsha da xalıqlıq salt-sana boyınsha da nekelesiw – juplasıw shańaraq qurıw baxtina jetkeredi.

Joqarıdaǵı xalıq táliymatlarında da shańaraq qurıwdıń jeke nekeligi, tazalıǵı adamzattıń nuqsansız, sulıw, aqıllı, ómir jası mol bolıwına tiykar jasaydı eken. Bunı házirgi jetilisken medicinada tastıyıqlaydı.

Shańaraqlardıń dúziliwi eki shaxstıń kelisimi, oylaǵan oyları, olardı turmıs qálpinde ámelge asırıwı menen túrlishe boladı.

Jámiyetimizde kóp balalı shańaraq, bir - eki balalı, bir balalı shańaraqlar bar. Biziń xalqımız balajanlı xalıq. Shańaraqta bala kóp bolıwın qáleydi. "Irısqı nesiybesin qudanıń ózi beredi" dep esaplaydı.

Pedagoglardıń, psixologlardıń baqlawınsha kóp balalı shańaraqlarda bala tárbiyası jaqsı jolǵa qoyılıp, olar bir-birine qarap, jarısıp, talasıp,pikirlesip, ózlerin qorǵap, ózleriniń ortalıǵında hár tárepleme shınıǵıp ósedi eken. Shańaraqta bir bala bolsa onda ol kerisinshe boladı. Ózimshil, yaki natıq, pikirlesiwge iykemsiz bolıp jekkelenip qaladı delinedi. Bunday jaǵdayda ata-ana kóbirek dıqqat qoyıp, onıń bos waqtı bolmay, jámáátke aralastırıwǵa háreket etiwi kerek. Shańaraqta ata-ana birgelikte tárbiya jumısların alıp barsa, bul júdá jaqsı nátiyjeler beredi. Eger shańaraq basshısı ata bolmay, tek ana tárbiyalaytuǵın, kerisinshe anasız tek ata menen qalǵan shańaraqlarda tárbiya procesin alıp barıw oǵada qıyın másele. Dana xalqımız "Analı jetim zor jetim, ákeli jetim qor jetim" – degenindey shańaraqta áke ebeteysiz, yaki úy mashqalasınan jıraq bolıp, kóbirek dúzde jumısta boladı napaqanı mol tapsa da anaday bolıp mehir

[27] Сонда 45б.
[28] Сонда 45б.



menen sheberlilik penen bala ruwxıyatın toyındıra almaydı. Ásirese biziń milliy tárbiyamızdıń tásirinde tárbiyalanǵan. Ákeler oshaq bası jumıslarınan jıraq boladı. Kóbinese shańaraqta ananıń ornı gúrewli bolıp, sonıń is-háreketi, aqılı, mehri shańaraq ruwzıgershiligin terbetedi. Bul jóninde shayır I. Yusupovta:

Erkek eki jerde jetim qaladı
Birinde - miyirman anań ólgende,
Ekinshi jetimlik sonda boladı,-
Ómirlik joldasıń - hayal ólgende.

Bayterek qartaysa, nart shıǵar ǵawlap,
Ómir degen dárya, toqtawsız aǵar,
Sen shúkir et, aǵa! Ǵarrı bolmay-aq
Úsh mártebe jetim qalǵanlar-da bar[29].

Biziń sharayatımızda, milliy psixologiyamızda er adamlardıń ómirlik joldasınan ayırılıwı jetimlik penen barabar boladı. Shańaraqtaǵı bir arıstıń joqlıǵı álbette hár tárepleme bilinip turadı. Bunday shańaraqlardaǵı balalar ómiri, turmısı kóbinese óksikli boladı. Balada bárqulla bir nárse jetispeydi. Bul ata yaki ana. Ásirese ananıń joqlıǵı bala psixologiyasına kúshli tásir etedi. Balalar náreste gezinen baslap bunday jaǵdayǵa túsken bolsa, kónligip jasay beredi. Óspirim gezlerinde bunday jaǵdaylarǵa dus kelip qalsa, onıń psixologiyalıq halatı qattı gúyzeliske túsip, janı qıynaladı. Shańaraq pútin bolıp, ondaǵı jaǵdaylar jaqsı, mashqalalar az bolsa, bul jámiyet ushın tásiri kúshli baxıt dáregi.

Shańaraq dúziwdiń tiykarǵı shárti - ósip óniw, adamzat tariyxın dawam ettiriwden ibarat bolsa, bul jolda barlıq xalıqlar da shańaraq qurıwǵa, dúnyada máńgi tirishilik etip qalıwǵa umtıladı. Tariyxtan bizge málim bir xalıqtan ekinshi bir xalıq qız alısıp, qız berisken. Ǵayrı dindegi xalıqtan da qız alısıp, qız bergen. Bul jaǵday xalıqlar arasındaǵı doslıqtı, awızbirshilikti bekkemleydi. Xalıq ishinde Kavkazdıń xanı qaraqalpaqlardıń Súyinbiyke sulıw degen qızın hayalıqqa alǵanlıǵı, onıń taxt miyrasxorın tuwıp bergenligi, xan

[29] Юсупов И. Таңламалы шығармалары. 2-том Нөкис "Билим" 2018. 288б.

dúnyadan ótkeninde taxtqa waqtınsha Súyinbiyke sulıw otırǵanlıǵı haqqında tariyxıy jırlar qalǵan. Shańaraq qurıwdıń tiykarı eki jastıń hújdanına, muhabbatına negizlengen bolsa onda shańaraqtıń óz-ara múnásibetleri de kewildegidey boladı. Bul jóninde de xalıq ishinde:

"Eki jaqsı bas qossa,
Birin-biri sıylaydı
Eki jaman bas qossa
Bir elatqa sıymaydı" deydi.

Shańaraqtı qurǵanda birinshi eń zárúr nárse - sezim, muhabbat tuyǵıları, ádep-ikram, tálim-tárbiyalı insan bolıw. Usı pázıyletlerdi boyına jámlegen hár bir jas áwlad hesh qashan jaman shańaraq bolmaydı.

Úrp-ádetler, dástúrler jámiyettiń rawajlanıwı, adamlardıń turmıs táriziniń ózgeriwi menen ózgerip baratuǵın qubılıs. Al insan júregindegi muxabbat máńgilik. Qaysı xalıqta bolsada shańaraq qurıwdıń salt-sanası usılarǵa negizlense nátiyjeleri jaqsı boları sózsiz.

**Ózin-ózi qadaǵalaw, tekseriw ushın sorawlar hám tapsırmalar:**

**Qadaǵalaw sorawlar**

1. Shańaraq qurıw nelerge tiykarlanadı?
2. Milliy tárbiya, salt dástúrler shańaraq qurıwda kerekpe?
3. Milliy tárbiya degenimiz ne?
4. Siz jaqsı kórmegen adam menen shańaraq qurıp qoysańız, shańaraqtı qalay saqlap qalar edińiz?
5. Házir shet elliklerge turmısqa shıǵıp atırǵan qızlar, shet ellik qızlarǵa úylenip atırǵan jigitlerge qanday pikirdesiz?
6. Siziń shańaraǵıńızdı kim basqaradı, unayma, pikirińizdi beriń?
7. Qońsı-qobada yaki aǵayın-tuwısqanlar ishinde shańaraq dúziwdiń ózgeshe formaların kórdińizbe?
8. Qaraqalpaqlarda elege shekem dawam ettirilip kiyatırǵan shańaraq qurıwdıń "qız alıp qashıw" dástúrine qalay qaraysız?



9. Nızamda kórsetilmegen, xalıq dástúrine sińip ketken "qalıń mal" máselesine kóz-qarasıńız?
10. Házirgi dáwirde de bar qızlarǵa "sep"- dúnya mal beriw dástúrine qalay qaraysız?

**Tapsırmalar:**

**1-shınıǵıw.** Qálegen kórkem shıǵarmalardan, turmıstan "Qız alıp qashıw" yaki "Sep - dúnya mal beriw" dástúrine mısallar keltirip jazıń.

**2-shınıǵıw.** Ózińiz bilgen baxıtlı shańaraq haqqında hikayat aytıp beriń.

**3-shınıǵıw.** Shańaraqtı qurıw haqqında aytılǵan hikmetli sózlerdi, danıshpanlardıń aytqan pikirlerinen oqıp tanısıp, sóylep beriń.

**Test tapsırmaları**

**1. Qaraqalpaq xalqı nekelesıw dástúrinde nelerge ámel qıladı?**

- Ruwlarǵa bólinip kóbeyedi*
- Muhabbat sezimine baylanıslı nekelesedi.
- Ata-analardıń baǵdarlawı menen úy qurıladı.

**2. Berdaqtıń "Shejire" dástanı qanday shıǵarma?**

- Tariyxıy dástan*
- Xalıq awızeki dóretpeleri
- Dástanlıq shıǵarma

**3. Adamlardıń shańaraq dúziw dástúri qashan payda bolǵan?**

- Alǵashqı dáwirlerde*
- 6-7 ásirlerde
- Orta ásirlerde

## 7-TEMA: ZAMANAGÓY SHAŃARAQ RAWAJLANİWİNİŃ ÓZINE SAY ÓZGESHELIKLERI.

### Joba

1. Zamanagóy shańaraq haqqında túsinik.
2. Zamanagóy shańaraqtıń rawajlanıwındaǵı sociallıq ózgerisler.
3. Zamanagóy shańaraqtın rawajlanıwında pedagogikalıq-psixologiyalıq ózgeshelikler.

**Temanıń oqıw maqseti:** Búgingi kúnde Zamanagóy shańaraqtıń rawajlanıwınıń ózine say ózesheliklerin, sociallıq, pedagogikalıq, psixologiyalıq ózgesheliklerin ashıp beriw.

**Bilim beriwshilik:** Ózbek, qaraqalpaq xalqında shańaraqlardıń Ǵárezsizlikke eriskennen sońǵı jıllardaǵı rawajlanıw ózgesheliklerin, dástúrli jolların rawajlandırıw baǵdarların ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshi:** Zamanagóy shańaraq rawajlanıwın qollap-quwatlaw, mámleketlik nızamlar, sol tiykarda shıǵarılǵan buyrıqlar hám zaman menen teń qádem basıwdıń ózgesheliklerin tallaw, túsindiriw.

**Rawajlandırıwshı:** Jas áwladlardı jáhán kólemindegi jetilisken xalıqlar. Shańaraqlar dárejesine jetilistiriw, milliy tárbiyalar tiykarında ózinshelliklerdi rawajlandırıw.

### Ádebiyatlar

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.
2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006y
3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.
4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.
5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.
6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.



7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.
8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.
9. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.
10. Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. "Bilim" baspası, Nókis – 1996j.
11. Ibaku Masaru. Úshten keyin kesh boladı/ Aud. M.Ótepbergenov. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2015 j.

Zamanagóy shańaraq túsinigin anıqlaw ushın tábiyǵıy túrde shańaraqtıń tariyxına názer salamız. Shańaraq pedagogikası pánine kirisiwde de shańaraqqa anıqlama berildi.

Shańaraq - eki jınıstıń nekelesiwi, tuwǵan-tuwısqanlardıń tuwısqanlıqqa tiykarlanǵan birge jasawı dep esaplanıladı. Eń tiykarǵısı eki jastıń turmısqa degen múmkinshilikleriniń teńdeyligi, mápleriniń birligi, ideyalarınıń sáykesligi óz-ara húrmeti, hayal hám erdiń doslıq qatnaslıqlarınıń hám óz-ara túsiniwiniń tiykarı. Ótken dáwirlerdegi shańaraq bolama, házirgi dáwirdegi shańaraq bolama ondaǵı shańaraq aǵzaları erli-zayıplılardıń birewi shańaraq máselelerinde turmısın qáliplestiriwde, mashqalaların sheshiwde baslawshı bolıp shıǵadı. Pedagogikada sol ushın shańaraqtı kim basqarıw kerek degende, kim uqıplı bolsa, sol shańaraqtı basqaradı deydi. Bul basshılıq urıs jánjelsiz tábiyǵıy jol menen qáliplesse, er menen hayaldıń kelisimi, birligin bekkemlese shańaraqtıń tatıwlıǵı, alǵa ilgerilewi, aldına qoyǵan maqsetleriniń orınlanıwına hesh nárse kesent etpeydi.

Házirgi Zamanagóy shańaraǵında da usı usıl ámelde alıp barıladı. Ótken dáwirlerdegi qaraqalpaq xalqınıń shańaraqlarında erkektiń dástúrli basshılıq etiwiniń ornına zamanagóy shańaraqlarda erli-zayıplılardıń shańaraq ruwzıgershiligin basqarıwda qosarlasıp, birgelesip basqarıwshılıq basım. Bul kórsetedi ata-babalarımızdıń dástúrli jolların úyrenip, turmıslıq tájiriybelerine súyenip, olardan durıs juwmaqlar shıǵarıp, óz ómirlerin, shańaraq dep atalmıs muqaddes jayınıń áhmiyetin túsingen jaslardıń jetiskenligin

kóriwimizge boladi. "Bes barmaǵıń birdey emes" degen xalıq naqılındaǵıday barlıq adamlardıń aqılı, minez-qulqı, bilimi, oy-pikiri birdey emes. Turmısta bárha sátli shańaraq qurıla bermeydi. Túsinigi sayız, zamanına baqpaytuǵın, óz wazıypaların tolıq bilmeytuǵın, orınlamaytuǵında qız-jigitler bar. Bunıń tiykarǵı sebebi tárbiyasınıń tómenliginen boladı. Házirgi zaman zamanagóy shańaraqlarınıń dúziliwi, quralıwı da birinshi gezekte júrek sezimleri hámirine, muhabbatqa tiykarlanǵan bolıwı kerek. Shınnan súyisken eki júrek qıyın tosqınlıqlardı sheshe aladı. Qansha zamanlardan berli turmısta júz berip atırǵan ata-analardıń qálewi menen óziniń dos yaranlarına, jaqın qarındas-tuwısqanlarına, hámelge, baylıqqa qarap shańaraqtı qurıw dástúri bar. Tilekke qarsı ata-analardıń oyındaǵıday jaqsı shańaraqqa barıp, jaslar da baxıtlı bolıp kete bermeydi. Súyispegen eki jas birin-biri tolıqtıra almaydı. Tábiyat adamdı, eki jınıstı sonday etip jaratqan er hám hayal ómirdi, dúnyanı hár túrli etip túsiniwi arqalı birin-biri tolqtıradı. Máselen jańa shańaraq qurǵan erli-zayıplılar hayal hám erkektiń sol shańaraqqa, dúnyaǵa, ómirge kóz-qarası eki túrli boladı eken. Hayal birinshi orında shańaraqtıń, úydiń ishiniń jaǵdayları, qolaylıǵı, bezetiliwi, barlıq jetiskenliklerine qaray shańaraqtı kóz aldına keltiredi, ańsaydı. Erkek adam birinshi orında hayaldan lázzet alıwdı, unatıwdı ańsaydı. Jánede erkek adamnıń sheshiwshi háreketi, tez qararǵa keliwi, qatańlıǵı, úy islerine itibarsızlıǵı (hámmesi emes) hayaldıń saqlıǵı, jumsaqlıǵı,úy-ruwzıgershilik jumıslarına beyimligi bayqaladı. Ózbek, qaraqalpaq hám basqada túrkiy xalıqlarındaǵı shańaraqtıń bulay qáliplesiwi tek tábiyǵıy emes tariyx penen, tárbiya menen, dástúrler menen úrp-ádetler menen baylanıslı. Dana xalqımızdıń bul dástúrlerin biykarlawǵa bolmaydı. Tábiyatınan erkek hám hayal jınısınıń bir-birinen fiziologiyalıq jaqtan ayırmashılıǵın, jaratılıs bergen eki jınıstıń atqaratuǵın xızmetlerin esapqa alıp úrp-ádet, dástúrlerdi engizgen. Bul jaratılısta hayaldıń óz qursaǵında toǵız ay balanı kóterip júriwi, onı dúnyaǵa keltirip emizip azıqlandırıwı, bárha balanıń talabın qanaatlandırıw tek hayalǵa, anaǵa berilgen. Ana bul jaǵdaylardı basınan keshirer eken, tábiyǵıy túrde onıń organiziminde biologiyalıq ózgeshelikler, organizmniń hálsirewi, materiallıq hám ruwxıy jaqtan mútájlik payda etedi. Shańaraqta erkek endi támiynlewshi, pana xızmetin atqarıwı shárt. Hayaldıń basınan ótip



atırǵan usı jaǵdaylar tek shańaraqqa emes, al jámiyetke de belgili dárejede tásiri bar. Ótmish tariyxta kapitalizm rawajlanıp atırǵan dáwirlerde kapitalisttiń zavod hám fabrikasında islep atırǵan hayallardı erler menen bir qatarda 16-saat jumıs kúni, hám hesh dem alıssız tınımsız isletken. Hámledar hayaldıń jaǵdaylarına qaramaǵan. Stanoklarda islep turǵan jerinde balaların tuwǵan. Ana hám bala ólimshiligi kóbeyip ketken. Tariyxta atı qalǵan metiska (ákesi venger, anası rus) hayal Tamara Kollantay bul jaǵdayǵa qarama-qarsılıq kórsetken. Jámiyetshiliktiń ańına hayal organiziminiń biologiyalıq ózgesheliklerin, keleshekte zavod hám fabrikalar ushın rabochiy kúshti tuwıp beretuǵın, salamat áwladtı dúnyaǵa keltiretuǵın hayal ekenligin, oǵan balanı tuwǵannan soń bir aylıq "dekret" – dem alısın beriw kerekligin túsindiredi, talap etedi.Úsh balası hám kúyewi menen Rossiyadan quwılıp, súrginde júredi. Waqıtlar ótip Kollantaydıń bul háreketleriniń durıs ekenligin kapitalistler, ulıwma jámiyetshilik tán aladı. Jámiyette, mámleket kóleminde Nızamǵa "dekret" kirgiziledi[30].

Bul jaǵday XVIII ásirdiń basında bolsa, házir XXI ásirde jasap atırmız. Dekrettiń waqtı 4-ayǵa sozıldı. Biziń jámiyetimizde, tap házirgi kúnde Zamanagóy shańaraqlarda dúnyaǵa kelip atırǵan balalardı ana tórt aylıǵında taslap jumısqa shıǵıp kete almaydı. Usı jerde endi taǵı da er adamnıń wazıypası - támiynlewshi, qorǵawshı bolıp kórinip tur.

Hayal shańaraqtıń ishki islerin atqarsa, balanı álpeshlep kámalǵa keltiriwde mehribanlıǵı, bawırmanlıǵı, azadalıǵı, ǵózzalıǵı menen shańaraqtıń baxtın támiynleydi. Zamanagóy shańaraqtıń bekkemligin támiynlewde jámiyettiń de, mámleketlik Nızam hám huqıqlardıń da ornı gúrewli. Zamanagóy shańaraqtıń rawajlanıwı tek shańaraqtıń ishki qurılısına baylanıslı bolmay, ol sırtqı tásirler menen rawajlanadı yaǵnıy shańaraq hám jámiyet mápleri bir bolıp, olar bir-biri menen tıǵız baylanıslılıqqa iye.

Zamanagóy shańaraqlıq qatnastıń tiykarı eki jas jubaydıń shańaraq táshwishlerin birgelesip sheshiwi, bir-birin húrmetlewi, mehir menen ishki sezimlerine bárqulla tárbiya berip jetildirip barıwı lazım. Óytpegende shańaraqtıń jasawı, rawajlanıwı qıyın.

[30] Российская женщина // Москва.2000.№6. стр 29.

Shańaraqta dúnyaǵa kelgen balaǵa tárbiya beriwdiń tariyxtaǵı kóplegen usıl hám formaların kórip óttik.

**Házirgi zaman shańaraq tárbiyasına keri tásir etiwshi faktorlar**

- Ekonomikadaǵı keri processler
- Balalardıń kerekli, kereksiz informaciya alıwı
- Ata-analardıń xalıqlıq tárbiya hám etnopedagogikadan alǵan bilimi, sabaqlarınıń azlıǵı
- Ata-analardıń ruwxıy jaǵdayları
- Ata-analardıń shańaraq pedagogikasınan az maǵlıwmatqa iye bolıwı
- Televidenie aldında otıratuǵın, birdey oylaytuǵın, ishki dúniyası bir birine júdá uqsas áwladlardıń kóbeyip baratırǵanlıǵı
- Kitaptı az oqıw
- Shet el kinofilmlerdi kóp kóriwi

Al endi zamanagóy tárbiyanıń usılları jetilisti. Balanı zamanagóy shańaraqlarda tárbiyalawdıń mazmunı bayıdı. Adamzat jámiyeti qanshama dárejede ósip rawajlanǵan sayın tárbiya mashqalaları da sonshama artıp baradı. Pedagog alımlar bul jolda tınbay izlenip, óz dáwirine, zamanına say tárbiya quralların, usıl hám metodların qáliplestirdi. Ayırım waqıtları xalıqlıq salt-dástúrler talapqa juwap bere almay, waqıt súrdewinde qalıp ketti. Ayırımlarınıń elege shekem tárbiyalıq kúshi saqlanıp, shańaraqlarda, jámiyette óz xızmetin atqarmaqta.

Házirgi dáwirde shańaraqtıń rawajlanıwı ushın mámleketlik baǵdarlamalar tiykarında úlken jumıslar alıp barılmaqta.

"Bilimlendiriw Nızamı hám kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması"nıń qabıl etiliwi didaktika menen jeke metodikalardıń rolin kóteredi. Sebebi, didaktika menen jeke metodikalar jańa milliy qánigelerdi tayarlawda, jańa pedagogikalıq texnologiyalardı jaratıw menen qollanıwda, xabar baylanıs texnologiyasınan, kompyuter, internet, aralıqtan oqıtıw hám aldıńǵı is-tájiriybelerden paydalanıwda muǵallimlerge nátiyjeli járdem kórsetiwi lazım. Muǵallimlerdi bárhama úyreniwge, izleniwge, izertlewge hám tálim-



tárbiyanı dóretiwshilik penen ótkeriwge jollawı tiyis"[31] dep oǵada durıs atap kórsetilgen. Sebebi zamanagóy shańaraq tárbiyasınıń rawajlanıw negizleri jámiyetlik tárbiya menen, jámiyet rawajlanıwınıń sociallıq ózgeshelikleri menen tıǵız baylanıslı.

Ózbekstan xalqı óz Ǵárezsizligine eriskennen keyin mámleket kóleminde milliy tárbiya tiykarlarına úlken dıqqat qarattı. Tárbiyanıń tiykarı shańaraqtan baslanar eken milliy ideyalardı óz betinshe erkin pikirley alatuǵın dóretiwshilikke uqıplı, dúnya júzi xalıqları menen teńdey dárejede erkin ilim-bilim alıw imkaniyatına iye jaslardı tárbiyalaw milliy pedagogikanıń, sonıń menen qatar hár bir Zamanagóy shańaraqtıń wazıypaları.

Shańaraqtan baslanǵan ómir degishi dúnya boylap aǵıwı lazım. Tárbiya hámme waqıtta jańa usıllarda, forma hám metodlarda gáwhar kibi jilwalanıp, janlanıp, jaqtı beredi.

## Tapsırmalar:

**1-shınıǵıw.** Shańaraqta tárbiyalawdıń qáliplesken qaǵıydaların kestege túsiriń.

| № | Shańaraqta tárbiyalawdıń qáliplesken qaǵıydalar |
|---|---|
| 1 | |
| 2 | |
| 3 | |
| 4 | |
| 5 | |
| 6 | |
| 7 | |

**2-shınıǵıw.** Tolıq emes shańaraqlar túrlerin kestege túsirip, olarǵa anıqlama beriń.

| | |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |

[31] Косназаров К., Пазылов А., Тилегенов А. Педагогика. "Билим" Нөкис 2009. 128б.

**Tapsırma-1.**

**Ata-analar menen tómendegishe sorawnama alıp barıń.**

1. Balańız televizorda bir kanaldan multfilm kórip atır, usı waqıtta basqa bir kanalda siziń súyikli kórsetiwińiz baslandı. Ne isleysiz?

2. Siz balańızdı dúkánǵa jumsadıńız. Balańız «men súwret salıp otırman» dep barıwdan bas torttı. Ne qılǵan bolar edińiz?

3. Mektepten kelgen balańız. «Men erteń mektepke barmayman, muǵallim maǵan urıstı» dedi. Siziń háreketińiz qanday boladı?

4. Mektepten kelgen qızı anasına «Mama sizge qızıq nárse aytaman. Búgin mektepte ..... dep áńgimesin baslap atır edi. Anası: «Meniń basım auwırıp tur, tınıshımdı buzba!» dedi. Eger siz bolsańız ne islegen bolar edińiz?

5. Bala ákesine «Áke muǵallim sizdi mektepke kelsin dedi? Men muǵallimge jaman sóyledim» dedi, siziń háreketińiz?

6. Qız anasına: «Ana men matematikadan esaptı siz shıǵarıp berseńizde eki aldım? Oqıtıwshım esap durıs shıǵarılmaǵan dedi». Usınday jaǵdayda siz ne qılǵan bolar edińiz

7. Perzentińiz endi mekteptke barmaytuǵınlıǵın, sebebi klasındaǵı barlıq doslarında smartfon bar ekenligin, al onda bolsa joq ekenligin ayttı. Qashan telefon áperseńiz baratuǵınlıǵın ayttı. Siziń háreketińiz?

**Tapsırma-2. Ajırasıwdıń nátiyjesinde payda bolǵan tolıq emes shańaraq balalarınıń jaǵdayın sıpatlap beriń.**





**Tapsırma-3. Shańaraq aǵzalarınıń shańaraqtaǵı rolin kestege túsiriń.**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | **Bala tárbiyasında ákeniń roli** | |
| 2 | **Balanıń rawajlanıwında ananıń roli** | |
| 3 | **Aqlıq tárbiyasında ájeniń roli** | |
| 4 | **Aqlıq tárbiyasında atanıń roli** | |

**Test tapsırmaları:**

**1. Kórsetpeli oqıtıw metodları qaysı juwapta berilgen?**

- Demonstraciya, illyustraciya, baqlaw*.
- Áńgime, gúrriń, dedukciya
- Indukciya, dedukciya.
- gúrriń, dedukciya.

**2. Oqıwshılardıń kontur karta menen islesiwi qaysı oqıtıw metodına jatadı?**

- Shınıǵıw*
- Interaktiv
- Awızeki
- Kórsetpeli.

**3. Birinshilerden bolıp oqıtıwda indukciya hám deduktiv metodların qollap, qosıw, alıw, kóbeytiw, bóliw qaǵıydaların jaratqan alım kim?**

- Xorezmiy*
- Ferganiy
- Beruniy
- Farabiy

## 8-TEMA. SHAŃARAQTA PERZENT TÁRBIYASÍNÍŃ SHÓLKEMLESTIRILIWI.

**Joba.**

1. Shańaraq tárbiyası jekke sistema sıpatında.
2. Shańaraqta ádep-ikramlılıq tárbiyası.
3. Shańaraqta estetikalıq tárbiya.
4. Shańaraqta dene tárbiyası.
5. Shańaraqta ekonomikalıq sawatlılıqtı asırıw.

**Temanıń oqıw maqseti:** Tálim hám tárbiya negizleri shańaraqtan baslanıwın, tárbiyanıń belgili bir maqsetler baǵdarında shólkemlestiriwin ashıp beriw.

**Bilim beriwshilik:** Shańaraqta oǵada quramalılıqqa iye, kóp qırlı, mashaqatlı tárbiya jolların shólkemlestiriw usılların ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshi:** Belgili bir baǵdarda shólkemlestirilgen tárbiya nátiyjeliligin asırıwshı pedagogikalıq ilim tiykarları arqalı tárbiyalawdıń áhmiyetin kórsetiw.

**Rawajlandırıwshı:** Tárbiyanıń mazmunın tereńletiw, hár tárepleme bayıtıw arqalı keleshek jaslardı maqsetke muwapıq tárbiyalaw.

**Ádebiyatlar**


1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.

2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" - 2006y

3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.

4. Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.

5. Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.

6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.





7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.

8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.

9. Bazarbaev J, Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.

10. Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. "Bilim" baspası, Nókis – 1996j.

11. Ibaku Masaru. Úshten keyin kesh boladı/ Aud. M.Ótepbergenov. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2015 j.


Shańaraqta perzent tárbiyasınıń shólkemlestiriliwi úlken áhmiyetke iye. Balanıń deni saw-salamat ósiwi, ruwxıy jaqtan jetilisiwi bári-bári shańaraqta balanıń dúnyaǵa kelgen kúninen-aq baslanadı. Náresteni waqtında awqatlandırıw, uyıqlatıw, dene shınıǵıwı tárbiyasın beriw sistemalı túrde shólkemlestiriledi. Bala bir jas átirapında-aq shańaraq aǵzaları menen qatnas jasay aladı. Eki, úsh jasqa shıqqan bala shańaraq ortalıǵın tolıq meńgerip sezinedi.[32] Bul jóninde yapon alımı Ibuka Masaru "Mocart hám Mill omiriniń dáslepki dáwirlerin tereń analiz qılsaq, olardı óz perzentleriniń ullı shaxs bolıwın shın kewilden árman etken ákeleri qatal tárbiyalaǵanın kóremiz. Menińshe, Mocart ta, Mill de geniy bolıp tuwılmaǵan, olardıń talantları balalıq waqtınan-aq qolaylı sharayat jaratıp berilgenligi hám ájayıp tálim sebepli eń joqarı dárejede rawajlanǵan".

Mine kórip otırǵanımızday shańaraqta perzent tárbiyası óz waqtında ámelge asırılıp barılsa baladan kútilgen nátiyjelerdi alıwǵa boladı.

Shańaraqta perzent tárbiyası basqıshpa-basqısh shólkemlestiriliwi kerek. Bala 3-4 jasına kelgende ózin qorshaǵan átirapına, dúnyasına júdá qızıqqısh bolıp kelip "mınaw ne", "anaw ne" dep soray beredi. Shańaraqta ata-ana úlkenler balanıń qızıǵıwshılıq talapların qanaatlandırıp, durıs juwap beriwi kerek. Onıń oyınlarına, háreketlerine tıyım salmaw kerek. Onı

[32] Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j. 7-10бетлер

1. Shańaraqtıń ekonomikalıq tárbiyası jóninde pedagog alımlar Q.Qosnazarov, A.Pazılov, A.Tilegenovlardıń bahalı pikirlerinen úzindi keltireyik: "Xalıqtıń tárbiyalıq tájiriybesinde únemlilik tárbiyası miynet, ortalıq(ekologiya) tárbiyası menen baylanıslı júrgizilgen. Balalar basqalardıń hám óziniń miyneti menen dóregen baylıqlardan iqtiyatlılıq penen paydalanıwǵa, olardı únemlewge, sapalı hám ónimli miynet etiwge, ısırapgershilikke jol qoymawǵa, esap-sanaqtı durıs júrgiziwge ádetlendirilgen. Balalar pul, awırlıq, uzınlıq ólshem birlikleri hám quralları menen tanıstırılǵan, olardan orınlı paydalanıwǵa úyretilgen. Ullı jipek jolınıń ózbek hám qaraqalpaq jerinen ótiwi, ónim islep shıǵarıwdı ishki hám sırtqı sawdanı kúsheytken. Xalıq balalardı "dúnya tıyınnan jıynaladı", "Segiz ólshep, bir jola kes ", "Maldı tapqanǵa baqtır, otındı shapqanǵa jaqtır"- dep únemlilikke tejemlilikke tárbiyaladı. "Tawıp alsańda sanap al", "Esabıń naq bolsa, júziń aq boladı", "Úydegi sawdanı qaladaǵı nırq buzar" sıyaqlı danalıq gápler menen sawda satıq ónerine úyretken.

"Tıyıp ishseń tay alarsań, qıyıp ishseń qoy alarsań", "Úsh kúnligin oylamaǵan qatınnan bez, bir jıllıǵın oylamaǵan erkekten bez" – dep keńes berdi"[35]

2. Shańaraqtıń kommunikativ xızmeti – shańaraq aǵzalarınıń óz-ara qarım-qatnasları, bir-birin túsingen halda mútájliklerin qanaatlandırıwdan ibarat boladı.

3. Shańaraqtıń rekreativ xızmeti – shańaraq dúzilgennen baslap ata-babalar dástúrin dawam ettiriw, shańaraq aǵzalarınıń ruwxıy jaqtan, psixologiyalıq jaqtan qollap quwatlanıwı. Balalardıń, qartayǵan ata-analardıń, miynetke jaramsız shańaraq aǵzasın hár tárepleme qorǵap, olardı támiynlewler kiredi.

4. Shańaraqtıń reproduktiv xızmeti – jámiyettiń, dúnyanıń úzliksiz tirishiligin támiynlew, dawam ettiriw. Tábiyattan berilgen áwlad qaldırıw insktinkti insanda perzent kóriwge, olardı kámalǵa keltirip tárbiyalawǵa, kamalatın kóriwdi niyet etedi. Bulardı kórip insan ózin baxıtlı sezedi.

5. Shańaraqtıń felisitologik xızmeti - shańaraq aǵzalarınıń, shańaraqtıń baxıtlı bolıwǵa umtılıwı. Xár bir shańaraq aǵzasınıń

[35] Қосназаров Қ. Пазылов А.Тилегенов А. Педагогика "Билим" Нөкис. 2009. 47 бет.



ózinde bar bolǵan dóretiwshilik imkaniyatların júzege shıǵarıwdan ibarat.

6. Shańaraqtıń regulyativ xızmeti - shańaraq aǵzaları ortasındaǵı óz-ara qarım-qatnaslardı, múnásibetlerdi basqarıw sisteması. Shańaraqta úlkenler tárepinen jas áwladtı baqlaw hám olardı hár tárepleme qollap-quwatlawdan ibarat.

7. Shańaraqtıń relaksaciya xızmeti – shańaraqta aǵzalarınıń jas óspirimlerdiń jınısıy, emocional tásirsheńligin, ruwxıy-fizikalıq kúshin, kerek miynetke qábiletligin jáne qaytadan tiklewden ibarat.

Zamanagóy jetik pedagogika ilimi házirgi kúndegi shańaraqta perzent tárbiyasın hár tárepleme rawajlandırıw, shólkemlestiriw sıyaqlı eń kerekli tárbiya quralların, usılların islep shıǵıp atır.

Milliy tárbiyalar tiykarında shańaraq tárbiyası, jámiyetlik tárbiyalardı qalay ámelge asırıwdıń jol-jobaları islendi. Qaraqalpaqstanda qaraqalpaq xalqınıń qáliplesken ózine tán bolǵan milliy tárbiyaları bar. Milliy tárbiyanıń áhmiyeti haqqında pedagog alımlar: "Milliy tárbiyanıń bas maqsetin iske asırıwda tárbiya- nıń arnawlı quramlı bólimleri qollanıladı. Tárbiyanıń hár bir quramlı bóliminiń – túriniń bas maqseti: salamat áwladtı hár tárepleme úylesikli rawajlandırıw hám qáliplestiriwde qatar wazıypalar boladı.

Tárbiyanıń wazıypaları delingende tárbiyanıń jobalastırılǵan aqırǵı nátiyjesine, maqsetine erisiw ushın orınlanatuǵın talaplar sisteması túsiniledi".




Shańaraqta da perzent tárbiyasın shólkemlestiriwde milliy tárbiyanıń, milliy úrp-ádetlerdiń, dástúrlerdiń ornı gúrewli. Máselen shańaraqta ul bala tuwılsa, onı milliy tárbiyalar tiykarında "súnnet" etiwdi shólkemlestirip, balanı súnnetke psixologiyalıq jaqtan tayarlap baradı.

"Sen úlken jigit boldıń, seni súnnet etsek úlken jigit bolǵanıńdı kórseteseń" degen xoshamet sózler menen tárbiyalap baradı.

Shańaraqta perzent tárbiyasınıń shólkemlestiriliwi belgili bir nızam tiykarında ámelge asırılıp, yamasa bir kitap bolıp jazılıp qaldırılǵan, qatıp qalǵan túsinik emes. Tárbiya hár bir shańaraqtıń ózine tán bolǵan ózgeshelikleri, shańaraqtaǵı ata-ananıń tárbiya quralları menen qurallanǵanı, bilimi, tájiriybesi, ózindegi tárbiya, ádep-ikramlılıǵı menen baylanıslı alıp barıladı, shólkemlestiriledi.



## Ózin-ózi qadaǵalaw sorawları.

1. Ádep-ikramlılıq tárbiya degende neni túsinesiz?
2. Estetikalıq tárbiya degende neni túsinesiz?
3. Dene tárbiyasınıń qanday áhmiyeti bar?
4. Shańaraqta ekonomikalıq sawatlılıq degende neni túsinesiz?
5. Dúnyada at qaldırǵan qanday geniy adamlardı bilesiz?
6. Shańaraqta kommunikativ xızmetine neler kiredi?
7. Shańaraqtıń reproduktiv xızmetine neler kiredi?
8. Shańaraqtıń rekreativ xızmetine neler kiredi?
9. Shańaraqtıń felisitologik xızmetine neler kiredi?
10. Shańaraqtıń regulyativ xızmetine neler kiredi?
11. Shańaraqtıń relaksaciya xızmetine neler kiredi?
14. Milliy tárbiyanıń qanday quramlı bólekleri bar?

## Tapsırmalar

**1-shınıǵıw.** Siz shańaraq dúzdińiz. Siziń shańaraǵıńız úlkeydi. Shańaraqta perzentlerińiz dúnyaǵa keldi. Siz shańaraǵıńızda perzentlerińizdiń tárbiyasın qalay baslaysız, shólkemlestiresiz. Qıyallap dóretiwshilik penen pikir jazıń.

**2-shınıǵıw.** Shańaraqta ata-ananıń basshılıǵında hár kúni, bárqulla sizdi basqarıp, shólkemlestirilgen úy qaǵıydalarına májbúrlep tárbiya berse, siz oǵan baǵinasizba, yaki kerisinshe shańaraqta erkinsiz "óziń beleseń balam" dep qollap quwatlaysızba? Pikirler beriń!

**-shınıǵıw.** Temanı bekkemlew maqsetinde tómendegi kesteni toltırıp, shańaraq xızmetleriniń hár birine anıqama beriń




**4-tapsırma**.Tómende berilgen suwretke baylanıslı shańaraqtıń qanday túrlerin ajıratıp qarastırıwǵa boladı? Suwretke qarap anıqlama beriń.







**5-tapsırma. Kesteni toltırıń.**

| № | Shańaraq túrleri | Anıqlaması |
|---|---|---|
| 1. | | |
| 2. | | |
| 3. | | |
| 4. | | |
| 5. | | |
| 6. | | |
| 8. | | |

**Test tapsırmaları.**

**1. Shańaraqtıń reproduktiv xızmeti qanday?**
- Jámiyettiń biologiyalıq úzliksizligin támiynlew, balalardı dúnyaǵa keltiriw*.
- Shańaraqta shańaraq aǵzalarınıń sanın kóbeytiw.
- Shańaraqta ata-babalar dástúri boyınsha kóbeytiw.
- Shańaraqta shańaraq aǵzalarınıń munásibeti.

**2. Prezidentimiz pármanı menen "Salamatlıq" jılı neshinshi jılı daǵazalandı?**
- 2005-jılı*
- 2001- jılı
- 2004- jılı
- 2008-jılı

**3. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen "Máhálle pedagog-tárbiyashısı haqqındaǵı Nızam" qashan qabıllandı?**
- 2002- jılı
- 2003- jılı*
- 2004- jılı
- 2005-jılı.

# 9-TEMA: SHAŃARAQ TÁRBIYASİNDA QOLLANİLATUǴİN METODLAR, FORMALAR XÁM QURALLAR.

**Joba.**

1. Shańaraqta balalardı tárbiyalaw formaları.
2. Shańaraqta balalardı tárbiyalaw metodları.
3. Shańaraqta balalardı tárbiyalaw quralları.

**Temanıń oqıw maqseti:** Shańaraqta ata-analardıń bala tárbiyasında qollanılatuǵın metodların, qurallarıń, formaların pedagogikalıq aspektte úyreniw.

**Bilim beriwshilik:** Shańaraqta ata-ananıń bala tárbiyasında alıp barılatuǵın hár qıylı metodların meńgeriwinde kerekli bolǵan bilim-ilim, tájiriybelerden xabardar etiw, baǵdarlaw.

**Tárbiya beriwshilik:** Shańaraqta bala tárbiyasınıń sapasın asırıw, zamanagóy ata-analardıń hár qıylı tárbiya qurallarınan, usıl hám metodlarınan paydalana biliwin támiynlew.

**Rawajlandırıwshılıq:** Shańaraqta ata-analar balaların tárbiyalawda hár tárepleme aqıl-oyın sana-seziminin xalıq awızeki dóreptepeleri tiykarında bayıtıp rawajlandırıp barıwı.

**Ádebiyatlar.**


1. Bawatdinova S. Sált-dasturge baylanıslı qosıqlar // ÓzRIAQB Xabarshısı. – Nukus, 2000. - № 2.

2. Mirzayev T., Musoqulov A., Sarimsoqov B. Ózbek xalq maqollari. – Toshkent: Sharq, 2003. – B. 224.

3. Koshǵariy, Maxmud. Devonu luǵatit turk (Turkiy sózlar luǵati). Uch tomlik /Tarjimon va nashrga tayyorlovchi S.M.Mutalliboev. – Toshkent: Fan, 1960. – T. I. – 500 b.; 1961. – T. II. – 428 b.; 1962. – T. III. – 463 b.

4. Al Buxoriy, Abu Abdulloh Muhammad ibn Ismoil. Hadis. 4-kitob. Al-Jomi' as-Sahih (Ishonarli tóplam). Arabchadan Abdulǵani Abdulloh tarjimasi. – Toshkent: Qomuslar bosh tahririyati, 1992. – 528 b.

5. Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.





6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.

7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.

8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.

9. Munavvarov A. Oila pedagogikasi. Toshkent. «Óqituvchi» 1994.


Xalıq pedagogikası – xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında qáliplesip, onıń bay mádeniy miyras ekenligin qaytadan janlandırıp mánisin keńeytip, mazmunın ashıp jas áwladlardı, ulıwma barlıq insanlardı tárbiyalawda joqarı dárejede xızmet etedi. Xalıq pedagogikası, etnopedagogika, social pedagogikanıń, shańaraq pedagogikasına genetikalıq jaqtan jaqın bolıwı, tárbiya mashqalaların sheshiwde qol keledi.

Ata-babalarımızdıń úlken turmıslıq tájiriybeleri tiykarında tárbiya jámlengen. Sol durdana ǵáziynelerden shańaraqta perzent tárbiyası ushın paydalanıwdıń ásirler boyı qáliplesken ózine say usılları (forma) metodları payda bolǵan.

Shańaraq tárbiyasında xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında balalardı ruwxıy jaqtan bay, ádep-ikramlılıq jaqtan jetilisken etip qáliplestiriwdiń, hár tárepleme turmıslıq bilimler menen baylanıslı tájiriybe toplamlarınıń bir qansha formaları xalıq ishinde nátiyjeli paydalanıp kelingen. Aytayıq ózin qorshaǵan ana tábiyattı, onıń baylıqların qorǵawdı, saqlawdı, sol tiykarda adamzattıń ózleri de saw salamat turmıs qálpin jaratatuǵının turmıslıq tájiriybelerinde bilgen hám qollanǵan. Shańaraqta esi engen balaǵa násiyat aytıp otırǵan. Suwdı jónsiz tóge berse "Suwdıń da sorawı bar" túnde biymezgil úyge qonaq kelse, túnde qudıqqa, háwizge yaki qálegen bir suw saqlaǵıshqa barıp suw alsa:

Suwdıń piri Sulayman,
Sennen mádat sorayman,
Úyge biymezgil qonaq keldi
Bir qabaq suw alıwǵa ruxsat sorayman

dep aytım aytıwı arqalı diniy tárbiya negizlerinde pirden ruxsat soraydı. Haqıyqatlığında biymezgil tún ishinde suwdıń átirapındağı basqa janzatlardan qorğanıw, óziniń psixologiyalıq halatın basıp meńgeriwdey tárbiyalarda jatır.

Xalqımızdıń ótken dáwirlerdegi shańaraqta kúndelikli turmısında qollanılğan tárbiya formalarınıń házirgi dáwirdegi kórinisin krannan suwdı biyparq, jónsiz kóp ağıza bermewdi, házirgi ilimniń jetisken maglıwmatları tiykarında ishimlik suwı muğdarınıń júdá kemligin h.t.b. tiykarında aytıp, ótmishtegi babalardıń qalay paydalanğanlıqların salıstırğan halda kóplegen usıllardı úyretiw kerek. Bular házirgi ekologiyalıq, ekonomikalıq tárbiya usıllarınıń biri bola aladı. Dana xalqımız shańaraqta balalar oyınlarına da úlken dıqqat penen qarağan. Balanı "oynasa oyı ósedi, uyıqlasa boyı ósedi" dep olardıń hár bir háreketlerine tárbiya procesin qosıp otırğan. Xalıqlıq bayramlarda Nawrız bayramı, gúzde Qırman qızıwda olardıń belsendi qatnasıwına imkaniyatlar jaratqan. Nawrız bayramında oynağan balalar oyınınıń oğada kóp túrleri búgingi kúnge shekem jetip kelgen.

"Shúllik" oyını – baladan dál nıshandı alıwı, gózlewi, shaqqanlığı. maqsetli túrde "oyında utqan, shında da utadı" wazıypasın qoyıp, balanı keleshek turmısqa jigerlendirgen. "Arqan tartıw" da topar, jámáát bolıp kúsh qosısıw, jeńisti qolğa kirgiziwdi, gúreste – er balalardıń kúsh toplawı, sport penen shuğıllanıwı mártbatırlığı sınalğan hám usığan talpındırğan. "Kóshpek" te aqıl-sana jarısı názerde tutılğan h.t.b. oyınlardıń hámmesinde tárbiya formaları saqlanğan. Bul tárbiya formalarınıń har biri ol yaki bul dárejede xalıq awızeki dóretpeleri úlgilerinde sáwlelengen yaki bolmasa úzliksiz baylanısıp keledi. Qaraqalpaq xalqında, shańaraqlarında ázel-ázelden basqa túrkiy xalıqları sıyaqlı toy hám basqa da máresimleri perzent penen baylanıslı: "Shashıw" (Besik toy), "Tusaw kesiw" (Balanıń dáslepki júrip atırğanında beriletuğın toy), "Aydar toy" (ul balalarğa aydar qoyıp onı 5-7 jaslarında jolı bolğan abıroylı jigitke kestirip beriletuğın toy), "Súnnet toy" (Balanı musılman etiw), "Múshel toy" (Qız bala 12-jasqa shıqqanda bergen), "Neke toy" (Eki jastıń shańaraq qurıwı) h.t.b. Tábiyğıy túrde bul máresimler shańaraqta balağa degen húrmet, keleshegim dep qaraw hám olardıń balağa tásiri jaqsı, unamlı qubılıs. Bala bul háreketlerdi,



ózi ushın islengen ata-anasınıń mehrin, quwanıshın, ómiriniń mazmunı etip aladı hám esinde saqlanadı.

Búgingi kúnimizde de bul dástúrler, tárbiya formaları saqlanıp kiyatır. Bala tárbiyasınıń kóp bólimi shańaraqta ótedi. Shańaraqtağı úrp-ádetler hám máresimler perzentler kámal tabıwınıń qudiretli quralı. Tárbiya formalarınıń bárshesi tuwrı hám orınlı shólkemlestirilse gózlengen maqsetke erisiledi. Ádette xalıq pedagogikası dereklerinde shańaraqta balalardı ruwxıy jaqtan bay etip, adep-ikramlılıq normaların qáliplestiriwge baylanıslı tárbiyalıq metodlar: (túsindiriw, úyretiw, ádetlendiriw, shınığıw etiw, úlgi kórsetiw, másláhát beriw, keshirim soraw, jaqsılıqlar haqqında sóylew, órnek kórsetiw, násiyat beriw, úndew, kóndiriw, ótinish etiw, tilek bildiriw, maqullaw, óz pikirin bildiriw, qorğaw, raxmet aytıp biliw, haq jol tilew); jazalaw (ayıplanıw, aqlanıw, uyaldırıw, qorqıtıw, ant ishtiriw, urıw, sabaw) h.t.b. qollanıladı. Belgili usıllar xalıqtıń shańaraq tárbiyasında keń qollanılğan hám usılay jasap keledi.

Házirgi zaman pedagogikası bala shaxsına húrmet penen qaraw hám onıń shaxs sıpatındağı tákirarlanbaslığın tán alğan halda islesiwdi talap qıladi. Alımlardıń pikirinshe bala xarakteri tiykarınan 5 jasqa tolğanğa deyin qáliplesedi. Keyingi jas basqıshlarında onıń insanıylığı áste-aqırın rawajlana baslaydı. Demek, balanıń qaysı tárizde qáliplesiwi onıń keleshektegi turmıs mazmunın belgileydi. Shańaraqta balanıń joqarı insanıy sezimlerin qaliplestiriwde ata-analar tiykarınan,eki metodtan paydalanıwları jaqsı nátiyje beriwi gúzetiledi.

**Birinshisi – isendiriw.** Balağa kishkene waqtınan-aq «bul jumıstı islewiń kerek, nege degende onı ámelge asırıw ol yaki bul sebeplerge kóre zárúr» dep, uqtırıladı. Balağa ózi orınlağan jumıstıń ne ushın paydalı hám zárúrligine fol'klor shığarmaları, birinshi náwbette, ertek, dástan hám ráwayat qaharmanları tımsalında isendiriw bir qansha qolaylılıq tuwdıradı. Máselen, balağa ne sebepten awqatlanıwdan aldın qoldı juwıw kerekligi, óz orının jıyıstırıw, oyınshıqların tártip penen qoyıw kerekligi, doslasıw hám dosqa sadıq bolıwdıń paydalılığı sıyaqlı ideyalar kishkene waqtınan baslap xalıq awızeki úlgileri tiykarında túsindirilse, keyinshelli pútin ómiri dawamında usığan ámel etedi.

Balalardı ózi hám shańaraǵı, jaqın qarındas-tuwısqanları, sonıń menen el mápi jolında xızmet qılatuǵın muqaddes islerge tayarlaw hár bir shańaraqtıń wazıypası. Bul haqqında xalıq ertekleri hám dástanları qaharmanlarınıń háreketleri, el-jurt qayǵısın joq etiw jolında jankúyerligi oǵan qanday baxt-saadat alıp keliwi haqqında shıǵarmada waqıyalarǵa tayanıp maǵlıwmat beriw hám oǵan isendiriw júdá zárúr.

Balalardı el názerinen shette qalmaslıqqa úyretiw, el ushın qılınǵan xızmetti minnet etpewge, kemtarlıqqa tárbiyalaw, kerisinshe «Qubılı batır»dı mısal etiw múmkin. Qubılı batırdıń menmenligi, basar-tusarın bilmey qalıwı, átiraptaǵılardıń oǵan bolǵan itibarın óz wazıypasına nemquraylı qarawı onıń xalıq názerinen qalıwına sebep bolǵanlıǵı mısalında balalardı menmenlik hám tákabbırlıqtıń zıyanlı illet ekenligine isendiriw kerek.

**Ekinshisi** – balardı shın insanıy páziyletlerdi iyelewge shaqırıwǵa úndew.

Hár eki jaǵdayda hám xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri ayrıqsha orındı iyeleydi.

Ásirese «Betashar»lar mazmunına sińdirilgen pándiw-násiyhatlar tek ǵana jańa túsken kelinshek, balkim awıldaǵı bárshe kelinshekler, qalaberse, kelinlikke tayarlanıp atırǵan qızlarǵa baǵıshlanǵanlıǵı menen ayrıqsha áhmiyetke iye. Shańaraqtıń abıroyı, qızlardıń sebebinen jaman sózler ermesligi ushın umtılıw ázel-ázelden ata-babalar tárbiyasında ayrıqsha esaplanadı.

«Qızım úyde, qılıǵı dúzde» degen xalıq maqalı qurı aytılmaǵan. Qız bala tárbiyasınıń sonday názik tárepleri bar, olardıń hár qanday háreketi, qılıqları qońsı-qoba, el-jurttıń dıqqat orayında turadı.

Sabırsızlıqtan sál jerde
Suwısıp júrme, kelinshek,
Bıltırǵı gáptiń ayaǵın
Quwısıp júrme, kelinshek.
Bir urısıp úyrengen
Óshiger deydi, kelinshek,
Bilimsizdi bilimli,
Keshirer deydi, kelinshek.
Qayin atanıń xızmetin
Qıyın deme, kelinshek,



Qayın eneniń jumısın
Buyım deme, kelinshek,
Sanalı etip saqlanǵan,
Anası desin, kelinshek,
Jumısınıń joq eken
Shalası desin, kelinshek
Aq sút bergen anaǵa,
Jel tiydirme, kelinshek,
Álpeshlegen ataǵa
Til tiydirme, kelinshek[36].

Usı qosıqlar kelinler tárbiyasına tuwrıdan-tuwrı baylanıslı bolsa hám, mazmunınan «kelinim, saǵan aytaman, qızım, sen tıńla» tárizinde qızlar, qalaberse, bárshe hayal-qızlarǵa baylanıslı ekenligin seziw qıyın emes. Pándiw-násihatlar atalar, aǵalar, analardı jası kishilerdi sergeklendiredi, olardı qızlar tárbiyasında qátege jol qoymawǵa úndeydi.

Naqıl-maqallarda pikir qısqa, ıqsham formada, biraq anıq, bir pikirdiń hukim-juwmaǵı tárizinde aytıladı. Naqıl-maqal xalıq aqıl-parasatınıń jemisi bolıp, tarixıy tájiriybeler toplamı esaplanadı hámde balalardıń ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiyasında, dúnyaǵa kóz-qarasın bayıtıwda logikalıq pikirlew, sociallıq-tarixıy hádiyseler mazmunın ańlawǵa baǵdarlawı menen insanıylıq ruwxıyatı ǵáziynesinde jetekshi orında turadı.

Naqıl-maqallar mazmunına kóre ullı sociallıq maqsetlerge xızmet qılıwshı – Watansúyiwshilik, el ushın janın pidá etetuǵın mártlik, ádep-ikramlılıq normalardı, uyat, ar-namıs, tuwrısózlik sıyaqlı insanıy minez-qulıqlar, isbilermenlik páziyletlerin qáliplestiriwde ata-analar úgiti, pándiw-násiyhatlarınıń tuwrılıǵı hám tásirsheńligin támiynleydi.

Naqıl-maqallarda tiykarınan mehir-shápáát, miynet hám insan qadir-qımbatı uluǵlanadı, ilimlilik, kásip-ónerler qádirlenedi.

Naqıl-maqallar ata-babalarımızdıń hikmetli sózi sıpatında áwlad tan-áwladqa ótip kelgen xalıq awızeki ádebiyatı bolıp tabıladı.

[36] Баўатдинова С. Салт-дәстүрге байланыслы қосықлар // ӨзРИАҚБ. Хабаршысы.– Нукус, 2000. - № 2.

«Atalar sózi – aqıldıń kózi» esaplanǵan maqallardıń óz-ara qarım-qatnas múnásibette kúndelikli turmısta isletiliwi insanlardıń zeyini ótkirligi hám parasatlıǵınan dárek beredi. Xalqımızda:

Naqıldı bir aytpasa aqılsız aytpaydı,
Aqıllı adam sózin naqılsız aytpaydı.

deliniwi biykar emes. Sol mánide ayırım maqallardıń variantların basqa xalıqlarda hám ushıratıw múmkin. Máselen:

Pitken aqıl bolmasa,
Súrtken aqıl – aqıl bolmaydı.
Ekpey egin shıqpas,
Úyrenbey bilim juqpas.
Besikten qábirge shekem ilim izle.
Bilim baylıqtan zıyat.

Keleshegimiz dawamshıları- ósip kiyatırǵan jas áwlad qálbinde ana Watanǵa súyispenshilik, jaqsılıq sezimlerin oyatıw, ata-babalarımızdıń miyrası – milliy qádriyatlar, úrp-ádetler tárbiyasına baylanıslı naqıl-maqallar xalıqtıń tariyxıy tájiriybesinde ayrıqsha tárbiya quralı sıpatında aytılıp kelingen.

Naqıl-maqallar qısqa hám anıq, obrazlı, grammatikalıq hám logikalıq tamamlanǵan oy-pikirdi beretuǵın mánili hikmetli sóz, tereń mazmunlı gáp bolıp, balalardı jasınan danalıq pikirlerdiń tásirinde tárbiyalanıwına baǵdar beredi. Qısqa hám anıq pikir bayan etiwge úyretedi.

Naqıl-maqallarda ata-babalarımızdıń turmıslıq tájiriybeleri, jámiyetke múnásibeti, tariyxı, ruwhıy jaǵdayı, estetik sezimleri ornalasqan.

Naqıl-maqallarda tematikalıq jaqtan bay hám hár túrli.Watan, miynet, ilim, óner, doslıq, tatıwlıq, danalıq, til hám sóylew mádeniyatı tiykarında hár qıylı naqıl-maqallar jaratılǵan bolıp, olar ushın mazmun hám formalardıń dialektikalıq birligi, kóp mánililik sıyaqlı ózgesheliklerge iye. Naqıl-maqallarda antiteza hádiysesi



kóbirek ushırasadı. Máselen, «Úlkenge húrmette, kishige izzette bol» h.t.b[37].

Turkiy xalıqlardıń naqıl-maqallarınan úlgiler dáslep Mahmud Qashqariydiń «Devonu luǵatit-turk» shıǵarmasında keltirilgen. Bul naqıl-maqallardıń bir qanshası házir de xalıq arasında túrli variantlarda qollanıladı. Máselen, «Mal alası sırtında, adam alası ishinde»[38].

Bala belgili xızmetti tártipli hám úzliksiz tákirarlasa,ol ádetke aylanadı. Ádetleniw kúndelik tártip-intizamǵa boysınıw, sonlıqtan, sálemlesiw ádebi, dosqa jaqsı múnásibette bolıw, ata-anaǵa húrmetin saqlay biliwi sıyaqlı xızmetiniń kóplep túrlerin qamtıp aladı. Baladaǵı jaqsı minez-qulıq, ádep-ikramlılıq qaǵıydaları tiykarınan xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında qáliplesedi.

Kórinip turǵanınday, ertek hám dástan qáhármanları tımsalında balalarda is hám sózdiń birligi, nápsiniń hadallıǵı hám salamat ortalıqtı saqlawı múmkin.

Balalardı xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında tárbiyalawda **xoshametlew** ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul orında xoshametlewdiń ayrıqsha tárepleri balalardı jaqsı qaharmanlarǵa uqsatıw. Sonlıqtan, «Meniń Alpamısım», «Ayparshın qızım, qarlıǵashım» sıyaqlı xoshemetlewler nátiyjesinde bala ruwxıyatında ózin ápsanadaǵı qaharmanlarday sezimi oyanıp hám iygilikli islerdi orınlawǵa umtılıwshılıq payda boladı. Ata-ana maqtawı, xoshemetlewleri, maqullawları balaǵa tuwrı is etip atırǵanlıǵı óz wazıypasın jaqsı orınlap atırǵanın bildiredi. Biraq bunda normaǵa itibar etiwleri kerek.

Shańaraqta balalar kitapxanlıǵın jolǵa qoyıwǵa ata-analar ayrıqsha itibar qaratıwları lazım. Shańaraqta kitap tekshelerinde bir bólimi balanıń ruwxıyatına jaqın folklor úlgileri iyelewi tárbiya tásirsheńliginiń ayrıqsha shártlerinen esaplanadı.

Nege degende bunday shıǵarmalardıń tili ańsat, anıq bolıp, olardıń úlgileri balalarǵa kishkene waqtınan baslap tanıs kórinedi.

[37] Мирзаев Т., Мусокулов А., Саримсоқов Б. Ўзбек халқ мақоллари. – Тошкент: Шарқ, 2003. – Б. 224.

[38] Кошғарий, Махмуд. Девону луғатит турк (Туркий сўзлар луғати). Уч томлик /Таржимон ва нашрга тайёрловчи С.М.Муталлибоев. – Тошкент: Фан, 1960. – Т. I. – 500 б.; 1961. – Т. II. – 428 б.; 1962. – Т. III. 463 б.

Ata-analar balalardı kishkene waqtınan baslap kitapqa háwes oyatsa ǵana bul baǵdarda gózlengen maqsetke erisiwleri múmkin.

Al mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa xalıq qaharmanları tımsalı sáwlelengen hár túrli reńli súwretler, ráwiyat kitaplardı beriw aqılın rawajlandırıwǵa járdem beredi.

Balalar kitapxanlıǵı sóylew menen tıǵız baylanıslı. Sóylew járdeminde insannıń óz pikirine, qarım-qatnas mádeniyatına iye boladı, basqalarǵa múnásibetin bildire aladı. Basqasha aytqanda, sóylewde insan dúnyaǵa kóz-qarası sáwlelenedi. Bala bir jasqa tolǵanında sózlerdi ózlestiriwi payda boladı. Sol dáwirlerde bala menen kóbirek qarım-qatnasta bolıwı lazım. Balalar ata-analarına «Ne ushın»? «Bul ne»?, «Bul kim»? sıyaqlı kóplep sawallar menen qarım-qatnas etedi. Bul túrdegi sawallarǵa sabır-taqat penen juwap beriw balanıń átirap álem, ertek qaharmanları haqqındaǵı túsiniklerin keńeytiriwinde, keyinshelik mektepte túrli bilimlerdi ózlestiriwinde ayrıqsha wazıypasın atqaradı.

Mektep jasındaǵı balalardıń ádebiy shıǵarmalar menen tanısıw procesinde jańa sózler esabına óz sóz baylıqların bayıtıp barıwda tek ǵana oqıtıwshılar emes, ata-analar ham juwapker bolıp esaplanadı.

Jámiyet turmısında hám shaxstıń oylawında júz berip atırǵan qıyın pedagogikalıq procesler óz waqtında ilimiy sheshimlerdi tabıwı lazım, kerisinshe jaǵdayda jaslardıń talim-tárbiyasına jaman tásir kórsetedi.

Pedagogika tariyxında shańaraq tárbiyasına baylanıslı júdá kóp xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri bar. Olardı bir-biri menen úzliksiz baylanısqan halda jaslardı tárbiyalawda jaman illetlerden asırawda tómendegilerdi ámelge asırıw kerek:

– xalıq awızeki dóretpeleri úlgilerinde sáwlelengen ájayıp kóz-qaraslardı balalarǵa sińdiriwdiń dástúrin jaratıw;

– ata-analardıń xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında bala tárbiyasına baylanıslı bilim hám tájiriybelerin bayıtıw;

– ata-analardı shańaraq pedagogikası, filosofiya, ádebiyat, tariyx, sociologiya, sociallıq psixologiya, ruwxıylıq, milliy Ǵárezsizlik ideyasına baylanıslı bilimler menen qurallandırıw;

– Shańaraqta folklor úlgileri tiykarında milliy tárbiyanıń jaqsı táreplerin ulıwmalastırıw;



– máhallelerde, «Kamalat» dásturlerinde shańaraq fol'klor úlgileri járdeminde bala tárbiyasına baylanıslı kórik tańlawlardı dizimli tárizde shólkemlestiriw.

Joqarıdaǵı pikirlerge súyengen halda izertlew modeli (1-súwret) islep shıǵıldı:

Sonıń menen, balalarǵa shańaraqtıń bekkemligi, ata-ananıń perzent hám perzenttiń ata-ana aldındaǵı parızı, sabır-qánáát, óz-ara múnásibetleri, miynet tárbiyası sıyaqlı xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında sińdiriwde shańaraq aldında tómendegi wazıypalar turadı:

– Shańaraqta salamat ortalıqtı jaratıw, milliy ruwh hám turmıs tárizin esapqa alıw, balalar ushın hár tárepleme órnek bolıw, olarda ata-anaǵa, Watanǵa mehir-muhabbat sezimlerin qáliplestiriw, óz-ara ǵamqorlıqtı kúsheytiw;

– balalarda ruwxıy ádep-ikramlılıq qábiletlerin payda etiw;

– balalardıń ruwxıy barkamal hám hár tárepleme salamat bolıwları ushın ekonomikalıq hám sociallıq ortalıq jaratıw;

– balalardı únemlewge, isbilermenlikke, ruwxıy ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw;

– balalarǵa sanitariya-gigiena qaǵıydalarına ámel qılıwdı úyretiw.

Shańaraqta xalıq awızeki dóretpeleri úlgilerinde tárbiyanıń tómendegi baǵdarların ámelge asırıw maqsetke muwapıq:

1. Aqıl tárbiyası. Ol ózlikti ańlaw, átirapımızdaǵı álem jumbaqların túsiniwge qızıǵıwshılıq oyatıw, jaqsı sezimlerin qáliplestiriw sıyaqlı máselelerdi óz ishine aladı.

2. Ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiyası. Balalarda uzaq ásirler dawamında tájiriybelerde sınawdan ótken hadallıq, rasgóylik, kemtarlıq, miynetsúygishlik, talapshańlıq penen baylanıslı túsinik, kónlikpe hám uqıplardı qáliplesitiriw ruwxıy ádep-ikramlılıq tárbiyanıń eń tiykarǵı máselelerin qamtıydı.

3. Estetikalıq tárbiya. Ol xalıq awızeki dóretpeleri úlgilerinen balalardıń estetikalıq sezimlerin, olardıń turmıs waqıyaları hám kórkem shıǵarmaları átirapında ádebiy pikirlew menen baylanıslı túsiniklerin qáliplestiriw sıyaqlılardı qamtıp aladı.




**1-súwret. Qaraqalpaq shańaraqlarında óspirimlerdi xalıq awızeki dóretpeleri úlgileri tiykarında ruwxıy ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalaw modeli.**



**Ózin-ózi tekseriw hám qadaǵalaw sorawları.**

1. Sizge shańaraqta ata-anańızdıń úgit-násiyatları unayma, oǵan ámel qılasızba?
2. Siz shańaraqta qanday wazıypalardı atqarıwdı ádetke aylandırǵansız?
3. Siz qátelesip, shańaraq aǵzalarınıń biriniń kewlin qaldırdıńızba, keshirim soradıńızba?
4. Siz shańaraqta ózińizden kishkenelerdiń pikirlerin tıńlaysızba?
5. Siz shańaraqta óz tileklerińizdi qalay ámelge asırasız?
6. Siz shańaraqta ayıp islep qoyıp jazalandıńızba?
7. Siz shańaraǵıńızda ata-anańızdıń qaysısınan qorqasız?
8. Sizdi shańaraǵıńızda miynet etiwge, ózińiz qálemegen bir isti islewge kóndiriw sıyaqlı zorlıq boldıma, pikir beriń.
9. Siz basqa da doslarıńızdıń shańaraqlarında jaqsılıqlar haqqında bilesizbe hám kerisinshe jaman ádetlerdi?
10. Siz ózińizdiń islegen islerińizden qanaatlanıp yaki ókinip kórdińizbe?

**Tapsırmalar**

**1-tapsırma:** Kesteni toltırıń

| Shańaraq tárbiyasınıń stilleri | | |
|---|---|---|
| Stil' túrleri | **Ayırmashılıqları** | **Uqsaslıqları** |
| ***Avtaritarlıq stil*** | | |
| ***Demokratiyalıq stil*** | | |
| ***Liberalıq stil*** | | |

**2-tapsırma:** Shańaraqtaǵı mashqalalardı kestege túsiriń

| Mashqalalı sharaqtıń túrleri | Mashqalanıń sıpatlaması | Mashqalanıń bolıw múmkinshilikleri |
|---|---|---|
| *Ata-ananıń máskúnemlikke beriliwi* | | |
| *Tolıq emes shańaraq* | | |
| *Az qamtılǵan shańaraq* | | |
| *Ata-anası psixikalıq kesellikke shatılǵan shańaraq* | | |
| *Mayıp balası bar shańaraq* | | |

**2-tapsırma:** Rolli oyın shınıǵıwı. Shańaraqtaǵı tárbiyalıq mashqalalardıń sheshiw jolların aytıp ótiń. Shańaraqta ushırasatuǵın mashqalalarǵa baylanıslı situaciyalıq jaǵdaylar qurastırıń.



### Test tapsırmaları

**1. Kórsetpeli oqıtıw metodları qaysı juwapta berilgen?**

☐ Demonstraciya, illyustraciya, baqlaw*.
☐ V) Áńgime, gúrriń, dedukciya
☐ S) Indukciya, dedukciya.
☐ D) Indukciya.

**2. Oqıwshılardıń kontur karta menen islesiwi qaysı oqıtıw metodına jatadı?**

☐ Shınıǵıw*
☐ Interaktiv
☐ Awızeki
☐ Kórsetpeli

**3. Birinshilerden bolıp oqıtıwda indukciya hám deduktiv metodların qollap, qosıw, alıw, kóbeytiw, bóliw qaǵıydaların jaratqan alım kim?**

☐ Xorezmiy*
☐ Ferganiy
☐ Beruniy
☐ Farabiy.



## 10-TEMA: SHAŃARAQTA BALALAR MENEN QARÍM-QATNASTÍ JOLǴA QOYÍWDÍŃ PEDAGOGIKALÍQ-PSIXOLOGIYALÍQ SHÁRT-SHARAYATLARÍ.

### Joba

1. Qarım-qatnas túsinigi, usılları, ózgeshelikleri.
2. Shańaraqta balalar menen qarım-qatnastıń áhmiyeti haqqında.
3. Shańaraqta ata-ananıń pedagogikalıq-psixologiyalıq tálimdi meńgeriw zárúrligi.

**Temanıń oqıw maqseti:** Shańaraqta dúnyaǵa kelgen náresteni tárbiyalaw mashqalası baslanıwdan ata-ana bolǵan hár bir adamnıń pedagogikalıq-psixologiyalıq bilimlerge iye bolıwın rawajlandırıw.

**Bilim beriwshilik:** Balanıń tábiyǵıy imkaniyatları, tárbiya principleri, tárbiya hám tártipke umtıldırıw, xarakterdi tárbiyalaw, qızıqtırıw hám taǵı basqada bala tárbiyasına tiyisli bolǵan rawajlandırıwshı basqıshlardı ashıp beriw.

**Tárbiya beriwshilik:** Shańaraqta balalar menen qarım-qatnastıń áhmiyetin, pedagogikalıq is-tájiriybelerdiń áhmiyeti, bala psixologiyasın biliwdiń áhmiyetine analiz etiw.

**Rawajlandırıwshılıq:** Talabalardı shańaraq pedagogikasında balalar menen qarım-qatnastı jolǵa qoyıwdıń pedagogikalıq-psixologiyalıq shart-sharayatlar menen tanıstırıw.

### Ádebiyatlar:

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.
2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006y
3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.
4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.
5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.
6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.

7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.

8. Tajimuratov Á. Qaraqalpaq xalıq pedagogikası. "Bilim" baspası, Nókis - 1996j.

9. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis "Bilim" baspası, 1992j.

10. Mámbetnazarov Q. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. "Bilim" baspası, Nókis – 1996j.

11. Ibaku Masaru. Úshten keyin kesh boladı/ Aud. M.Ótepbergenov. Nókis "Qaraqalpaqstan" 2015 j.

12. Yusupov I. Tańlamalı shıǵarmaları. II-tom. "Bilim". Nókis 2018. 227b.

Shańaraqta bala óz tileklerin qarım-qatnaslar arqalı ámelge asıradı. Kóbinese bala iqtıyarlı túrde tileklerin shegaralawdı bilmeydi. Jeke motivlilik endi shańaraqta tikkeley tilekler hám niyetler menen qarım-qatnasqa túse baslaydı. Usı tiykarlarda moral'lıq sezimler, minnetleme, juwapkershilik sezimi kem-kemnen qáliplese baslaydı. Óz háreketin hám minez-qulqın baqlaw uqıbı ádewir artadı. Shańaraq ortalıǵındaǵı qarım-qatnastıń áhmiyetin sezinedi. Ata-anasınıń bir-birin sıylawın, jaqsı kóriwin yamasa bir-birine ústemlik etiw is-háreketlerin bárin-bárin bala shańaraq qatnasıqları arqalı sezinedi, onnan tásir aladı, úyrenedi. Sonıń ushın shańaraqta balalar menen qarım-qatnastı jolǵa qoyıw, onıń pedagogikalıq-psixologiyalıq shárt-sharayatlarına ámel qılıw eń aktual mashqalalardıń biri. Sońǵı on jıllıqlarda balalardıń hám óspirimlerdiń fizikalıq hám psixikalıq rawajlanıwınıń progressiv jedellesiwi hámme jerde bayqalıp atır. Bul qubılıs akseleraciya (latınsha "jedellesiw" degen maǵananı bildiredi). Balalar menen óspirimler sońǵı waqıtta fizikalıq jaqtan da, psixikalıq jaqtan da tez ósip rawajlanbaqta. Bunıń sebebi ilim hám pánniń jetiskenlikleri, jámiyettiń, adamlar turmısınıń rawajlanıwı bolıp tabıladı. Akseleraciya biziń túsinigimizdi de ózgertedi. Shańaraqta balalar psixologiyasına tereń itibar beriw, dıqqatlı bolıw, doslıq qarım-qatnaslardı tereńletiw sıyaqlı wazıypalardı meńgeriw talap etiledi. Shańaraqta ata-ana óz balaları menen qarım-qatnas jasawda



balalardıń jas ózgesheligine, individuallıǵına qaray otırıp onıń máplerine, talaplarına hám múmkinshiliklerine muwapıq keletuǵın pedagogikalıq hám psixologiyalıq usıllardan paydalanıw búgingi kúnniń, qarım-qatnasların jolǵa qoyadı. Balanıń rawajlanıwına qaray onıń úlkenler menen qarım-qatnas jasaw formaları keńeyedi.

Shańaraqta bala 3-jastıń átirapında-aq qorshap turǵan dúnya menen ádewir tolıq aktiv tanısıw talabı qáliplesedi, úlkenler menen ádewir tereń hám tolıq qarım-qatnas jasaw talabı payda boladı.Úlkenler menen sóylesiw balanıń psixikalıq jaqtan rawajlanıwında úlken áhmiyetke iye. Shańaraqta bala esi engen sayın úlkenlerdiń, shańaraqtıń turmısına qatnasıw, ápiwayı tapsırmalardı orınlaw, qıyın emes minnetlerdi alıw arqalı qarım-qatnaslardıń ámelge asırılıwı alıp barıladı.

Shańaraqta bala óspirimlik dáwirine shekem kórgenlerine, bilgenlerine elikleydi. "Balalar úlkenlerdiń aynası", "Balalı úydiń urlıǵı jatpas" sıyaqlı naqıllar tegin aytılmaǵan. Sonıń ushın shańaraqta balalardıń qatnasına itibar beriw kerek, óz minez-qulqındı uslap biliw kerek. Shańaraqta balalar bir jumıstı atqarsa, oǵan xoshamet beriw kerek. Ekinshi ret jumıstı tabıslı isley aladı, ózine isenim payda boladı.

Shańaraqta ákeniń ornı basqasha, ol tártipti saqlawshı hám hár kúni balalardı qadaǵalap qoymastan olarda bekkem pana, qorǵan sıyaqlı isenimdi qáliplestiredi. Shańaraqta ananıń ornı – quyash kibi jıllılıqtı, mehirdi, quwanıshtı, baxıttı keltiriwshi qúdiretli kúsh sıpatında girewli. Shańaraqta ata-ana pútin usınday pazıyletler menen qarım-qatnasta bolsa, durıs jolǵa qoyılǵan qarım-qatnaslar bolıp tabıladı. Eger ata-ananıń minez-qulqındaǵı nuqsanlar, jetispewshiliktegi ruwxıy halatlar shańaraqta balaları menen qatnasta júzege kelse, bala qattı tásirlenedi. Óz balasına ókpelew, durıslı juwap bermew, balanıń óspirimlik, erjetkenlik dáwirlerinde júdá qáwipli boladı. Ata-ananıń qattı háreketleri, oysızlıǵı, minez-qulqınıń shepligi aqıbetleri unamsız jaǵdaylarǵa alıp keledi. Balanıń óspirimlik dáwiri ótkinshi dáwir. Sol ushın shańaraqta ata-analar balaları menen óz-ara qarım-qatnaslarda buǵan ámel qılıw kerek.

Shańaraqta baslanatuǵın ata-ana hám perzentlerdiń qarım-qatnası insanıylıq pazıyletlerdiń qáliplesiwinde, keleshekte jámiyetlik qatnaslardıń óz-ara húrmet hám túsiniwshilik sıyaqlı

pazıyletlerinde úlken áhmiyetke iye. Shańaraqta bala ata-anasınan óz-ara húrmetti, zárúrli, kerekli nárselerdi qalay sorawdı, talabı qanaatlandırǵanda tek quwanıp qoymay ata-anasına raxmet aytıwdı, qádir-qımbattı bilip baradı. Shańaraqta bir-birewge húrmet, óz-ara sıylasıq, úlkenlerge húrmet, kishilerge izzet kórsetilip barılsa balada óz-ózinen ádeplilik normaları qáliplesedi.

Shańaraqta shańaraq aǵzalarınıń biriniń basına mashqala túsip qalǵanda bir-birine tuwısqanlıq-bawırmanlıq sezim tuyǵıları menen ortaqlasıw, járdemlesiwge úyretiw joqarı adamgershilik sıpatlardı qáliplestiredi. Ata-ana tábiyǵıy túrde óz perzentlerin jaqsı kóredi. Mehir menen qáwenderlik qarım-qatnas jasaydı. Shańaraqta mehir kórip tárbiya alǵan balada jawızlıq, miyrimsizlik sıyaqlı turpayılıq qásiyetler bolmaydı delinedi pedagogikada. Bul pikir shınlıqqa biraz jaqın.

Asqar asqar tawlardıń,
Panası bolmas ataday.
Múshki menen ájberdiń,
Iyesı bolmas anaday.
(Múshki-átir iyisli shóp, ájber-ósimliktiń atı).

Dúnya aǵıp atırǵan bulaq,
Ata-ananıń sózi jaǵalay pitken quraq.

Ata menen bala,
Gúl menen lala.

Ata dańqı menen ul ósedi,
Ene dańqı menen qız ósedi.

Jaqsı perzent-súyinish,
Jaman perzent – kúyinish.

Aǵayinnen shıqqan jawdan saqla,
Úyden shıqqan dawdan saqla.

On balanı bir ata saqlaydı,
On bala bir atanı zorǵa saqlaydı.



Til alǵısh bolsa perzentiń,
Aqılı artıq kisidey.
Til almasa perzentiń,
Túsińde kórgen isińdey.

"Aǵa" degen balanı,
"Janım" dese bolmayma?
Altı ul tuwǵan ananı,
"Altın" dese bolmayma?

Ata ulı menen uzaq jasaydı.

Zalımnan ul tuwsa ataǵa tartar,
Kún sanap ǵázzaplıq hikmeti artar.

Ata-anańdı qádirle,
Ólgeninshe jaqsı sóyle.

Oylanıp-bilip babalar,
Sózdi dúrge teńgergen,
Oylanip aytqan hár sózin,
Oylama kem dep gáwhardan.

Tarıqpay dáwran súrmege,
Túrli-túrli sebep bar,
Bahası joq ǵáziyne,
Altınnan zıyat ádep bar.[39]

Shańaraqta balalar bir daraqtıń shaqaları kibi bir jerden tamırlasqan. Tuwısqanlıq qarım-qatnastı bekkemlewde ata-ananıń bergen tárbiyaları negizinde ámelge asırıladı. Tábiyat baylıqları hámme tirishilik ushın teńdey jaratılǵanınday, ata-ana mehri de shańaraqta barlıq balalarına birdey boladı. Biraq "balanıń ózin tuwsańda, minezin tuwmaysań" degen bizden burıngı jasap ótken

[39] Каракалпак фольклоры. "Билим" баспасы Нөкис 1976ж. 89; 120-124; 241-242 бетлер.

ata-babalarımız. Shańaraqta balalardıń minez-qulqı, qızıǵıwshılıǵı, ádep-ikramı birdey bolıp qáliplespeydi.

Ata-ana olardıń tuwma minez-qulıqların shańaraq ortalıǵında áste-aqırın óz-ara qatnasıqlar arqalı dúzetedi. Óytpegende balanıń unamsız tárepleri rawajlanıp ketiwi múmkin. Óz tuwısqanlarına miyirman bolmaǵan adam, basqalarǵa da miyirman bola almaydı. Tuwısqanlar tatıw bolsa, sol shańaraqta bereket bar. Shańaraqta úlken balalardı aǵasın, apasın sıylaw, onıń aytqan gápine qulaq salıw, násiyatın tıńlaw qarım-qatnastıń eń jaqsı úlgilerinen esaplanadı. Tuwısqanlıq qarım-qatnasıqlarda bir-biriniń mápin gózlew, esaplasıw, islerin qollap quwatlaw, qolıńnan kelse jaqınnan járdem beriw sıyaqlı adamgershilik páziyletler joqarı orında turadı. Ásirese shańaraq aǵzalarınıń bir-birewge bolǵan húrmetlik qatnaslar shańaraqtıń tiykarǵı tárbiya quralı. Shańaraqtaǵı awızbirshilik jámiyetlik islerge de ótedi. Xalqımız shańaraqtaǵı tatıw qarım-qatnaslardı:

"Aǵayın tatıw bolsa at kóp,
Abısın tatıw bolsa as kóp".
"Aǵası bardıń jaǵası bar,
Inisi bardıń tınısı bar".
"Atańa ne qılsań,
Aldıńa sol keledi".

"Qazılasqan soń qarındas bolmas".
Qarındası aqılsız bolsa,
Aǵasınıń basında áńgime ǵawlaydı.[40]

usınday naqıl-maqallar arqalı kórkemlep súwretlegen, biziń dáwirimizge shekem jetkergen. Jeke adamnıń sıpatlarınıń, onıń belgili dárejedegi kórinisleriniń haqıyqıy qáliplesiwiniń baslanǵısh dáwiri 6-7 jaslarda shańaraqtaǵı qarım-qatnaslar nátiyjesinde kórinedi. Bul jastaǵı minez-qulıqtıń jańa tipi qáliplese baslaydı. Ol úlken adamlardıń minez-qulqı, háreketleriniń tásiri nátiyjesinde boladı. Bala shańaraqta ózinen basqa shańaraq aǵzalarınan jeke

[40] Қарақалпақ фольклоры. "Билим" баспасы Нөкис 1976ж. 117-121бетлер.



motiv bolıp rawajlanıw menen birge jámiyetlik tiykarlarda da áhmiyetli bola baslaydı.

Sociallıq dúzimniń birinshi buwını - shańaraq dep ataladı. Insan shańaraqta qáliplesedi. Shańaraq nekege yaki tuwısqanlıqqa tiykarlanǵan kishi topar. Onıń aǵzaları tirishiliktiń birligi, óz-ara tatıw turmıs keshiriwge umtılıwı, járdemi h.t. basqada birliklerde bir-birine baylanǵan.

Shańaraqtıń eń tiykarǵı wazıypası – insannıń ómirin dawam ettiriwden ibarat. Sol tiykarda shańaraqta dúnyaǵa kelgen balalardı tárbiyalaw, kámalǵa keltiriwdey ullı islerde shańaraqqa júklengen. Ata-ana shańaraq aǵzalarınıń turmıs sharayatın hám bos waqıtların paydalı nárselerge sarplawdı shólkemlestiriwi kerek. Shańaraq aǵzalarınıń qarım-qatnasları erkin boladı. Al jámiyetlik múnásibetler bolsa sociallıq, ekonomikalıq, aǵartıwshılıq, ádep-ikramlılıq tiykarları menen baylanıslı belgilenedi hám olardıń tásirinde ózgerip baradı. Usınday faktler sebepli hár bir jámiyette ózine táń shańaraq tipi, shańaraq qatnasıqları ornatıladı. Aytayıq ótken ásirlerde musılman shańaraqlarında ul hám qız balalardıń tárbiyası bir-birinen júdá ajıratılıp qaralǵan, durıs hár jınıstıń ózine say ózgesheliklerge iye tárbiya quralları, túrleri bar. Dana xalqımız usını júdá jaqsı usıllar menen ámellerde, turmısında qollanılıp bilgen.

Shańaraqta qız balanı názik túrde álpeshlegen, úy ruwzıgershilik ónerlerin meńgeriwge baǵdarlap tárbiya berip barǵan. Qosımsha ózinde bar talantına da shek qoymaǵan. Qız balalardı hárdayım erkeletkeninde, xoshametlegeninde basınan sıypaǵan. Basınan sıypap xoshametlewdiń erkeletiwdiń túri, mánisi - qız balanıń júdá kishipeyil, ádepli, hár bir isti, turmıstıń mazmunın túsingenligi sál-pál basın iyiwi arqalı túsinikli bolǵan. Qız balanıń basın sıypap xoshametlewi arqalı tábiyǵıy is-háreketler basın sál tómenge iyedi. Usı tárbiya milliy tárbiyanıń bir túri sıpatında dástúrde jasap kelgen. Al ul balalardı erkeletiw, xoshametlewde onıń arqasın qaǵıp qoyǵan. Bul arqalı ul balalarda kókiregin alǵa kerip, eki iynin tik uslap, mártlikke, ózine isenimge, alp tulǵalı jigittiń tulǵasın qáliplestiriwdi názerde tutqan. Ul bala shańaraqta ata-anasın, shańaraq aǵzaların tanıp qatnas jasawdıń túrlerin meńgerip kiyatırǵanında onnan "nasbay" sorap jınıs organın ata-anası, yaki úlkenler túrtip qoyıp nasbay atqan boladı. Bulda shańaraqtaǵı maqsetli tárbiyalardıń biri

eken. Ul balanıń jınıs organın usı dástúrdegi tárbiya arqalı rawajlandırıladı. Bul házirgi medicinada da durıs dep esaplanadı. Joqarıdağı qız hám ul balalarğa qatnaslı xoshamet tárbiyasınıń da fiziologiyalıq jaqtan ósip rawajlanıwına da tásirleri bar bolıwı múmkin.

Shańaraq xalıqtıń, jámiyettiń turmısına, ómirine baylanıslı úrp-ádetlerdi turmıslıq tájiriybelerde sınawdan ótkerdi. Eń jaqsıları ne bir dáwir súrginlerinen ótip biziń dáwirimizge shekem jetip kelgen. Shańaraqta óz perzentlerin tárbiyalap, ulıwma insanıylıq qádriyatlardı sińdiriw menen birge baslanğısh jámiyetlik tárbiya jónelislerin beredi. Perzentlerin úlken ağısqa- jámiyetke qosıw menen birge mádeniyatqa, ekonomikasına, ağartıwshılıq jumıslarına da tásir etip otıradı. Shańaraqta shaxstıń qáliplesiwi jámiyet ushın da belgili dárejede tásir etetuğın bolğanlıqtan, shańaraq ázel bastan-aq muqaddes jay, bekkem qorğan esaplanğan. Ózbek, qaraqalpaq, qazaq h. t. basqada xalıqlar shańaraqlarında tuwısqanlıq qarım-qatnasları, balajanlığı, kishige izzet, úlkenlerge húrmetliligi menen ajıralıp turadı.

Respublikamızda Oliy Majlis tárepinen 1998 jıl 30 aprel'de Ózbekstan Respublikası Shańaraq Kodeksınıń qabıl etiliwi shańaraq talapların qanaatlandırıw jolında qoyılğan zárúrli bir qádem boldı. Kodeks shańaraqtı bekkemlew, shańaraqtağı qarım-qatnaslardı óz-ara húrmet, birlesiw, shańaraq ağzalarınıń óz huqıqlarınıń hesh qanday qarsılıqsız ámelge asırılıwı hám de bul huquqlardıń qorğalıwı kórsetilgen.

Insannıń dáslepki dúnya tanıwı, kóz-qarasları shańaraqtan baslanadı. Shańaraq jámiyettiń negizi sıpatında onda óz-ara húrmet hám qatal tártip bolmasa, shańaraqtıń barlıq ağzaları óz wazıypasın tolıq atqarmasa bir-birine bolğan mehir-muhabbatı bolmasa onda jaqsı jasaw múmkin emes.

### Ózin-ózi tekseriw hám qadağalaw sorawları, tapsırmalar:

1. Siz shańaraq haqqında qanday túsiniklerge iyesiz?
2. Siziń shańarağıńızda neshe adam jasaydı?
3. Siz ózińizdiń talaplarıńızdı ákeńizge aytasızba yaki anańızğa ma?



4. Siz kóbirek shanarağıńızda kim menen pikirlesesiz?
5. Siz shańarağıńızda kim menen dos bola alasız?
6. Siz shańaraq haqqında, ondağı ayırım waqıyalar haqqında kórkem shığarmalar oqıdıńızba?
7. Ózbekstan Respublikasında shańaraq kodeksi qashan qabıl etildi?
8. Siz shańaraqta atasız ósip atırğan balalarda qanday ózgeshelikler barın bile alasızba?
9. Siz shańaraqta anasız ósip atırğan balalarda qanday ózgeshelikler barın bile alasızba?
10. Shańaraq haqqında, ondağı qarım-qatnaslar haqqında aytılğan hikmetli sózlerden, naqıl-maqallardan mısallar keltiriń.

### Tapsırmalar:

**1-shınığıw.** Jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń "Maman biy" ápsanasındağı qaraqalpaq xalqın, shańarağın saqlap qalıw ushın Maman biydiń háreketlerin, ondağı syujetlerge tallaw jasań.

**2-shınığıw.** Jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń "Tánhá ózime málim sır" povestindegi ana hám qız ortasındağı namálim sırdıń aqıbeti, nelerge alıp keldi. Oqıń hám pikirleń!

**3-shınığıw.**

Ómir boyı usı joldan kelemen,
Atlı, jayaw, mashinalı, arbalı
Qosıq jollarınday yadtan bilemen,
Oy-shuqırın, kópirin, jap-salmanı.

Anam talay qatıq satqan qalağa,
"Arqala" dep kóp qıńırlıq qılğanman,
Usı jolda erip júrip anama,
Bir jelingen tağa tawıp alğanman.

Anam sonda aldastırıp, jetelep,
Aytqan "áne, nesiybeli balasań,
Sharshamastan júre berseń entelep,
Tağadan soń atta tawıp alasań"[41]

[41] Юсупов И. Таңламалы шығармалары. II-том. "Билим". Нөкис 2018. 227б.

Shayır I.Yusupovtıń "Shımbay jollarında" qosıǵınan keltirilgen, bul mısallarda ana hám balanıń qarım-qatnası sáwlelendirilgen.

Ananıń balanı jubatıw ushın aytqan sózleri balada isenim payda etkenbe, bala kishkene bolsada anasınıń usı aytqanların eslep qalǵan, ne ushın, qosıqtı tawıp oqıń hám pikirler beriń!?

### Tapsırmaları

**4 – tapsırma.** Shańaraqtaǵı tárbiya, úlkenlerdiń hár bir sózi, isi, máresimlik dástúrler, salt-dástúrlerge baylanıslı shólkemlestiriletuǵın ilájlar - balanıń jámiyettegi óz aldına jeke tulǵa bolıp qáliplesiwine qanshelli tásir etedi? Óz pikirińizdi jazıń.

.............................................................................................................
.............................................................................................................
.............................................................................................................
..............................................................................................

**5-tapsırma: Shańaraqta balanıń tárbiyasında áje-atanıń roli haqqında esse jazıń.**





## Test

**1. Insan shaxs sıpatında.......... qáliplesedi?**

- Shańaraqta*
- Er jetkende
- Jámiyetlik orınlarda
- Mektepte

**2. Shańaraq Kodeksi Ózbekstanda qashan qabıl etildi?**

- 1998 jıl 30-aprel*
- 1991 jıl 30-oktyabr
- 1993 jıl 11 dekabr
- 1995 jıl 10mart

**3. Shańaraq qalay qáliplesedi?**

- Erli-zayıptıń imarat qurıwı menen
- Eki jastıń qosılıp baxıt toyın beriwi menen
- Eki jastıń nekelesıwi menen*
- Ata-analardıń perzentli bolıwı menen

**4. "Shańaraqta tárbiya qanshelli jetilisken bolsa, xalıqlar sonshelli baxıtlı boladı" dep aytqan pedagog.**

- Ya.A.Komenskiy
- Abu Rayxan Beruniy*
- Sokrat
- Al- Farabiy

**5. "Aqılı kámil, ilimi zor, bilimli el bolmaydı qor" – kim aytqan?**

- Berdaq
- Ájiniyaz*
- Ayapbergen
- Abbaz

# 11-TEMA.OQİW ORNİ, OQİTİWSHİLAR HÁM KLASS BASSHİSİNİŃ ATA-ANALAR MENEN BIRGE ISLESIWI.

**Joba**

1. Oqıw ornı, oqıtıwshılar menen ata-analardıń óz-ara qarım-qatnası.
2. Klass basshısınıń ata-analar menen birge islesiwi.
3. Oqıw ornınıń tálim-tárbiya baǵdarındaǵı oqıwshılar jetiskenligine arnalǵan ilimiy-juwmaqlawshı ánjumanı.
4. "Ashıq esik"ler kúniniń áhmiyeti.

**Temanıń oqıw maqseti:** Pedagogika ilimi sońǵı jılları óziniń biraz rawajlanıw órisine iye bolıp, oqıw ornı, oqıtıwshılar, klass basshısı, ata-analar birgelikte tárbiya jumısların ámelge asırıwı úlken nátiyjelerdi beretuǵının tájiriybede kórsetip ótti. Usı baǵdardıń jaqsı nátiyjelerin ashıp beriw.

**Bilim beriwshilik:** Oqıw ornınıń, oqıtıwshılardıń shańaraqta ata-analardıń bala tárbiyasına jetekshilik etiwin, klass basshısı bul ámellerdi biriktirip basqarıp barıwların úyretiw.

**Tárbiya beriwshilik:** Shańaraq tárbiyası menen jámáátlik tárbiya qırların biriktiriw arqalı kútilgen nátiyjelerge erisiw.

**Rawajlandırıwshı:** Birge islesiw, tárbiya mazmunın tereńletiw, hár tárepleme bayıtıw arqalı keleshek jaslardı maqsetke muwapıq tárbiyalaw.

**Ádebiyatlar**

1. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. "Pedagogika" Nókis "Bilim" baspası, 2009j.

2. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent "Aloqachi" – 2006y

3. Munavvarov A.K. Oila pedagogikasi. Toshkent "Óqituvchi" 1994y.

4.Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. Toshkent "Fan va texnologiya"- 2007y.

5.Bazarbaev J., Pazılov A., Alımov A., Knazbaev O. "Qaraqalpaq etnopedagogikası". Nókis "Bilim" baspası, 2010j.



6. Álewov Ó. "Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı". Nókis "Bilim" baspası 1993j.

7. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika. "Ózbekiston milliy enciklopediyası" davlat ilimiy nashriyoti. Toshkent 2000.

Kóp jıllıq pedagogikanıń tájiriybesinen kelip shıǵıp tálim hám tárbiya isleri menen hámme yaǵnıy pútkil jámiyet aǵzaları, shańaraq aǵzaları shuǵıllanıwı kerek. Óytpegende quramalı tárbiya procesin alıp barıw jetkiliksiz boladı.

Elimiz Ǵárezsizlikke eriskennen soń túpkilikli ózgerisler júz bere basladı. Dúnya mámleketleri qatarında oqıwshılarǵa bilim beriw, milliy kadrlar tayarlaw bilimlendiriwdiń mazmunın ózgerttiriw zárúrligi kelip shıqtı. Mámleketlik bilimlendiriw standartı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ulıwma orta bilim beriwdiń mámleketlik tálim standartların tastıyıqlaw haqqında" qararı qabıl etildi. Bul hújjet oqıtıwdı shólkemlestiriw túrlerin, quralların, metodların, texnologiyaların, oqıw ornı, oqıtıwshılardıń aldıńǵı miyneti tájiriybelerin engiziwde eń tiykarǵı mámleketlik hújjet bolıp esaplanadı. Mazmunı boyınsha mámleketlik, jámiyetlik, aymaqlıq, mektep, oqıwshı, ata-anası arasındaǵı óz-ara qatnasıqlardı basqaradı, támiyınleydi.

Oqıw-tárbiya procesiniń qurılısı menen mazmunı, usıllarǵa tán muǵallimler menen oqıwshılardıń kóz-qarasları, olardıń óz-ara qarım-qatnası, sabaqtı shólkemlestiriw formaları menen ótiw texnologiyaların, kóplegen oqıw pánlerin oqıtıwdaǵı jańa kóz-qaraslar, sonıń menen bir qatar klass basshısı hám ata-analardıń birge islesiwi, klasstan tıs tárbiya jumısları bir qansha ózgerislerge ushıradı. Mektep, oqıtıwshılar hám klass basshısınıń ata-analar menen dástúrli túrde ata-analar jıynalısı, ashıq esikler kúni, ata-analar institutı sıyaqlı ushırasıw ótkeriwleri júdá unamlı qubılıs. Sonlıqtan da ata-analar balalardı tárbiyalawda mektep penen qarım-qatnas jasaydı, tikkeley baylanıs jasawdı baslı minnetimiz dep esaplawı tiyis. Ata-analardıń óz balaların tárbiyalawdaǵı jetiskenlikleri klass basshısınıń, oqıtıwshılardıń, mekteptiń tárbiya jumıslarınıń nátiyjesine baylanıslı. Óz-ózinen kórinip turǵanınday balanıń tálim-tárbiyası jolında, oqıw procesiniń mazmunın, sapasın

jaqsılaw ushın ata-analar menen mektep birgelikte jumıs alıp barıwı kerek.

Mekteptiń ata-analar menen alıp barılatuǵın jumıslarınıń ayrıqshalıǵı eki tǎreptiń baylanısı menen háreket birliginiń turaqlılıǵınan kórinedi. Bul turaqlılıqtı klass basshısı ámelge asıradı, jetekshi xızmet atqaradı. Mekteptiń balanı tárbiyalawǵa baylanıslı siyasatın shańaraqta ata-ana túsiniwi kerek. Bir-birin qollaǵan tǎreplerdiń tárbiya nátiyjeleri utımlı boladı. Tǎreplerdiń bir-birine isenimi, húrmeti, óz-ara kómeklesiwi, qollap-quwatlawı, qıyın jaǵdaylar júz bergende shıdamlılıq kórsetiliwi tiyis. Sebebi tálim-tárbiyanıń nátiyjesi tez arada kózge kórinetuǵın islep shıǵarıwshı zavod yaki fabrikanıń tovarı emes. Tálim-tárbiya jıllar ara, waqıtlar aralıǵında kórinetuǵın, bilinetuǵın nátiyje beretuǵın jumıs.

Mektep oqıwshıları menen jumıs islew kóp izleniwdi, miynet etiwdi talap etedi. Ásirese klass basshısına júklenetuǵın juwapkershilik jumıslar san-sanaqsız. Bul jumıslardı oqıwshılardıń ata-anaları menen tıǵız baylanısta bolǵan jaǵdayda ǵana talapqa say jumıslar júrgiziwge boladı. Ata-analar da ózleri tárepinen mektepke turaqlı túrde járdemlesiwi lazım.

Klass basshısı shańaraq hám onıń tárbiyasındaǵı ózgeshelikleri menen balanıń jaǵdayın ján-jaqlı biliwdi, hátteki izertlewdi talap etedi.

### Klass basshınıń ata-analar menen jumıs islewiniń tiykarǵı talapları:

– Balanıń keleshek ómirin shólkemlestiriwde, onıń tárbiyasına baylanıslı máselelerdi sheshiwde ortaq kóz-qaraslar, pikirlerdiń bolıwı;

– Balanıń shańaraǵı menen mektep jaǵdayındaǵı rawajlanıwın jánede tárbiya procesin alıp barıw, ustamlılıq penen jalıqpastan háreket etiw;

– Balanıń didaktikalıq, psixologiyalıq rawajlanıw jaǵdayın esapqa alıp tárbiyanıń maqseti menen wazıypaların durıs alıp barıw, júzege asırıw;

– Balanıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın tárbiyalıq baǵdardı nátiyjeli shólkemlestiriwde;

– Balanı hár qıylı ortalıqta, hár qıylı jaǵdayda hár tárepleme jaqsı biliw ushın;



– Balaǵa tásir etiwdiń ulıwma usılı menen texnikasın qollanıwda hár túrli tásir etiwde ata-ana, klass basshısı, pán oqıtıwshıları birgelikte háreket etiwi;

– Klass basshısı oqıwshılar menen ata-analardıń óz-ara túsiniwlerin, qarım-qatnasların támiynlewi;

Mektep jámááti menen shańaraq tárbiyasınıń unamlı faktorlarǵa tiykarlanǵan óz-ara qarım-qatnasları, xızmetleriniń mańızı klass basshısınıń záberdesligi, shólkemlestire alıwı – barlıǵı joqarıda kórsetilgen talaplardıń tolıq orınlanıwları menen tikkeley, tıǵız baylanıslı.

### Ata-analar menen júrgiziletuǵın klass basshısınıń tiykarǵı wazıypaları

1. Ata-analar menen turaqlı baylanıs ornatıw. Ata-ananıń pedagogikalıq bilim dárejesiniń qandaylıǵın anıqlaw, keńes berip, olar menen bala tárbiyası haqqında pikirlesiw.

2. Shańaraq penen mekteptiń balaǵa qoyatuǵın talaplarınıń birligin qamtıw. Tiykarǵı maqset biz jasap turǵan jámiyetke say minez-qulıq normaların balaǵa úyretedi, shınıqtırıwdan ibarat. Klassta sabaq beretuǵın pán muǵallimlerdi de ata-analar menen birgelikte jumıs islewge tartıw.

3. Ata-analar uyımın shólkemlestiriw. Bul baǵdarda ata-analar komitetin dúziw, onıń jumıs baǵdarlamasın jazıw, olardı mekteptegi jámiyetlik jumısqa qatnastırıw, islengen, alıp barıp atırǵan jumıslarına tallaw jasaw, esap beriw jumısların atqaradı.

4. Ata-analardıń pedagogikalıq bilim dárejesi menen mádeniyatın arttırıw. Ata-analardıń pedagogikalıq bilim alıwların shólkemlestiriw. Bul baǵdarda baspa sóz betlerinde, radio, televidenie arqalı, pedagogikalıq bilimdi qayta jetilistiriw institutlarında, seminarlarda, ilimiy-ámeliy konferenciyalarda bayanatlar oqıw, ata-analardıń pedagogikalıq bilimlerin asırıw h.t.b.

### Ata-analar menen birgelikte atqaratuǵın jumıslarda klass basshınıń xızmeti.

1. Ata-analardı klasstaǵı oqıw-tárbiya procesiniń mazmunı menen tanıstırıw. Klass basshısı ata-analar jıynalısınıń alıp barılıwında ózi jetekshilik etip, pedagogikalıq kóz-qarasın bayanlaydı. Maqset hám wazıypaların, háreket etiw baǵdarlamasın,

tárbiya jobaları menen tanıstıradı. Ata-analar menen birgelesip onı júzege asırıw jolların qarastıradı. Ata-analar jıynalısına usı klassqa sabaq beretuǵın pán muǵallimlerin, mektep administraciyasın da shaqırıw imkaniyatları qarastırıladı. Muǵallimler ózleri oqıtatuǵın pánlerdiń ózgeshelikleri, mazmunı hám mashqalaları menen, oqıwshılardıń úy-tapsırmaların orınlawlarına baylanıslı máseleler menen ata-analardı tanıstıradı.

2. Ata-analar menen pedagogikalıq ham psixologiyalıq bilimlerdi jetilistiriw jumısların shólkemlestiriw. Bul baǵdarda ata-analar menen mektep jaǵdayına tuwrı keletuǵın jumıs alıp barıw formaların tańlaw;

– Sabaqtan tıs hár túrli tárbiyalıq islerdi alıp barıwǵa qatnastırıw(sayaxat, kesheler, mádeniy orınlarǵa, sport jumıslarına h.t.b).

– Mektep kólemindegi hár túrli ushırasıwlar - belgili jazıwshı-shayırlar, ilimpazlar, aldıńǵı miynet adamları h.t.b. sońǵı qońıraw, jańa jıl bayramları, Nawrız bayramı h.t.b. ótkeriwde qatnastırıw.

– Mektepti, klasın remontlaw-ońlaw jumıslarına, kitapxana qorın bayıtıwǵa, kórgizbeler shólkemlestiriwge qatnastırıw.

### Ata-analar menen jekke ushırasıwdıń áhmiyeti

Klass basshılarınıń, muǵallimlerdiń ata-analar menen jekke ushırasıwı mekteplerde burınnan bar dástúr. Oqıwshılardıń shańaraǵına barıw, ata-analardı mektepke shaqırıw arqalı klass basshıları olar menen ushırasadı. Ata-analar menen sóylesiw arqalı balanıń minez-qulqı, intası menen qábileti, qızıǵıwshılıǵı menen beyimliligi, shańaraǵı menen muǵallimleri menen, joldasları menen qarım-qatnası haqqında maǵlıwmatqa iye boladı. Klass basshısı ata-analardı balalarınıń sabaqtan úlgeriwi, jámiyetlik jumısqa belsene qatnasıǵı, geybir minez-qulıqları tuwralı maǵlıwmatlar menen tanıstıradı.

### Ata-analar jıynalısın ótkeriw kólemindegi isler

Ata-analar jıynalısı mektepte jılına eki ret, klasslar kóleminde tórt ret ótkeriledi. Ata-analar jıynalısın shólkemlestiriwde ata-analar komiteti menen ata-analar belsendileri, mektep basshıları, klass basshıları birdey juwapker. Ata-analar jıynalıslarında oqıw-tárbiya jumısı qaraladı, oqıw-tárbiya jumıslarınıń sapasın asırıwda tiykarǵı



sharalardı belgileydi. Tiykarınan ata-analar jıynalısı mekteptiń sharayatın, tálim-tárbiya baǵdarın úyrenedi, kóredi, birge islesiwge qarar etedi.

### Ózin-ózi qadaǵalaw sorawları hám tapsırmalar

1.Siz muǵallimlerińizdiń qanday bolıwın qáleysiz?

2. Siziń shańaraǵıńızǵa oqıtatuǵın pán muǵallimi siziń oqıw barısındaǵı tálim-tárbiyańızdı aytıwǵa kelse qalay qaraysız?

3. Siziń ata-anańız, sizdi jámiyetlik jumıslarǵa barmay-aq qoy balam dep jibergisi kelmese jaǵama?

4. Ata-analar jıynalısında siz tuwralı qanday pikir aytqanın qáleysiz?

5. Siz mektep kólemindegi qanday jarıslarǵa qatnasasız?

6. Siz mekteptegi qanday shólkemlerge aǵza bolıp qatnasasız?

7. Siz sportqa qızıǵasızba?

8. Siz óz betińizshe qanday jumıslardı orınlaǵıńız keledi?

9. Sizge mektepte ótkerilgen qanday kesheler unaydı?

10. Sizge mektepte shólkemlestirilgen ataqlı adamlar menen ushırasıwlar qanday tásir qaldırdı?

### Tapsırmalar

**1-shınıǵıw-** Ushırasıwlar, keshelerden alǵan tásirlerińizdi bayan etiń, jazıp pikirler beriń.

**2- shınıǵıw "Shańaraq" túsinigin qalay túsinesiz.**



**2-tapsırma: Házirgi kúndegi ata-analardıń mektep penen, pedagoglar óz-ara qarım-qatnasınıń ótken ásirdegi jaǵdayı menen salıstırıń**

| Ata-ananıń pedagoglar menen óz-ara háreketi | | |
|---|---|---|
| **Házirgi kúnde (ózgeshelikleri)** | **Uqsas tárepleri** | **Aldıńǵı waqıtları (ózgesheligi)** |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

**3-tapsırma: Mekteptiń ata-ana menen alıp baratuǵın jumıs túrlerin sızbaǵa túsiriń**






## Test tapsırmaları

**1. Oqıwshınıń is-háreketlerin maqullaw qanday tárbiya metodına kiredi?**
- ☐ Xoshametlew*
- ☐ Úlgi órnek
- ☐ Isendiriw
- ☐ Jazalaw.

**2. Bala menen gúrrińlesiw qanday tárbiya metodına kiredi?**
- ☐ Isendiriw*
- ☐ Shınıqtırıw
- ☐ Úlgi órnek
- ☐ Sáwbetlesiw.

**3. Isendiriw metodınıń usılları qanday?**
- ☐ Gúrrıń, klass saatı, diywalı gazeta, disput, lekciya*
- ☐ Xoshametlew
- ☐ Úlgi-órnek kórsetiw.
- ☐ Jazalaw.

**4. Klass basshısınıń ata-analar menen alıp baratuǵın jumısları?**
- ☐ Hámme juwap durıs*.
- ☐ Ata-analar menen turaqlı baylanısta bolıwı
- ☐ Ata-analardıń pedagogikalıq bilim dárejesi menen mádeniyatın arttırıw.
- ☐ Ata-analar komitetin dúziw hám birgelikte alıp barıw.

**Shanaraq pedagogikasi páni boyinsha keys-stadi.**

## PEDAGOGİKALIQ ANNOTATSIYA

**Oqıw predmeti:** ***Shańaraq pedagogikası***

**Tema:** Shańaraqta balalar menen qarim-qatnasti jolǵa qoyiwdiń pedagogikaliq-psixologiyaliq shart-sharayati.

**Keys-stadidiń tiykarǵı maqseti:** Qarım-qatnas túsinigi, usılları, áhmiyeti, pedagogikalıq-psixologiyalıq tálimdi meńgeriwdiń áhmiyeti menen tanısıw.

**Oqıw iskerliginen kútiletuǵın nátiyjeler:**

- Studentler ata-analar menen balalardıń qarım-qatnas stilleri menen onıń bala psixikasına tásiri, ata-analardıń balaları menen arasındaǵı qarım-qatnastı dúzetiw tuwralı bilimlerin bekkemleydı.
- Studentler tema boyınsha óz betinshe pikirlerin qáliplestiredi, problemalardı óz betinshe sheshiwge hám dálillewge kónligedi.
- Studentler jeke hám toparlar quramında jumıs islew arqalı bir-biriniń pikirlerin tıńlaydı, dóretiwshilik penen jantasadı, óz-ara baylanıs ornatadı, máselelerdi birgelikte sheshiwge, bir sheshimge keliwge úyrenedi

**Usı keys-stadidi jaqsı ámelge asırıw ushın aldınnan talabalar tómendegi bilim hám kónlikpelerge iye bolıwları zárúr:**

*Talaba biliwi kerek:* Talabalar shańaraq pedagogikası boyınsha teoriyalıq bilimlerge iye bolıwı kerek.

*Talaba ámelge asırıwı kerek:* temanı ǵárezsiz úyrenedi, mashqalanıń áhmiyetin anıqlastıradı, ideyalardı alǵa súredi, kritikalıq kóz-qarastan kórip shıǵıp, ǵárezsiz qarar qabıl etiwdi úyrenedi; óz kóz-qarasına iye bolıp, logikalıq juwmaq shıǵaradı; oqıw maǵlıwmatlar menen ǵárezsiz isleydi, maǵlıwmatlardı salıstıradı, analizleydi hám ulıwmalastıradı;

*Talaba iye bolıwı kerek:*kommunikativ kónlikpelerge; kórsetip beriw kónlikpelerine, birge islesiw kónlikpelerine, mashqalalı jaǵdaylardi analiz qılıw kónlikpelerine.



## İnformatsiya alıw derekleri dizimi:

1. «Alpamıs» dástanı. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq 1-8 tomlar. Nókis. «Qaraqalpaqstan» baspası 2007j.(Qıyas Jıraw variantı. 564.)
2. Abu Ali Ibn Sino. (Avicenno) «Kanon vrachebnoy nauki» 1-kitap. Tashkent. 1993.
3. «Alpamıs» dástanı (Ógiz Jıraw variantı). Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq 7 tom «Qaraqalpaqstan» baspası 1981j.
4. Áleuov Ó. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. Nókis «Bilim» 1993j.
5. Áleuov Ó. Qaraqalpaq xalqınıń etnopedagogikası «Bilim» Nókis 1995j.
6. Bazarbaev J. Ruwxıyat tiykarları. «Sholpan» baspası. Tashkent 2018j.
7. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis. «Bilim» 1992j.
8. Bawatdinova S. Qaraqalpaq balalar folklorınıń lirikalıq túrleri. «Tafakkur bwstoni» Toshkent 2019.
9. Bawatdinova S. Salt-dástúrge baylanıslı qosıqlar // ÓzRIAQB. Xabarshısı.– Nukus, 2000. - № 2.
10. Mambetov K. Shıǵıs ádebiyatı tariyxı. Nókis «Bilim» 1993.
11. Mambetnazarov K. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. (xrestomatiya) «Bilim» Nókis 1996.
12. Munavvarov A. Oila pedagogikasi. Toshkent. «Óqituvchi» 1994.
13. Islom Al Buxariy. Hadis. Al-adab al-mufrat(odob-axloqqa oid hadislar) Toshkent «Islom universiteti» nashriyoti 2008.
14. Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. «Fan va texnologiya» nashriyoti 2007.
15. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika «Ózbekiston milliy enciklopediyasi» davlat ilmiy nashriyoti. Toshkent. 2000.
16. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent. «Óqituvchi» 1994.
17. Shoumarov Ǵ. Oila psixologiyasi. «Mehnat» nashriyoti. Toshkent. 2000.

18. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika «Bilim» baspası Nókis. 2009.

19. Pazılov A.K. Pedagogika teoriyası hám tariyxı páninen testler toplamı. Nókis. «Bilim» 2011.

20. Qosnazarov Q., Pazılov A., Seytmuratov Q., Qurbaniyazova Z. Oqıtıw teoriyası (didaktika) Nókis 2018.

21. Qosnazarov Q., Pazılov A., Seytmuratov Q., Qurbaniyazova Z. Pedagogikaǵa kirisiw. Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası. Nókis 2018.

22. Pazılov A. Tálim hám tárbiya mashqalaları. Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası. Nókis. 2014.

23. Saparbaev T. (Awdarmashı) Krutetckiy. Psixologiya. Nókis «Bilim» 1991.

24. Ótepbergenov M. (Awdarmashı) Ibuka Masaru .Úshten keyin kesh boladı. Nókis «Qaraqalpaqstan». 2015.

25. M.Pazilova Hadislar-óquvchi manaviyatini shakllantirish vositasi sifatida. T-2006.

26. Ó Alewov., A.Pazilov., Q. Seytmuratov., T. Utebaev Pedagogika tariyxi. Nókis. 2020. 279b.



**Texnologiyalıq ózgesheliklerden kelip shıqqan halda keys-stadidiń xarakteristikası:**

Keys-stadidiń tiykarǵı obyekti shaxsqa baǵdarlanǵan. Bul shólkemlestiriwshi keys-stadi bolıp, maǵlıwmatlar, jaǵdaylar hám sorawlar tiykarında du`zilgen. Kólemi ortasha, sistemalastırılǵan bolıp, treningke baǵdarlanǵan oqıw tema boyınsha bilim hám kónlikpeler payda etiwge qaratılǵan. Didaktik maqsetleri boyınsha keys-stadi mashqalalardı kórsetiwge, olardı sheshiwge, analiz qılıw hám bahalawǵa qaratilgan.

**II. Ámeliy jagdaydı basqıshpa-basqısh analizlew hám sheshiw boyınsha oqıwshılarǵa metodikalıq kórsetpeler**

**Keysti sheshiw boyınsha individual is kórsetpesi (jol-jobası)**

Hár bir keys teoriyalıq hám praktikalıq bloklardan turadı. Teoriyalıq blok temanıń keńeytilgen jobası berilgen, bul oqıwshıǵa kóp informatsiyalardıń ishinde baǵdar alıwǵa, informatsiyanı tańlawda aktsentti durıs qoyıwǵa – eń baslısı detallarda «batıp qalmawǵa» mu`mkinshilik beredi. Oqıwshı keysti úyrengennen keyin berilgen túsiniklerde erkin baǵdar alıw kerek, olardıń anıqlamaların biliwi kerek. Berilgen ádebiyatlar dizimi hár bir keystiń teoriyalıq blogin juwmaqlaydı. Onda kórsetilgen ádebiyatlar menen tanısıwdı usınıs etemiz.

Analizlew ushın belgili shańaraqtaǵı bala tárbiyası, mektep penen shańaraq ortasındaǵı qarım-qatnaslar boyınsha problemalıq jaǵdaylardan qısqasha fragmentler berilgen. Berilgen fragmentlerdi analizlew kerek. Bunıń ushın eń dáslep situaciyanı dıqqat penen oqıń. Situaciyada tiykarǵı mashqalalardı anıqlawǵa háreket qılıń, ózińizdiń pikirlerińizdi belgili alımlar úgit násiyatları, citataları, real ómirdegi waqıyalar menen tastıyıqlań. Tolıq logikalıq izbe-izlikte juwap beriw ushın siziń juwabıńızdıń kishkene jobasın dúzip shıǵıw usınıs etiledi. Juwabıńız argumentlestirilgen bolıwı kerek!

**III. Oqıtıwshı tárepinen keys-stadidi sheshiw hám analiz qılıw varıantı**

Biz jaziwshinin tariyxiy roman dóretiwdegi sheberligin - dáwirdi, shaxsti korkem súwretlewdegi tutqan pozitsiyasında da

kóredi ekenbiz. Bunda jaziwshiniń estetikaliq talǵami tiykarında obyektke bolǵan kóz-qarası - antipatiya hám simpatiyası áhmiyetli ról oynaydi. Keyste usi kóz-qarastan kelip shiqqan halda qaraqalpaqlardiń shańaraq dúziw salt-sanasin, ózgesheliklerin úyreniwge háreket etedi.

## V.Keys-stadi oqıtıw texnologiyası

Oqıw sabaǵının texnologiyası modeli

| | |
|---|---|
| *Waqıt 2 saat* | *Oqıwshı sanı* 30 |
| *Oqıw sabaǵınıń forması* | Bilimlerdi keńeytiriw, tereńlestiriw, kónlikpe hám qánigelerdi shólkemlestiriwge qaratılǵan ámeliy sabaq. |
| *Oqıw sabaǵınıń rejesi* | 1. Keys-stadi mazmunına kirisiw.<br>2. Bilimlerdi aktivlestiriw.<br>3. Keys-stadi mazmunı menen tanısıw hám islewdi shólkemlestiriw.<br>4. Keys-stadidi toparlarda sheshiw<br>5. Nátiyjeler prezentatsiyasın hám talıqlawın ótkiziw.<br>6. Mashqalanı keste tiykarında analiz etiw.<br>8. Optimal variantti sheship alıw. Juwmaqlawshı sheshim shıǵarıw. Oqıwshılar xızmetin hám sabaq maqsetine jetiw dárejesin bahalaw. |
| *Sabaqtıń maqseti:* Shańaraqtaǵı bala tárbiyası haqqında bilimlerdi qaliplestiriw. | |
| *Pedagogikalıq wazıypalar* | *Nátiyje* |
| • Tema boyınsha teoriyalıq bilim hám kónlikpelerdi bekkemleydi<br>• Keys penen tanıstıradı<br>• Mashqalanı tabıwǵa, sebeplerin anıqlawǵa, sheshimin tabıwǵa baǵdar beredi. | • Teoriyalıq bilim hám kónlikpelerdi bekkemleydi;<br>• Keys penen tanısadı<br>• Mashqalanıń sheshimin tabadı |
| *Oqıtıw usılı* | Keys- stadi,aqılıy hújim, ámeliy usıl |
| *Oqıtıw forması* | İndividual, frontal, kishi toparlarda islew |
| *Oqıtıw qurali* | Keys stadi tapsırması, metodikalıq kórsetpe. |
| *Oqıtıw sharayatı* | Kishi toparlarda islew ushın arnalǵan oqıw xanası |
| *Qayta baylanıs usıl hám quralları* | blits-soraw, prezentatsiya, qadaǵalaw |



**Oqıw sabaǵının texnologik kartası.**

| *Basqıshlar, waqtı* | *Jumıs mazmunı.* | |
|---|---|---|
| | *Oqıtıwshı* | *Oqıwshı* |
| *1-basqısh. Kirisiw (10 min.)* | 1.1.Oqıtıwshılar sabaqqa tayarlıǵın hám qatnastı tekseredı<br>1.2. Keys - stadi sabaǵınıń teması, maqseti, rejelestirilgen natiyje ham onı ótkeriw rejesin aytadı.<br>1.3.Bahalaw kriteriyaları menen tanıstıradı | Tıńlaydı, jazıp aladı |
| *2-basqısh. Tiykarǵı (60 min.)* | 2.1. Oqıwshılarǵa Keys-stadi materialların tarqatadı.<br>2.3. Keys-stadi materiallar talqılawın shólkemlestiredi, keys penen islew qaǵıydalarına itibar qaratadı, onı sheshiw algoritmine itibar qaratadı. Keysti individual erkin sheshiwdi usınıs etedi.<br>2.4. Tálim alıwshılardı 4 toparǵa bóledi.<br>2.5. Soń birgelikte tańlanǵan keysti sheshiw variantınıń | Sorawlarǵa juwap beredi<br>Keysti erkin tárizde sheshimin tabadı.<br>Toparlarda |

| | | |
|---|---|---|
| | prezentaciyasın tayarlawdı usınıs etedi.<br>2.6. Prezentatsiya baslanıwın dağazalaydı hám topar sárdarlarına keysti sheshiw boyınsha islegen is natiyjesiniń prezentatsiyasın ótkeriwge usınadı.<br>2.7. Usınılğan sheshimlerdi toparlar óz-ara bahalawın shólkemlestiredi.<br>2.8. Hár bir topardıń islegen is natiyjeleri ulıwmalastırılıp, juwmaqlawshı pikirler aytadı. | isleydi, keysti sheshiw variantların birgelikte orınlaydı, sheshiwdıń optimal variantların tańlaydı.<br>Topar islegen isiniń prezentaciyasın tayarlaydı.<br>Toparlar keys sheshiminiń prezentatsiyasın ótkeredi. |
| *3-basqısh. Juwmaqlawshı (5 min.)* | 3.1.Usınılğan keys sheshimlerin táriypleydi.<br>3.2. Jáne bir márte keystiń maqseti hám onıń kásiplik bilimlerin asırıwğa tásirin bildiredi.<br>3.3. Oqıwshılardı bahaları menen tanıstıradı | Tıńlaydı, anıqlastıradı. |

**Auditoriyada orınlanğan jumıs ushın bahalaw kriteriyaları hám kórsetkishleri**

| Toparlar dizimi | Topar aktivligine maks. 1 b | Mağlıwmatlar kórgizbeli bayan etiliwi maks.2 b | Juwaplardın tolıq hám anıqlığı maks.2 b | Jámi maks.5 b |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

8-10 ball – "ayrıqsha", 6- 8 ball – "jaqsı"; 4- 6 ball – "qanaatlandırarlı"; 0 – 4 ball – "qanaatlandırarsız"



**Keyske berilgen material**

**1-situaciya**

Shańaraqta bala tárbiyasında avtoritarlıq tárbiyanı qollanadı. Balalar 4 hám 5 klasslarda oqıydı. Balalarınıń pikiri menen ulıwma esaplaspaydı. Ata-anası tek óz degenlerin isleydi. Bunday jağdayda ne aytar edińiz?

**2-situaciya**

Shańaraqta ákesi máskúnemlikke berilgen. Anası jumıssız. Eki perzenti bar. Balalarınıń oqıwğa úlegriwleri jaqsı. Ayrım waqıtları ákesi ishimlik iship, shańaraqtıń mazasın aladı. Sonday waqıtları balalarınıń sabaqların tayarlaywğa múmkinshilik bolmaydı. Sol sebepli pán múğállimlerinen tómen baha alıp júripti. Bunday jağdayda pedagog bolıp shańaraqqa qanday kómek yamasa aqıl-násiyat aytar edińiz?

**3-situaciya:**

Bul shańaraq perzenti Aydostı kishkene waqtınan baslap onıń aytqanın eki qılmastan, erkeletip ósirdi. Házirgi kúnde ol jetinshi klasta oqıp atır. Sabaq úlgerimi tómen. Ata-anasınıń múğallimleriniń aytqanın ulıwma qulağına aspaydı. Ata-anası bolsa onıń degenin elege shekem orınlap keledi. Bunday jağdayğa qanday pikir aytar edińiz?

**4-situaciya:**

Oqıwshınıń oqıwdağı jetiskliklerine kewili tolmaydı, oqıw materialın túsinip, iyelep alatuğınlığına kózi jetpeydi, ol muğallimge «Siz qalay oylaysız, men klasslaslarımnan qalmay jaqsı úlgerip, oqıp kete alamanba?» deydi. Siziń juwabıńız?

**5-situaciya**

Sabaqqa kiriwge qońıraw qağıldı. 8-klass oqıwshıları kabinetiniń aldında oqıtıwshını kútip tur. Kabinet jabıq. Oqıtıwshı kelip, gilt penen esikti ashayın dese, gilttiń ornı qağaz benen bekitilgen. Oqıtıwshı oqıwshılarğa gúmánlı kóz qaras penen qarap shığıp «Bul kimnin isi, usılayınsha sabaqqa kesent etpekshi

boldıńlarma?»-dep óziniń narazılıǵın bildirdi. Oqıwshılar albırap qaldı, pikirlerin aytayın dep edi, oqıtıwshı tıńlamay oqıwshılarına baqıra berdi. Sonıń arasında direktor orınbasarı kelip bul kabinettiń kraskalanǵanlıǵın, basqa adam kirmewi ushın gilt ornına qaǵaz benen bekitip qoyǵanlıǵın aytadı, hám basqa kabinet ashıp beredi. Siziń háreketińiz?

### 6-situaciya

Oqıwshı siziń sabaǵıńızdan mudamı qashıp ketedi. Klass basshısınıń, mektep adminstraciyasınıń eskertiwinen hesh nátiyje shıqpaydı. Mektep hákimshiligi oqıwshını sabańızǵa qızıqtıra almadıńız, dep ózińizdi ayıpladı. Basqa oqıwshılar bolsa siziń sabaǵıńızdı unatadı. Bul oqıwshı menen qanday jumıs alıp barasız hám qanday shara qollanasız?

### 7-situaciya

4-klass oqıwshısı Aybektiń sabaq úlgeriwi oǵada tómen. Mekteptegi tártibi de kewildegidey emes, mudamı balalar menen tóbelesip júredi. Sabaq barısında muǵallimge degen ashıwın da anıq bildiredi. Bir kúni klasslası Alibekti iyterip, jerge qulatıp túsiredi. Alibektiń anasınan shaǵım kelip túskennen soń mektep adminstraciyası jıynalıs ótkeredi. Bunnan Aybektiń anasınıńda, klass basshısınıń xabarı bolmaǵan. Kelip shıqqan problemaǵa qarap otırıp, ata-ana menen klass jetekshisiniń arasındaǵı iskerlikke qanday baha beresiz? Klass jetekshisiniń ornında siz bolǵanıńızda bul situaciyadan qanday shıqqan bolar edińiz?

**Keystegi mashqalalardi úyrenip mashqalanin kelip shıǵıw sebepleri hám sheshimlerin kestelerge túsiriń**

| № | Kelip shıǵıw sebepleri | Sheshimi |
|---|---|---|
| 1-situaciya | | |
| 2-situaciya | | |
| 3-situaciya | | |
| 4-situaciya | | |
| 5-situaciya | | |
| 6-situaciya | | |
| 7-situaciya | | |



## JUWMAQ

Shańaraq pedagogikası – ulıwma pedagogikanıń bir tarawı bolıp, xalıq pedagogikası, etnopedagogika, social pedagogikalar menen jaqınlıqqa iye hám óz gezeginde ayırmashılıqqada iye. Shańaraq pedagogikasınıń tiykarǵı ózgesheliklerin, mazmunın, qurılısın, obyektin, xızmetin, kelip shıǵıw negizlerin, jas áwladlar ushın áhmiyetin hám taǵı basqa da kóplegen sıpatların ashıp beriw, sistemalastırıw, izertlew hám oqıtıw juwapkershilikli wazıypa.

Baǵdarlamadaǵı joba tiykarında shańaraq pedagogikasınıń ulıwma ayırmashılıqları qısqasha kórsetilip ótilgenlikten, berilgen tapsırmalardı orınlawda pedagogika boyınsha ilimiy izertlewlerden, basqa da tuwısqan xalıqlar pedagogikasındaǵı ilimiy miynetlerden, ádebiyatlardan, internet materiallarınan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Oqıw qollanbada imkaniyatı barınsha kerekli maǵlıwmatlar berildi, lekciya sabaqları barısında zárúr hám qosımsha materiallar menen tanıstırıw arqalı teoriyalıq táreplerin jáne de tolıǵıraq, keńirek ashıp beriw múmkin.

Shańaraq pedagogikası oǵada bay mazmundaǵı xalıq ásirler dawamında turmıs mısallarında qaynatıp pisirgen, jas óspirimlerdi ata-babalar dástúrin dawam ettirip, qádriyatlar tiykarında ádep-ikramlı, mádeniyatlı xalıq birligine júgingen muqaddes hám ullı shańaraq dúziwge baǵdarlaytuǵın ilim, bilim, tárbiya tiykarlarınıń biri. Sonlıqtan shańaraq pedagogikasın úyreniw hám úyretiw, ilmiy kóz-qarastan izertlewdiń áhmiyeti úlken.

Innovaciyalıq bilimlendiriw texnologiyaları oqıtıwshı hám oqıwshınıń bir-biri menen óz-ara baylanıslı hám izbe-iz sistemalılıǵın talap etedi. Bul bilimlendiriw mazmunın támiynleydi. Joqarǵı qánigelik bilimlendiriwdiń tiykarǵı maqseti innovaciyalıq iskerlikke uqıplı dóretiwshi shaxstı qáliplestiriw bolıp tabıladı. Kirisiw bóliminde shańaraq pedagogikasın oqıtıwdın áhmiyeti, usı arqalı jas áwladtı tárbiyalaw, shańaraq pedagogikasın hár tárepleme rawajlandırıw, ilimiy jaqtan izertlew máselelerin úyreniwdiń obyektin kórsetip óttik.

Oqıw qollanbanı jazıw barısında kólemin esapqa alǵan halda ayırım máselelerdi qısqasha kórsetip beriwge háreket ettik.

Shańaraq pedagogikası pánin oqıtıwda aldaǵı waqıtta jetilistirip barıw ushın tómendegi usınıslardı bildirip ótiwdi maqul dep taptıq:

– birinshiden, hár bir temanı ótiw barısında temaǵa baylanıslı kúndelikli turmısta júz berip atırǵan jańalıqlar, ilimiy izertlewler, ǵalaba xabar qurallarındaǵı jańalıqlardı qosımsha kúsheytip barıw;

– ekinshiden, hár bir temaǵa tiyisli baspadan shıqqan ádebiyatlardı, jurnal materialların talabalarǵa bildirip barıw;

– úshinshiden, innovaciyalıq usıllardan keń túrde paydalanıwǵa háreket etiw;

- tórtinshiden, pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıwdı elede jetilistirip barıw;

– besinshiden, shet el tájiriybelerinen paydalanıw menen birge, olardı xalqımızdıń turmıs tájiriybesi menen salıstırıp úyreniwge itibar qaratıw.

Usılar tiykarında jumıs alıp barsaq elimizdiń Ǵárezsizligin bekkemlep barıwda hám xalqımızdıń dúrdana qádriyatlarınan zamanımızǵa say paydalanıwda hám olardı rawajlandırıwǵa úles qosamız. Sonıń menen birgelikte jas áwladlarǵa tálim hám tárbiya beriw barısında tálim hám tárbiyanıń nátiyjeliligine erisemiz.

Oqıw qollanbada keltirilgen oqıw didaktikalıq materiallardı (teoriyalıq maǵlıwmatlar, lekciya tekstleri, keysler, shınıǵıwlar, interaktiv metodlar, grafikalıq organayzerler) pán oqıtıwshılarımız ózleriniń xızmetinde paydalansa boladı.



## Glossariy.

1. **«Altın tuw»**-erkinlik , Ǵárezsizlik nıshanı sıpatında.
2. **Akseleraciya-** latın tilinen alınǵan, «jedelesiw» tezlik penen ósiw mánisinde keledi.
3. **Álimsaq**-áyyemgi, ertedegi mánisinde.
4. **Instinkt-** tuwma, tábiyǵıy háreket.
5. **Shıraq-** óz Watanın, eli-xalqın qorǵaǵan shopan jigittiń atı, Shıraq obrazı sadıq, márt, patriot insan obrazı bolıp qáliplesip qalǵan.
6. **Danko-** óz júregin julıp alıp qarańǵılıqtan adamlardı qutqarǵan batır, márt, patriot insannıń tımsalǵa aylanǵan obrazı.
7. **Aydos biy-** qaraqalpaq xalqınıń milliy qaharmanlarınıń biri, Aǵa biy bolǵan.
8. **Begis, Mırjıq-** Aydos biydıń inileri, batır, márt jigitler bolǵan.
9. **Qumar analıq** - Mırjıq biydiń hayalı, Ernazar Alakózdiń anası, milliy qaharman ana.
10. **Ernazar biy**-milliy qaharmanlarımızdıń biri.
11. **Shańaraq** - eki jınıstıń nekelesiwi, tuwǵan-tuwısqanlardıń tuwısqanlıqqa tiykarlanǵan birge jasawı.
12. **Sadaq** - eski dáwirlerdegi áskeriy qural atı.
13. **Shejire** – tariyx, nama degen sózler menen sinonim, biraq qollanıwında parq bar.
14. **Sep** – qızǵa qosıp beriletuǵın dúnya-mal. Qızdıń xojalıǵına sep-kómek retinde beriledi.
15. **Shúllik-** balalar oyınınıń bir túri. Balalar qolına bir metr uzınlıqtaǵı jińishke tayaqtı shuqırǵa keselep qoyılǵan kishkene tayaqshanı kóterip jiberip jáne epshillik penen alısqa qaǵıw arqalı oynap jarısadı.
16. **Kóshpek-** qaraqalpaqsha shaxmat oyını desede boladı. Jerge sızılıp, shóp yaki tas qoyıp aqıl menen júritip oynaytuǵın oyın.
17. **Arqan tartısıw-** bulda oyınnıń bir túri. Balalar yaki úlkenlerde eki tárepke bólinip bir arqandı eki jaqqa tartısadı. Kúshli tárep, ekinshi tárepte ózi betine qaray tartıp ketse utadı.
18. **Kommunikativ xızmet-** shańaraq aǵzalarınıń óz-ara qatnası hám óz-ara túsiniwine bolǵan zárúrlikti qanaatlandırıw.

19.**Reproduktiv xızmet** – jámiyettiń biologiyalıq úzliksizligin támiynlew, balalardı dúnyaǵa keltiriw.

20.**Rekreativ xızmet** - óz-ara fizikalıq, materiallıq manawiy hám psixologiyalıq járdem kórsetiw.

21.**Regulyativ xızmet** - shańaraq aǵzaları ortasındaǵı óz-ara múnásibetlerdi basqarıw sistemasın, sonday-aq dáslepki sociallıq qadaǵalawdı, shańaraqtaǵı ústemlik hám abıroydı tártipke salıp turıw.

22. **Femitologiyalıq xızmet-** shańaraq aǵzalarınıń baxıtlı bolıwǵa umtılıwı.

23. **Relaksaciyalıq xızmet-** shańaraq aǵzalarınıń jınısıy, emociyalıq xızmetlerin, ruwxıy, fizikalıq quwatlılıǵın, miynet qábiletin qayta tiklew.

24. **Dúr-torqa** - dúnya mal, hasıl nárseler degen mánisti bildiredi.

25. **Máskan** - mákan, ortalıq mánisindegi sóz.



## Paydalanılǵan ádebiyatlar


1. «Alpamıs» dástanı. Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq 1-8 tomlar. Nókis. «Qaraqalpaqstan» baspası 2007j. (Qıyas Jıraw variantı. 564.)
2. Abu Ali Ibn Sino (Avicenno) «Kanon vrachebnoy nauki» 1-kitap. Tashkent. 1993.
3. «Alpamıs» dástanı (Ógiz Jıraw variantı). Qaraqalpaq folklorı. Kóp tomlıq 7 tom «Qaraqalpaqstan» baspası 1981j.
4. Álewov Ó. Qaraqalpaqstanda tálim-tárbiyalıq oylardıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı. Nókis «Bilim» 1993j.
5. Álewov Ó. Qaraqalpaq xalqınıń etnopedagogikası «Bilim» Nókis 1995j.
6. Bazarbaev J. Ruwxıyat tiykarları. «Sholpan» baspası. Tashkent 2018j.
7. Bazarbaev J., Dáwletova Q. Ádeptanıw. Nókis. «Bilim» 1992j.
8. Bawatdinova S. Qaraqalpaq balalar folklorınıń lirikalıq túrleri. «Tafakkur bostoni» Toshkent 2019.
9. Bawatdinova S. Salt-dástúrge baylanıslı qosıqlar // ÓzRIAQB. Xabarshısı.– Nukus, 2000. - № 2.
10. Mambetov K. Shıǵıs ádebiyatı tariyxı. Nókis «Bilim» 1993.
11. Mambetnazarov K. Qaraqalpaq awızeki xalıq dóretpeleri. (xrestomatiya) «Bilim» Nókis 1996.
12. Munavvarov A. Oila pedagogikasi. Toshkent. «Óqituvchi» 1994.
13. Islom Al Buxariy. Hadis. Al-adab al-mufrat (odob-axloqqa oid hadislar) Toshkent «Islom universiteti» nashriyoti Toshkent 2008.
14. Ibragimov X.I., Abdullaeva Sh.A. Pedagogika. «Fan va texnologiya» nashriyoti 2007.
15. Ziyomuxammedov B., Abdullaeva Sh. Pedagogika «Ózbekiston milliy enciklopediyasi» davlat ilmiy nashriyoti. Toshkent. 2000.
16. Zunnunov A. Pedagogika nazariyasi. Toshkent. «Óqituvchi» 1994.
17. Shoumarov Ǵ. Oila psixologiyasi. «Mehnat» nashriyoti. Toshkent. 2000.

18. Qosnazarov Q., Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika «Bilim» baspası Nókis. 2009.

19. Pazılov A.K. Pedagogika teoriyası hám tariyxı páninen testler toplamı. Nókis. «Bilim» 2011.

20. Qosnazarov Q., Pazılov A., Seytmuratov Q., Qurbaniyazova Z. Oqıtıw teoriyası (didaktika) Nókis 2018.

21. Qosnazarov Q., Pazılov A., Seytmuratov Q., Qurbaniyazova Z. Pedagogikaǵa kirisiw. Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası. Nókis 2018.

22. Pazılov A. Tálim hám tárbiya mashqalaları. Ájiniyaz atındaǵı NMPI baspaxanası. Nókis. 2014.

23. Saparbaev T. (Awdarmashı) Krutetckiy. Psixologiya. Nókis «Bilim» 1991.

24. Ótepbergenov M. (Awdarmashı) Ibuka Masaru. Úshten keyin kesh boladı. Nókis «Qaraqalpaqstan». 2015.

25. M.Pazilova Hadislar - óquvchi mánaviyatini shakllantirish vositasi sifatida. T-2006.

26. Ó Alewov., A.Pazilov., Q. Seytmuratov., T. Utebaev. Pedagogika tariyxi. Nókis. 2020. 279b.



## MAZMUNÍ

Kirisiw ........ 3-4

**1-MODUL. SHAŃARAQ PEDAGOGIKASI PÁNINIŃ TEORIYALIQ TIYKARLARÍ**

*1. Shańaraq pedagogikası pán sıpatında* ........ *5-16*

*2. Shet ellerde shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıwı* ........ *17-25*

*3. Ózbekstanda shańaraq pedagogikasınıń rawajlanıw tariyxı* ........ *26-38*

*4. Ózbekstanda shańaraq pedagogikası pániniń rawajlanıwınıń social-ekonomika-lıq huqıqıy - normativ tiykarları* ........ *39-43*

*5. Shańaraq hám onıń wazıypaları* ........ *44-52*

*6. Qaraqalpaq xalqınıń shańaraq dúziwdegi salt-sanası, shańaraq túrleri* ........ *53-61*

*7. Zamanagóy shańaraq rawajlanıwınıń ózine say ózgeshelikleri* ........ *62-69*

**2-MODUL. ShAŃARAQTA PERZENT TÁRBIYASÍNÍŃ SHÓLKEMLES-TIRILIWI**

*8. Shańaraqta perzent tárbiyasınıń shólkemlestiriliwi* ........ *70-79*

*9. Shańaraq tárbiyasında qollanılatuǵın metodlar, formalar hám qurallar* ........ *80-92*

*10. Shańaraqta balalar menen qarım-qatnastı jolǵa qoyıwdıń pedagogikalıq-psixologiyalıq shárt-sharayatları* ........ *93-103*

*11. Oqıw ornı, oqıtıwshılar hám klass basshısınıń ata-analar menen birge islesiwi* ........ 104-111

12. Keys-stadi ........ 112-120

Juwmaq ........ 121-122

Glossariy ........ 123-124

Ádebiyatlar dizimi ........ 125-126

90 дона 70.400 сум

A.DOSXODJAEVA

# SHAŃARAQ PEDAGOGIKASİ


| | |
|---|---|
| **Redaktorı:** | A.Abdujalilov |
| **Ko'rkem redaktori:** | S. Abduvaliyev |
| **Tex. Redaktori:** | U. Vohidov |
| **Operatori:** | D. O'rinova |

**TASDIQNOMA № 0719, 12.02.2021 y.**
Original-maketten bosıwǵa ruqsat etildi 05.12.2021-j.
Formatı 60x84 $^1/_{16}$. Kegli 11,5. «Times New Roman»
garniturası. Ofset usılında basıldi. Kólemi 8,0 b.t.
7,44 shártli b.t. Nusqası 100 dana. Buyırtpa 10.

«Yosh avlod matbaa» baspası. 100190. Tashkent qalasi,
Beshqo'rg'on 2, 9/87. E-mail: yosh.avlod@bk.ru

«Yetakchi nashriyoti» MCHJ baspa-poligrafiyasinda chop etildi.
Tashkent qalasi, Tashkent qalasi, Beshqo'rg'on 2, 9/87.
Telefon: (+99890) 394-10-65, (+99833) 002-33-93